मंगल

03 नवंबर, 2026

पटना

देशक गप गामक भाषा मे

समदिया मिथिला

समदिया मिथिला

कार्तिक, कृष्ण पक्ष, नवमी, संवत् : 2083

देशक पहिल मैथिली दैनिक



RNI No : BIHMAI/2010/33053 वर्ष: 17, अंक : 54 Website: mithilasamadiya.com editorsamadiya.mithila@gmail.com मूल्य : 4:00

मुजफ्फरपुर मे पीएनजी गैस पाइपलाइन फटला सं भीषण विस्फोट, एक व्यक्तिक मृत्यु, कतेको घायल

- सुरक्षा मे लापरवाहीक गंभीर आरोप

मुजफ्फरपुर, समदिया

मुजफ्फरपुर मे सोमदिन एकटा भीषण दुर्घटना भेल। सदर थाना क्षेत्रक गोबरसही-डुमरी इलाका मे नाला निर्माणक दौरान जेसीबी मशीन सं खुदाइ करबाक क्रम मे पीएनजी गैस पाइपलाइन क्षतिग्रस्त भए गेल। पाइपलाइन सं गैस रिसाव होइत रहल आ किछु देर बाद जोरदार विस्फोट भेल। एहि दुर्घटना मे एकटा बटोहीक मृत्यु भए गेल, जखन कि 10 सं बेसी लोक घायल भेलाह। विस्फोटक तीव्रता एहन छल जे लगपासक करीब 10 घर मे आगि लागि गेल।

धमाका एतेक जोरदार छल जे इलाका मे चीख-पुकार मचि गेल। लोक अपन जान बचाबय लेल एतय-ओतय भागय लगलाह। आगिक चपेट मे आबि एकटा थार गाड़ी, डाक विभागक डाक पार्सल वैन आ करीब आधा दर्जन मोटरसाइकिल जरि गेल। नाला निर्माण मे लागल जेसीबी मशीन सेहो जरि कए राख भए गेल। लगपासक कतेको घर आ देबार क्षतिग्रस्त भए गेल।

जानकारीक अनुसार, जेसीबी सं खुदाइ करबाक क्रम मे भूमिगत पीएनजी पाइपलाइन टूटि गेल छल। एकर बाद गैस रिसाव शुरू भए गेल। स्थानीय लोकक कहब अछि जे करीब डेढ़-दू घंटा धरि गैस निकलैत रहल, मुदा समय रहैत कोनो प्रभावकारी डेग नहि उठाओल गेल। एहि दौरान गैस मे आगि पकड़बाक बाद भीषण विस्फोट भए गेल।

पीड़ित परिवारक घर आ दोकान क्षतिग्रस्त

विस्फोट मे घर क्षतिग्रस्त भेल प्रमोद कुमार कहलनि जे ओ रातिये जेसीबी कर्मी सभ कें एहि ठाम खुदाइ नहि करबाक लेल कहलनि। मुदा राति मे लोक चलि गेलाह आ भोरे फेर खुदाइ शुरू कए देलनि। करीब दू घंटा धरि गैस रिसाव होइत रहल। ओ कहलनि जे दू वर्ष पहिने बैंक सं कर्ज लए मकान बनौने छलाह आ ओतहि दोकान सेहो खोलने छलाह। विस्फोट मे घर आ दोकान दुनू क्षतिग्रस्त भए गेल। प्रमोद कुमारक अनुसार, गैस निकलैत देखि परिवारक लोक घर छोड़ि बाहर आबि गेलाह। हुनकर कहब छलनि जे जं सभ घरक भीतर रहितथि तं पैघ जनहानि भए सकैत छल।

नाला निर्माणक दौरान जेसीबी सं भूमिगत पाइपलाइन क्षतिग्रस्त, लगपासक 10 घर मे लागल आगि



जेसीबी सं खुदाइ करबाक क्रम मे भूमिगत पीएनजी पाइपलाइन टूटि गेल छल। एकर बाद गैस रिसाव शुरू भए गेल। स्थानीय लोकक कहब अछि जे करीब डेढ़-दू घंटा धरि गैस निकलैत रहल, मुदा समय रहैत कोनो प्रभावकारी डेग नहि उठाओल गेल। एहि दौरान गैस मे आगि पकड़बाक बाद भीषण विस्फोट भए गेल।

जेसीबी चालक कें पाइपलाइन संबंधी नहि देल गेल छल कोनो जानकारी

स्थानीय चंदन कुमार एहि दुर्घटनाक लेल निर्माण कार्य मे लापरवाही कें जिम्मेदार ठहरौलनि। हुनकर कहब छलनि जे जेसीबी चालक कें पाइपलाइनक संबंध मे उचित जानकारी देबाक लेल कोनो जिम्मेदार व्यक्ति उपस्थित नहि छल। विस्फोटक बाद आगि लागल आ चारि लोकक घर पूर्ण रूपें बर्बाद भए गेल। एकटा आर स्थानीय विवेक कुमार कहलनि जे गैस रिसावक सूचना रहितो समय पर कोनो कारबाइ नहि भेल। हुनकर अनुसार, एहि दुर्घटना मे 10-15 लोक घायल भेलाह। किछु लोक नाला मे फंसल रहबाक आशंका सेहो जताओल गेल।

प्रशासन आ अग्निशमन दल राहति कार्य मे जुटल

घटनाक सूचना भेटिते पुलिस आ अग्निशमन दलक टीम घटनास्थल पर पहुंचल। तीनटा दमकल गाड़ी आगि मिझेबाक काज मे लागल। घायल कें अस्पताल पठाओल गेल। एसडीएम उत्सव आनंद कहलनि जे गैस रिसावक कारणें दुर्घटना भेल अछि। घायलक उपचार चलि रहल अछि आ घटनाक जांच कयल जा रहल अछि। जिला अग्निशमन अधिकारी प्रज्ञा शरणक अनुसार, सूचना 12 बजकर 24 मिनट पर भेटल छल आ तीन मिनटक भीतर अग्निशमन दलक गाड़ी घटनास्थल पर पहुंचि गेल छल। गैस पाइपलाइनक आपूर्ति पहिनहि बंद करा देल गेल छल। हुनकर कहब छलनि जे आगि पर पूर्ण रूपें काबू पाबि लेल गेल अछि आ स्थिति नियंत्रण मे अछि।

निष्पक्ष जांच आ दोषी पर कारबाइक मांग

केंद्रीय जलशक्ति राज्य मंत्री आ मुजफ्फरपुरक सांसद डॉ. राजभूषण चौधरी निषाद दुर्घटना पर गहींर दुख व्यक्त कयलनि। ओ जिला प्रशासन आ संबंधित एजेंसी सभ कें राहति-बचाव कार्य तेज करबाक, घायल सभ कें नीक चिकित्सा सुविधा देबाक आ प्रभावित परिवार कें तत्काल सहायता उपलब्ध करेबाक निर्देश देलनि। सांसद निष्पक्ष जांच पर जोर दैत कहलनि जे जं सुरक्षा मानकक अनदेखी अथवा कोनो स्तर पर लापरवाही प्रमाणित होइत अछि तं संबंधित दोषी सभक विरुद्ध कठोर कारबाइ होमक चाही।

एक नजरि

बेगूसराय मे घूसखोर जमादार 29 हजार टाका लैत पकड़ल गेल

बेगूसराय : निगरानी विभागक टीम बेगूसराय मे साहेबपुर कमाल थाना मे पदस्थापित सहायक अवर निरीक्षक (जमादार) चंदन झा कें 29 हजार टाका घूस लैत गिरफ्तार कयलक। ओ शराबबंदी कानूनक एकटा मामिला मे नाम हटेबाक बदला 50 हजार टाका मांगि रहल छलाह। निगरानी विभागक डीएसपी मोहन कुमारक अनुसार, साहेबपुर कमाल निवासी अमित कुमार 26 अक्टूबर कें लिखित शिकायत कयने छलाह। हुनकर कार 13 अगस्ते कें बिकि गेल छल, मुदा 15 अक्टूबर के ओहि कार सं 77 लीटर विदेशी शराब बरामदगीक मामिला मे नाम हटेबाक बदला जमादार घूस मांगि रहल छलाह।

अनंत सिंह कें विधानसभा अध्यक्ष पठौलनि नोटिस

पटना : बिहार विधानसभा अध्यक्ष प्रेम कुमार जदयू सं निष्कासित मोकामा विधायक अनंत सिंह कें दल-बदल कानून अंतर्गत नोटिस पठौलनि अछि। विधानसभा सचिवालय हुनका 7 दिनक भीतर अपन पक्ष रखबाक निर्देश देने अछि। एमएलसी चुनाव मे जदयू प्रत्याशी नीरज कुमारक विरोध मे जनसुराज प्रत्याशी अनुज सिंहक प्रचार करबाक आरोप मे जदयू अनंत सिंह आ हुनकर पत्नी, पूर्व विधायक नीलम देवी कें पार्टी सं निष्कासित कयने छल।

वैशाली मे 2 करोड़क आभूषण लूटक आरोपीक एनकाउंटर, दहिना पैर मे लागल गोली

- पुलिस आ एसटीएफक घेराबंदी पर आरोपित केलक फायरिंग
- जवाबी कारबाइ मे भेल घायल, 2025 मे समस्तीपुर न्यायालय परिसर सं फरार भेल छल

वैशाली, समदिया



वैशाली जिला मे लूट आ आर्म्स एक्ट सहित गंभीर आपराधिक मामिला सभक आरोपितक पुलिस आ एसटीएफ सं मुठभेड़ भए गेल। सदर थाना क्षेत्रक मरमला चौर मे रविदिन देर राति भेल मुठभेड़ मे आरोपित राजनंदन कुमार उर्फ छोटूक दहिना पैर मे गोली लगला सं घायल भए गेल। पुलिस ओकरा पकड़ि इलाज लेल हाजीपुर सदर अस्पताल मे भर्ती करा देलक अछि। ओ पुलिस हिरासत मे अछि। पुलिसक कहब अछि जे समस्तीपुर मे करीब 2 करोड़ टाकाक आभूषण लूटक मामिला मे आरोपित छोटू कें पकड़बाक लेल पुलिस आ एसटीएफक संयुक्त टीम पहुंचल छल। एहि दौरान आरोपित पुलिस दल पर गोली चलाबय लागल। जवाब मे पुलिस सेहो गोली चलौलक। एहि क्रम मे ओकर दहिना पैर मे गोली लागल।

आरोपित पर दर्ज अछि करीब 17 आपराधिक मामिला

घायल आरोपितक पहिचान सदर थाना क्षेत्रक दिग्घी कला निवासी चंदेश्वर रायक बेटा राजनंदन कुमार उर्फ छोटूक रूप मे भेल अछि। पुलिसक अनुसार, ओकरा पर वैशाली आ समस्तीपुर जिला मे लूट, हत्या, डकैती, आर्म्स एक्ट, उत्पाद अधिनियम आ एनडीपीएस एक्ट सहित करीब 17 आपराधिक मामिला दर्ज अछि। ओ समस्तीपुरक चर्चित अनिल ज्वेलर्स लूटकांडक मुख्य आरोपित अछि।

15 मिनट धरि दोकान मे रहल छल अपराधी

23 नवंबर 2023 कें समस्तीपुरक पुरानी पोस्ट ऑफिस रोड स्थित अनिल ज्वेलरी शॉप मे करीब 2 करोड़ टाकाक आभूषण लूटल गेल छल। घटनाक सीसीटीवी फुटेज सेहो सामने आयल छल। फुटेज मे दू आ फेर तीन अपराधी दोकान मे प्रवेश करैत देखल गेल छल। अपराधी करीब 15 मिनट धरि दोकान मे रहल आ हथियारक बल पर लूटपाट कयलक। दोकान मालिक अनिल कुमारक अनुसार, अपराधी 103 पैकेट मे राखल सोना, चानी आ हीराक गहना लूटि लेने छलाह। लूटल गेल सामान मे 39 तरहक गहना शामिल छल, जाहि मे सोने के चेन, औंठी, हार, चानीक गहना आ हीरा जड़ल आभूषण छल।

न्यायालय परिसर सं फरार भेल छल आरोपित

समस्तीपुर पुलिस 9 जनवरी 2025 कें राजनंदन उर्फ छोटू कें गिरफ्तार कयने छल। मुदा न्यायालय मे पेशी लेल अनबाक दौरान ओ समस्तीपुर कोर्ट परिसर सं फरार भए गेल छल। तखनहि सं वैशाली पुलिस आ एसटीएफ ओकर खोजबीन कए रहल छल। पुलिस कें सूचना भेटल छल जे छोटू रविदिन राति अपन गाम लग मरमला चौर मे नुकायल अछि आ कोनो आपराधिक घटना करबाक योजना बना रहल अछि। सदर एसडीपीओ-1 सुबोध कुमारक नेतृत्व मे एसटीएफ आ सदर थाना पुलिसक संयुक्त टीम चौरक घेराबंदी कए छापेमारी कएलक। एहि दौरान मुठभेड़ भेल। घटनाक बाद एसएसपी शुभांक मिश्र आ सदर एसडीपीओ-1 सुबोध कुमार घटनास्थल पर पहुंचलाह। एफएसएल टीम सेहो पहुंचि साक्ष्य जुटौलक। पुलिस घटनास्थल सं हथियार सेहो बरामद कयलक अछि। **(पेज 10 सेहो देखी)**

जीतलौं तं लोकतंत्रक जीत, हारलौं तं लोकतंत्र खतरा मे : नितिन नवीन

- बीजेपीक राष्ट्रीय अध्यक्ष कहलनि, समय रहैत नहि चेतलौं तं आगू विपक्ष लग कुर्सी सेहो नहि बचत

भागलपुर, समदिया



भाजपा राष्ट्रीय अध्यक्ष नितिन नवीन भागलपुर मे विपक्ष पर तीव्र हमला कयलनि। एनडीएक लोकतंत्र बचाउ, अराजकता हटाउ पदयात्रा मे शामिल होइत ओ कहलनि जे विपक्ष जीतैत अछि तं लोकतंत्रक जीत होइत अछि, मुदा हारि जाइत अछि तं लोकतंत्र खतरा मे पड़ि जाइत अछि। एसआइआरक बाद कर्नाटक मे जीत भेल तं सभ किछु ठीक, मुदा बिहार मे हारि गेल तं वोट चोरीक नारा देबय लागल।

ओ चेतावनी देलनि जे विपक्ष समय रहैत नहि चेतलौं तं आगू ओकरा लग कुर्सी सेहो नहि बचत। कार्यकर्ता सभ हुनका त्रिशूल भेंट कए स्वागत कयलनि। जनसभाक बाद लाजपत पार्क सं खरमनचक, भामाशाह चौक होइत घंटाघर चौक धरि करीब एक किलोमीटर पदयात्रा कयलनि। एहि कार्यक्रम मे प्रदेश अध्यक्ष संजय सरावगी आ उपमुख्यमंत्री विजय चौधरी सहित कतेको नेता शामिल छलाह।

निर्दलीय एमएलसी सभक भाजपा मे शामिल होयबा पर एनडीए मे घमासान

जदयू पूछलक, 6 वर्ष लेल निष्कासित नेता 15 दिन मे कोना भेलाह शामिल? जनसुराजक नेता विधान परिषदक सभापति सं केलनि भेंट

पटना, समदिया

बिहार विधान परिषद चुनावक परिणाम अबिते एनडीएक दू प्रमुख घटक दल जदयू आ भाजपा बीच तनाव बढ़ि गेल अछि। सारण शिक्षक निर्वाचन क्षेत्र सं निर्दलीय जीतल राहुल राज आ तिरहुत स्नातक निर्वाचन क्षेत्र सं विजयी बंशीधर ब्रजवासी भाजपा मे शामिल भेलाह। एहि मामिला पर जदयू सवाल उठौने अछि। जदयू प्रदेश अध्यक्ष उमेश कुशवाहा राहुल राजक भाजपा मे वापसी पर आपत्ति जतबैत कहलनि जे जाहि व्यक्ति कें पार्टी 6 वर्ष लेल



निष्कासित कयने छल, हुनका मात्र 15 दिनक भीतर कोन परिस्थिति मे फेर शामिल कयल गेल? भाजपा आ ओकर शीर्ष नेतृत्व कें एहि विषय पर गंभीरता सं विचार करबाक चाही।

निर्दलीय सदस्य राजनीतिक दल मे शामिल भए सकैत छथि?

पूर्व मंत्री आ जदयू विधायक श्याम रजक कहलनि जे निर्दलीय सदस्य कें समर्थन देबाक अधिकार कोनो राजनीतिक दल कें अछि। मुदा निर्दलीय प्रत्याशी चुनाव जीतलाक बाद कोनो राजनीतिक दलक सदस्य नहि बनि सकैत छथि। जं दुनू एमएलसी भाजपा मे शामिल भेल छथि तं ई अनैतिक आ गलत अछि। एहि बीच जनसुराजक एकटा प्रतिनिधिमंडल दुनू नव निर्वाचित एमएलसीक भाजपा मे शामिल होयबाक मामिला पर विधान परिषदक सभापति सं भेंट करत।

राजदक व्यंग्य- भाजपा पर निर्भर भए गेल अछि जदयू

राजद प्रवक्ता शक्ति यादव एहि मामिला पर जदयू पर कटाक्ष कयलनि। ओ कहलनि जे जे जदयू पहिने भाजपा कें आंखि देखबैत छल आ राजदक सहारा लैत छल, आइ ओ गठबंधन धर्मक पालन करबाक दुहाइ दए रहल अछि। हुनकर आरोप छलनि जे आब जदयू भाजपा पर निर्भर भए गेल अछि आ ओकर राजनीतिक अस्तित्व भाजपाक कृपा पर टिकल अछि। ओमहर, बंशीधर ब्रजवासी शनिदिन भाजपा मे शामिल भेलाक बाद देर राति वीडियो जारी कए सफाइ देलनि। ओ कहलनि जे मुख्यमंत्री सं भेंट करबाक लेल गेल छलाह, भाजपा मे शामिल नहि भेल छलाह।



गांधी मैदान मे 4 दिसंबर सं सजत 42म पटना पुस्तक मेला

200 स्टॉल पर भेटत देशभरिक प्रकाशक सभक किताब



पटना, समदिया

किताबक शौकीन लोकनिक लेल दिसंबरक मास खास रहय बला अछि। गांधी मैदान मे 4 सं 15 दिसंबर तक 42म पटना पुस्तक मेलाक आयोजन होयत। सेंटर फॉर रीडरशिप डेवलपमेंट (सीआरडी) द्वारा आयोजित ई मेला एहि बेर मात्र किताबक खरीद-बिक्री तक सीमित नहि रहत, बल्कि साहित्य, सिनेमा, कला, कविता, खानपान, स्वास्थ्य आ रोजगारक पैघ मंच बनत। 12 दिन धरि चलय बला एहि आयोजन मे 350 सं बेसी कार्यक्रम होयत। मेला मे करीब 200 स्टॉल लगाओल जायत, जतय देशभरिक प्रमुख प्रकाशक सभक किताब उपलब्ध रहत। भारतक तीन पैघ पुस्तक मेला मे शामिल पटना पुस्तक मेला कें एहि बेर कतेको नव प्रयोग आ विशेष आयोजनक संग भव्य रूप देबाक तैयारी अछि। मेलाक अध्यक्ष आ चर्चित साहित्यकार रत्नेश कुमार कहलनि जे एहि वर्षक पुस्तक मेला बिहार गीतक रचयिता लोककवि सत्यनारायण कें समर्पित रहत। मेला मे प्रभात प्रकाशन, राजकमल प्रकाशन, वाणी प्रकाशन, ज्ञानपीठ, उपकार प्रकाशन, हिंद युग्म, साहित्य अकादमी, एनसीपीयूएल आ रेख्ता फाउंडेशन सहित कतेको प्रमुख प्रकाशक भाग लेत। साहित्य, शिक्षा, प्रतियोगी परीक्षा, बाल साहित्य आ विभिन्न विषयक किताब एकहि परिसर मे उपलब्ध रहत। आयोजनक उद्देश्य पढ़बाक आदत कें बढ़ावा देबाक संग नव पीढ़ी कें साहित्य सं जोड़ब सेहो अछि।

युवा सभ कें ध्यान मे राखि एहि बेर कतेको विशेष कार्यक्रम तैयार कयल गेल अछि। 'चिट्ठियां' कार्यक्रम मे एहन चिट्ठी सभ पढ़ल जायत, जे लोक लिखि तं देने छलाह, मुदा बिसरि नहि सकलाह। डॉ. विमलेंदु चर्चित चिट्ठी सभक पाठ करताह। शहरक युवा सेहो अपन लिखल अथवा जीवन पर प्रभाव छोड़य बला चिट्ठी सभ साझा करताह।

डॉ. वरुणक संयोजन मे 'यूथ पोडियम' आयोजित होयत। एहि मे राजनीति, कला, साहित्य आ संस्कृतिक संग बदलैत सामाजिक परिवेश मे युवाक भूमिका आ चुनौती पर चर्चा होयत। देश-दुनियाक मुद्दा पर युवा कें अपन बात रखबाक अवसर भेटत।

उत्कर्ष आनंदक संयोजन मे 'शब्दांकुर' कार्यक्रम आयोजित होयत। एहि मे युवा अपन कविता, कहानी आ व्यंग्य रचना प्रस्तुत करताह। चयनित रचनाकार कें शब्दांकुर पुरस्कार सं सम्मानित कयल जायत। चयन प्रक्रिया मे निर्णायक मंडलक तीन सदस्यक संग दर्शक सभक राय सेहो शामिल रहत।

एकर अतिरिक्त प्रत्येक दिन 'काव्यकथा' कार्यक्रम होयत। जयप्रकाशक संयोजन मे देशक चर्चित कवि आ कथाकार अपन रचना सुनौताह। मेला मे भव्य कवि सम्मेलन सेहो आयोजित कयल जायत, जाहि मे कतेको प्रमुख कवि भाग लेताह।

एहि बेर 'स्वाद विहार' सेहो मेलाक खास आकर्षण रहत। आशीष कुमारक संयोजन मे आयोजित एहि कार्यक्रम मे बिहारक पारंपरिक व्यंजनक संग देशक चुनिंदा पकवानक स्वाद भेटत। एहि लेल विशेष फूड लाउंज बनाओल जायत। एतय पुस्तक प्रेमी चायक चुस्की लैत अपन पसंदीदा किताब पढ़ि सकताह। एहि तरहें गांधी मैदान मे साहित्यक संग खानपानक अनूठा अनुभव भेटत।

स्कूल आ कॉलेजक विद्यार्थी सभक लेल 'हुनर' कार्यक्रम आयोजित होयत। अंजनी धरक संयोजन मे प्रतिदिन अलग-अलग प्रतियोगिता होयत। एहि मे कहानीकार, माइम शो, वेस्ट क्राफ्ट, सेल्फी चैलेंज, कलर लस्ट, ब्रेन ड्रेन आ जैम गेम जेकां गतिविधि शामिल अछि। आयोजक सभक अनुसार, एहि मे 70 सं बेसी स्कूलक करीब पांच हजार बच्चाक शामिल होयबाक संभावना अछि। ओतहि 'स्कूल उत्सव' मे पटना कें विभिन्न स्कूलक विद्यार्थी गीत, संगीत आ नृत्यक प्रस्तुति देताह।

'सिनेमा-उनेमा' फिल्म फेस्टिवल लेल मेला परिसर मे विशेष सिनेमा हॉल बनाओल जायत। कुमार रविकांतक संयोजन मे प्रत्येक दिन फीचर फिल्म, शॉर्ट फिल्म आ वृत्तचित्र देखाओल जायत। फिल्म प्रदर्शनक बाद ओकर विषय सं जुड़ल संवाद सेहो होयत। एहि मे देशभरिक सिने कलाकार आ विशेषज्ञ शामिल होयताह। दर्शक सभ कें हुनका सभ सं सीधा बातचीत करबाक अवसर भेटत। सिनेमा जगतक प्रमुख हस्ती सभ कें सम्मानित सेहो कयल जायत।

पिछला वर्ष भेटल सफलता कें बाद एहि बेर सेहो स्वास्थ्य संवाद कार्यक्रम आयोजित होयत। डॉ. विकास शंकरक संयोजन मे देशक प्रमुख डॉक्टर स्वास्थ्य सं जुड़ल अलग-अलग विषय पर चर्चा करताह। विशेषज्ञ श्रोताक सवालक जवाब सेहो देताह। एहि माध्यम सं आम लोक कें स्वास्थ्य संबंधी जरूरी जानकारी हासिल करबाक आ डॉक्टर सभ सं सीधा संवाद करबाक अवसर भेटत।

मेला मे विशेष कला दीर्घा सेहो बनाओल जायत। मुकेश कुमारक संयोजन मे एतय बिहारक युवा लोक कलाकार, वरिष्ठ कलाकार आ पद्म पुरस्कार सं सम्मानित कलाकार सभक कलाकृति प्रदर्शित कयल जायत। प्रत्येक दिन कला संबंधी विषय पर विमर्श आ गोष्ठी होयत। विशिष्ट कलाकार सभ कें सम्मानित सेहो कयल जायत। ओतहि 'नुक्कड़ के रंग' कार्यक्रम मे पटना कें प्रमुख कॉलेजक विद्यार्थी नुक्कड़ नाटक प्रस्तुत करताह।

पुस्तक मेलाक लोकप्रिय कार्यक्रम 'जनसंवाद' सेहो आयोजित होयत। प्रशांत रंजनक संयोजन मे अलग-अलग विषयक नामचीन विद्वान आ विशेषज्ञ लोकनि संग संवाद करताह। रेखा भारती मिश्राक संयोजन मे 'कोचिंग मास्टर' आ 'ज्ञान-रोजगार' कार्यक्रम आयोजित होयत। एहि मे राष्ट्रीय स्तरक शिक्षण आ कोचिंग संस्थान भाग लेताह। एकर अतिरिक्त 'युवा स्वर', 'नई किताब' आ 'बिहार संवादी' जेकां कार्यक्रम सेहो आयोजित कयल जायत।

पुस्तक मेला मे देशक कतेको चर्चित पत्रकार, लेखक, कवि, कथाकार आ साहित्यकार जुटताह। एहि मे हर्ष वर्धन त्रिपाठी, अनंत विजय, पूनम सिंह, डॉ. विनय कुमार, किरण घई, जय प्रकाश पांडेय, मदन कश्यप, निवेदिता झा आ संजय कुंदन सहित कतेको प्रमुख नाम शामिल छथि।

एकर संगहि अनिल विभाकर, चंदन सिंह, विनय सौरव, सर्वेश तिवारी, कुमार मुकुल, शहंशाह आलम, खुर्शीद अकबर, प्रेम किरण, श्वेता गजल आ आराधना प्रसाद सहित कतेको कवि अपन रचना सुनौताह। कथाकार सभ मे भावना शेखर, प्रभात प्रणीत, रीता सिंह, नीलिमा सिंह, उषा ओझा आ किरण सिंह सहित कतेको साहित्यकारक शामिल होयबाक संभावना अछि।

एहि बेर पटना पुस्तक मेला किताबक दुनिया सं आगू बढ़ि साहित्य, कला, सिनेमा, खानपान, शिक्षा आ रोजगारक साझा मंच बनय जा रहल अछि। गांधी मैदान मे 4 सं 15 दिसंबर तक चलय बला ई आयोजन पाठक, युवा, विद्यार्थी आ कला-संस्कृति प्रेमी सभक लेल खास आकर्षण रहत।

दानापुर मे एनसीसी कैडेट सभ देखलनि आधुनिक सैन्य प्रशिक्षण

सैनिक जीवनक बारीकी सं भेलाह परिचित

पटना, समदिया



बिहार रेजिमेंट केंद्र मे सोमदिन 1 बिहार एनसीसी बटालियन आ 11 बिहार एनसीसी बटालियनक 103 एनसीसी कैडेट शैक्षणिक आ सैन्य प्रशिक्षण भ्रमण कयलनि। एहि दल मे 67 बालक आ 36 बालिका कैडेट शामिल छलाह। भ्रमणक उद्देश्य युवा कैडेट सभ कें भारतीय सेनाक गौरवशाली परंपरा, आधुनिक सैन्य प्रशिक्षण प्रणाली आ सैनिक जीवनक चुनौती सं प्रत्यक्ष रूप सं परिचित करायब छल। भ्रमणक दौरान कैडेट सभ कें बिहार रेजिमेंट केंद्र मे उपलब्ध आधुनिक प्रशिक्षण सुविधा आ सैन्य प्रशिक्षणक विभिन्न आयामक जानकारी देल गेलनि। कैडेट सभ विभिन्न प्रशिक्षण सिमुलेटरक अवलोकन कय आधुनिक तकनीकक माध्यम सं संचालित सैन्य प्रशिक्षणक कार्यप्रणाली कें बुझलनि। एकर बाद ओ सभ ट्रेनिंग ऑब्स्टेकल ड्रिल नर्सरी आ ऑब्स्टेकल ट्रेनिंग क्षेत्रक भ्रमण कयलनि। एतय पीटी जेसीओ बाधा प्रशिक्षणक विभिन्न गतिविधिक प्रत्यक्ष प्रदर्शन कयलनि। एहि माध्यम सं कैडेट सभ कें शारीरिक क्षमता, मानसिक दृढ़ता, साहस, अनुशासन आ सामूहिक प्रयासक महत्व सं परिचित कराओल गेलनि।

कैडेट सभ अग्निवीर एडवांस्ड मिलिट्री ट्रेनिंग कैंप सेहो गेलाह। एतय अग्निवीर सभ कें देल जा रहल उन्नत सैन्य प्रशिक्षण कें नजदीक सं देखलनि। प्रशिक्षण गतिविधि आ सैनिक सभक दिनचर्याक अवलोकन कए ओ सभ सेना मे कठिन परिश्रम, समर्पण आ अनुशासनक महत्व बुझलनि। भ्रमणक सफल आयोजन, समन्वय आ संचालनक जिम्मेदारी रेजिमेंटक शिक्षा अधिकारी लेफ्टिनेंट कर्नल ईश्वर पालक दिशा-निर्देश पर सूबेदार शैलेश कुमार तिवारी निभौलनि। हुनकर मार्गदर्शन मे कैडेट सभ कें विभिन्न प्रशिक्षण स्थल सभक भ्रमण कराओल गेलनि आ सैन्य प्रशिक्षण सं जुड़ल महत्वपूर्ण जानकारी देल गेलनि।

ई भ्रमण युवा कैडेट सभक लेल प्रेरणादायक आ ज्ञानवर्धक अनुभव रहल। एहि दौरान हुनका सभ कें भारतीय सेनाक कार्यशैली, प्रशिक्षण व्यवस्था, अनुशासन आ सैनिक जीवन कें नजदीक सं बुझबाक अवसर भेटलनि। एहि तरहक आयोजन युवा मे राष्ट्रसेवाक भावना मजबूत करबाक संग नेतृत्व क्षमता, आत्मविश्वास आ साहस विकसित करय मे महत्वपूर्ण भूमिका निभबैत अछि। संगहि, ई युवा सभ कें सशस्त्र सेना मे अपन भविष्य बनेबाक लेल सेहो प्रेरित करैत अछि।

पटनाक 38 ठाम आरसीडी-बीसीडीक स्ट्रीट लाइट खराब

पटना। राजधानी मे दीपावली आ छठ सं पहिने प्रकाश व्यवस्था दुरुस्त करबाक तैयारी तेज कए देल गेल अछि। शहरक 38 प्रमुख ठाम पर करीब 1500 स्ट्रीट लाइट खराब पाओल गेल अछि। ई लाइट सभ सड़क निर्माण विभाग (आरसीडी), भवन निर्माण विभाग (बीसीडी) आ आन विभाग सभक दिस सं लगाओल गेल छल। रखरखाव नहि होयबाक कारण ई लाइट सभ बहुत दिन सं बंद पड़ल अछि। पटना नगर निगम अपन सर्वे मे एहि 38 ठामक पहचान केने अछि। नगर निगम द्वारा सभ 75 वार्ड मे अतिरिक्त लाइट उपलब्ध कराओल जा रहल अछि। रविदिन पहिल खेप मे 1800 लाइट वार्ड सभ कें देल गेल। ओतहि छठ कें देखैत गंगा घाट, पहुंच पथ, पोखरि आ पार्क सभ मे सेहो विशेष रोशनीक व्यवस्था कयल जा रहल अछि, जाहि सं पर्वक दौरान लोक सभ कें अन्हार आ आवागमन मे परेशानी नहि हो नगर निगम सभ 75 वार्ड मे अतिरिक्त स्ट्रीट लाइट लगयबाक योजना पर काज कए रहल अछि। प्रत्येक वार्ड मे 100-100 लाइट लगाओल जायत। रविदिन पहिल खेप मे 1800 लाइट उपलब्ध कराओल गेल। एहि अंतर्गत प्रत्येक वार्ड मे नव लाइट लगयबाक काज शुरू कए देल गेल अछि।

पटना मे जेपी गंगा पथक बिहटा धारि होयत विस्तार

30 मिनट मे पूरा होयत यात्रा, 4 जिला कें भेटत लाभ

पटना, समदिया



पटना जिला मे जेपी गंगा पथक विस्तारक योजना पर काज आगू बढ़ि रहल अछि। दीघा-शेरपुर-बिहटा (कोईलवर पुलक पहुंच पथ) तक करीब 35.65 किलोमीटर लंबाई मे एहि सड़कक निर्माण कयल जेबाक अछि। बिहार सरकारक पथ निर्माण विभाग द्वारा जारी जानकारीक अनुसार, एहि परियोजनाक उद्देश्य पटना कें सड़क संपर्क व्यवस्था कें आओर मजबूत करब अछि।

जेपी गंगा पथक बिहटा तक विस्तार भेला सं राजधानी पटना आ आसपासक क्षेत्र सभक बीच आवागमन आसान होयबाक उम्मीद अछि। एहि मार्गक विकास सं बिहटा आ पश्चिमी पटना दिस आबय-जाय बला लोक सभ कें फायदा भेटत। संगहि, क्षेत्र मे बढ़ैत आबादी आ यातायातक दबाव कें देखैत सड़क संपर्क नीक बनाबय मे सेहो मदद भेटत।

दीघा-शेरपुर-बिहटा मार्गक विकास पटना कें पश्चिमी हिस्सा लेल महत्वपूर्ण मानल जा रहल अछि। नीक सड़क संपर्क सं लोक सभक यात्रा समय कम होयबाक आ व्यावसायिक गतिविधि कें बढ़ावा भेटबाक संभावना अछि।

पथ निर्माण विभाग द्वारा साझा कयल गेल जानकारीक मुताबिक, एहि सड़कक निर्माण भेला सं पटना सं कोईलवर तक यात्रा पहिने कें तुलना मे आसान आ तेज भए' सकत। अनुमान अछि जे यात्रा मे करीब डेढ़ घंटाक बचत होयत आ पूरा यात्रा लगभग 30 मिनट मे पूरा कयल जा सकत।

प्रस्तावित परियोजना मे दीघा-दीदारगंज जेपी गंगा पथक तर्ज पर गंगा आ सोन नदीक किनार एलिवेटेड रोड बनेबाक योजना अछि। एकर संग मनेर सं परेबक बीच करीब 11 किलोमीटर पुरान सड़क कें फोरलेन मे विकसित कए परियोजना मे शामिल कयल जायत। एहि सं पटना आ आसपासक जिला सभक बीच सड़क संपर्क मजबूत होयत आ लंबी दूरी तय करय मे लगय बला समय कम भए' सकत।

फिलहाल उत्तर प्रदेश दिस सं पटना, सारण आ वैशाली जाय बला यात्री सभ कें बक्सर फोरलेन आ बिहटा-दानापुर एलिवेटेड रोडक रास्ता शहरी आबादीक बीच जामक समस्या झेलय पड़ैत अछि। नव हाईवे बनला सं वाहन सभ कें एकटा वैकल्पिक मार्ग भेटत। एहि सं शहरक भीड़भाड़ बला इलाका मे यातायातक दबाव कम होयबाक आ यात्री सभक यात्रा आसान होयबाक उम्मीद अछि।

प्रस्तावित एलिवेटेड रोड कें शेरपुर-दिघवारा गंगा पुल आ दीघा जेपी सेतु सं जोड़बाक योजना अछि। एहि सं उत्तर बिहार, भोजपुर आ बक्सर दिस सं आबय-जाय बला वाहन सभ कें नीक सड़क संपर्क भेटि सकत। एहि परियोजना सं पटना सहित आसपासक जिला सभक बीच आवागमन आसान होयबाक आ क्षेत्रीय विकास कें गति भेटबाक उम्मीद कयल जा रहल अछि।

पटना मे दीपावली-छठि पर जगमग करत छठि घाट, 47 हजार नव लाइट लगेबाक तैयारी

पटना, समदिया



राजधानी मे दीपावली आ छठि पर्वक दौरान नीक रोशनीक व्यवस्था सुनिश्चित करबाक लेल नगर निगम तैयारी तेज कए देने अछि। एहि अंतर्गत शहरक सभ वार्ड, गली-मोहल्ला, प्रमुख सड़क आ गंगा घाट सभ पर रोशनीक व्यवस्था कयल जा रहल अछि। रविदिन पहिल खेप मे सभ वार्ड कें कुल 1800 अतिरिक्त लाइट उपलब्ध कराओल गेल।

नगर निगम द्वारा पहिने सं लागल खराब स्ट्रीट लाइट सभ कें ठीक कराओल जा रहल अछि। एकर संग जरूरतक अनुसार वार्ड सभ मे अतिरिक्त लाइट लगाओल जा रहल अछि, जाहि सं पर्वक दौरान अन्हार बला जगहक समस्या दूर हो आ लोक सभ कें आवागमन मे परेशानी नहि हो।

नगर आयुक्त यशपाल मीणा विद्युत प्रमंडल आ सभ अंचल कें निर्देश देने छथि जे लाइट लगयबाक आ मरम्मत करबाक काज प्राथमिकताक आधार पर पूरा कयल जाय। ओ काज मे पारदर्शिता आ गुणवत्ता बनौने रखबाक संग निर्धारित समय सीमा कें पालन करबाक निर्देश देने छथि, जाहि सं दीपावली आ छठक दौरान कोनो नागरिक कें असुविधाक सामना नहि करय पड़य।

नगर निगम क्षेत्रक गंगा घाट आ ओतय जाय बला रास्ता सभ पर पहिने सं 50 हाइमास्ट लाइट आ 2200 स्थायी स्ट्रीट लाइट लागल अछि। पर्व सभ कें देखैत एहि व्यवस्था कें आओर मजबूत करबाक तैयारी अछि। एहि अंतर्गत घाट आ संपर्क मार्ग सभ पर अतिरिक्त रोशनीक व्यवस्था कयल जायत।

नगर निगमक योजनाक अनुसार, शहर मे करीब 47 हजार नव अस्थायी लाइट लगाओल जायत। एहि मे करीब 30 हजार फ्लड लाइट आ मेटल लाइट, जखनकि 17 हजार ट्यूब लाइट शामिल अछि। एहि लाइट सभक माध्यम सं प्रमुख सड़क, गली-मोहल्ला आ पर्व सं जुड़ल जरूरी जगह सभ पर रोशनी बढ़ेबाक तैयारी अछि।

गंगा घाटक अतिरिक्त नगर निगम क्षेत्रक प्रमुख पोखरि, सरोवर आ पार्क सभ मे सेहो विशेष रोशनीक व्यवस्था कयल जा रहल अछि। दीपावली आ छठक दौरान एहि जगह सभ पर आबय-जाय बला लोकक सुविधा कें ध्यान मे रखैत प्रकाश व्यवस्था दुरुस्त कयल जायत।

मुजफ्फरपुर गैस पाइपलाइन विस्फोट पर विधानसभा अध्यक्ष जतौलनि शोक



पटना। मुजफ्फरपुर जिलाक सदर थाना क्षेत्र अंतर्गत गोबरसही-डुमरी इलाका मे निर्माण कार्यक दौरान गैस पाइपलाइन क्षतिग्रस्त भेला सं भेल भीषण विस्फोट आ जनहानि पर बिहार विधानसभा अध्यक्ष डॉ. प्रेम कुमार गहीर शोक व्यक्त कयलनि अछि।

ओ एहि घटना कें अत्यंत दुखद आ पीड़ादायक बतबैत मृतक सभक शोकाकुल परिजनक प्रति गहीर संवेदना व्यक्त कयलनि। विधानसभा अध्यक्ष ईश्वर सं दिवंगत आत्मा सभक शांति आ शोकाकुल परिजन सभ कें एहि अपार दुःख कें सहन करबाक शक्ति देबाक प्रार्थना कयलनि।

संगहि, डॉ. प्रेम कुमार हादसा मे घायल लोक सभक शीघ्र स्वस्थ होयबाक कामना कयलनि।

प्रकाश पर्व पर पटना साहिब आबय बला सिख श्रद्धालु सभक लेल चलत विशेष ट्रेन

पटना, समदिया



श्री गुरु गोविंद सिंह जी महाराजक प्रकाश पर्व मे शामिल होयबाक लेल पंजाब, दिल्ली आ आन राज्य सं पटना आबय बला सिख संगत सभ कें विशेष ट्रेनक सुविधा देल जायत। प्रकाश पर्वक दौरान श्रद्धालु सभक आवागमन आसान बनेबाक लेल रेलवे तैयारी कए रहल अछि। हालांकि, विशेष ट्रेनक संख्या, समय-सारिणी आ परिचालनक तिथि संबंधी जानकारी एखन धरि नहि देल गेल अछि।

दानापुर रेल मंडलक मंडल रेल प्रबंधक (डीआरएम) विनोद कुमार अधिकारी सभक संग पटना साहिब स्टेशनक निरीक्षण कयलनि। एहि दौरान ओ कहलनि जे स्टेशनक सौंदर्यीकरणक काज दू मास मे पूरा करा लेल जायत। प्रकाश पर्व कें देखैत स्टेशन पर यात्री सुविधा नीक बनेबाक आ परिसर कें व्यवस्थित करबाक दिशा मे काज कयल जा रहल अछि।

निरीक्षणक दौरान मौजूद विधायक रत्नेश कुमार कहलनि जे पटना साहिब रेलवे स्टेशनक जीर्णोद्धार पर 30 करोड़ रुपैया खर्च कयल जायत। एहि परियोजनाक अंतर्गत स्टेशनक सुविधा आ व्यवस्था कें नीक बनेबाक योजना अछि, जाहि सं प्रकाश पर्वक दौरान देशक अलग-अलग हिस्सा सभ सं आबय बला श्रद्धालु सभ कें सहूलियत भेटि सकय।

डीआरएम स्टेशन पर निर्धारित मानकक अनुरूप यात्री सुविधा उपलब्ध करयबाक निर्देश देलनि। ओ वेटिंग हॉलक आकार बढ़ेबाक आ यात्री सभक सुविधा लेल एस्केलेटर लगयबाक योजनाक जानकारी सेहो देलनि। एकर अतिरिक्त निरीक्षणक दौरान बताओल गेल आन सुविधा सभ कें दिसंबर तक पूरा करबाक बात कहल गेल। हालांकि, एस्केलेटर आ आन निर्माण कार्यक विस्तृत समय-सारिणी एखन उपलब्ध नहि कराओल गेल अछि।

पटना साहिब स्टेशनक निरीक्षणक दौरान दानापुर रेल मंडलक अधिकारी सभक संग स्टेशन प्रबंधक उपेंद्र कुमार सिंह सहित आन अधिकारी सेहो मौजूद छलाह। निरीक्षणक दौरान स्टेशन पर उपलब्ध यात्री सुविधा आ प्रस्तावित सुधार कार्यक जानकारी लेल गेल। प्रकाश पर्व सं पहिने निर्माण आ सौंदर्यीकरणक काज पूरा भेला पर देश-विदेशक सिख श्रद्धालु सभ कें स्टेशन पर नीक सुविधा भेटबाक उम्मीद अछि।

नगर परिषदक वार्ड-20 मे सड़क निर्माण पर बवाल, घंटो चलैत रहल हंगामा

निजी जमीन बता कए भू-स्वामी सभ रोकलनि काज, करीब 18 पुलिसकर्मीक उपस्थिति मे फेर शुरू भेल खुदाई

झंझारपुर, समदिया



नगर परिषद क्षेत्रक वार्ड संख्या-20 मे प्रस्तावित सड़क निर्माण कें लए सोमदिन जमि कए हंगामा भेल। उपकारा (जेल)क दक्षिण दिस सं बेहट गाम जायवला सड़कक निर्माण करबाक लेल पहुंचल नगर परिषदक टीमके स्थानीय भू-स्वामीसभक कड़ा विरोधक सामना करय पड़ल। प्राप्त जानकारीक अनुसार सड़क निर्माण सं पहिने नालाक लेल खद्धा खोदबाक उद्देश्य सं नगर परिषदक जेई दीपक कुमार मौका पर पहुंचल छलाह। हुनका संग झंझारपुर आरएस थानाध्यक्ष माया कुमारीक नेतृत्व मे करीब 18 पुलिसकर्मीक तैनाती कयल गेल छल। एहि दौरान अपना के जमीनक मालिक बताबैत मंजू सिंह, अनिल सिंह सहित आन लोक निर्माण कार्य रोकि देलनि। विरोध करयवला लोकनिक आरोप छलनि जे नगर परिषद हुनकर निजी जमीन पर जबरदस्ती सड़क आ नाला बनाबय चाहैत अछि। ओ सभ निर्माण सं संबंधित सक्षम प्राधिकारक आदेश देखयबाक मांग कयलनि। समाचार संकलनक दौरान घटनास्थल पर एको गोट दंडाधिकारी मौजूद नहि छलाह। एहि संबंध मे थानाध्यक्ष माया कुमारी आ जेई दीपक कुमार सं पूछल गेलापर दुनू गोटे दंडाधिकारीक प्रतिनियुक्ति संबंध मे स्पष्ट जानकारी नहि देलनि। थानाध्यक्ष बतौलनि जे नगर परिषदक कार्यपालक पदाधिकारी पुलिस बल उपलब्ध करयबाक लेल पत्र देने छलाह। ओही आधार पर पुलिस बल तैनात कयल गेल छल। भू-स्वामीसभक दीपक कुमारक कहब छलनि जे अनुमंडल लोक शिकायत निवारण पदाधिकारीक स्तर पर मामिलाक सुनवाइ भए चुकल अछि। सुनवाईक दौरान भू-स्वामी सभ ढाई कट्ठा जमीनक कागजात प्रस्तुत कयने छलाह। ओहि कागजातक आधार पर हुनकर जमीन हुनके कब्जा मे रहबाक बात सामने आयल छल।

दोसर दिस, भू-स्वामी अनिल सिंह दावा कयलनि जे हुनका लग तीन कट्ठा जमीनक कागजात अछि। ओ कहलनि जे ओ एहि निर्णयके न्यायालय मे चुनौती देताह। बताओल गेल जे ई सड़क सुधीर झाक घर सं वसंत मिश्रक घर धरि बनयबाक अछि। विरोधक कारण किछु समय धरि निर्माण कार्य बाधित रहल। बाद मे पुलिसक मौजूदगी मे फेर खद्धा खोदबाक काज शुरू करा देल गेल। विरोध करयवला भू-स्वामी सभ कहलनि जे ओ एहि मामिलाके लए न्यायालयक शरण लेताह। एहि जमीन विवाद पर जेई सड़कक अधिकांश हिस्सा पहिनहि बनि चुकल अछि, मुदा निजी जमीनक विवादक कारण किछु महीना सं एकटा हिस्सा पर निर्माण कार्य रुकल छल। फिलहाल पुलिसक मौजूदगी मे ओहि हिस्सा पर निर्माण कार्य फेर शुरू करा देल गेल अछि।

छठि पर्वक तैयारीक लेल डीएम आ डीडीसी कएलनि पोखरि आ छठि घाटक निरीक्षण



समस्तीपुर, समदिया

छठि पर्व पर व्रती आ श्रद्धालु सभक सुविधा, सुरक्षा आ सुगम पूजाक व्यवस्था सुनिश्चित करबाक लेल जिलाधिकारी रोशन कुशवाहा आ उप विकास आयुक्त सूर्य प्रताप सिंह सरायरंजन प्रखंडक खजरी पंचायत मे निमार्णाधीन पोखर आ छठि घाटक निरीक्षण कयलनि। एहि दौरान संबंधित पदाधिकारी सभ सेहो उपस्थित छलाह। अधिकारी सभ निर्माण कार्यक प्रगति देखलनि आ आवश्यक दिशा-निर्देश देलनि। निरीक्षणक क्रम मे जिलाधिकारी निमार्णाधीन पोखर आ छठि घाट सं संबंधित काजक समीक्षा कयलनि। ओ निर्देश देलनि जे छठि पर्व सं पहिने सभ आवश्यक निर्माण आ विकास कार्य निर्धारित समय-सीमा मे गुणवत्तापूर्ण ढंग सं पूरा कयल जाय, जाहि सं व्रती आ श्रद्धालु सभ कें पूजा-अर्चना मे कोनो तरहक असुविधा नहि हो। जिलाधिकारी घाट पर श्रद्धालु सभक सुविधा के ध्यान मे रखैत समुचित साफ-सफाई, पहुंच पथ, पर्याप्त प्रकाश व्यवस्था आ सुरक्षा संबंधी उपाय सुनिश्चित करबाक निर्देश देलनि। ओ कहलनि जे छठि लोक आस्थाक महापर्व अछि। एहि अवसर पर जिला प्रशासनक प्राथमिकता श्रद्धालु सभ कें सुरक्षित, स्वच्छ आ सुव्यवस्थित वातावरण उपलब्ध करायब अछि। एहि लेल सभ संबंधित विभाग आ पदाधिकारी सभ कें समय रहैत अपन जिम्मेदारी पूरा करबाक चाही।

उप विकास आयुक्त सूर्य प्रताप सिंह सेहो निर्माण कार्यक प्रगतिक समीक्षा कयलनि। ओ संबंधित पदाधिकारी सभ कें आपसी समन्वय बनाकए काज करबाक आ निर्माणक गुणवत्ता पर विशेष ध्यान देबाक निर्देश देलनि। संगहि सभ कार्य समय पर पूरा करबाक लेल आवश्यक कदम उठेबाक बात कहलनि। जिलाधिकारी स्पष्ट कयलनि जे छठि पर्वक दौरान श्रद्धालु सभक सुविधा आ सुरक्षा मे कोनो लापरवाही बर्दाश्त नहि कयल जायत। निरीक्षणक दौरान जे कमी वा आवश्यकता सभ सामने आयल अछि, ताहि पर त्वरित कारबाइ करबाक निर्देश देलनि। जिला प्रशासन द्वारा आगामी छठि पर्व शांतिपूर्ण, सुरक्षित आ सुव्यवस्थित वातावरण मे संपन्न करयबाक लेल तैयारी कयल जा रहल अछि।

तनाव, चिंता आ पारिवारिक कलह निशांक प्रमुख कारण : बीके सुधाकर

निशामुक्ति अभियान अंतर्गत 10 जीविका संकुल मे जागरूकता कार्यक्रम आयोजित



दरभंगा, समदिया

प्रजापिता ब्रह्माकुमारी ईश्वरीय विश्वविद्यालय आ मद्य निषेध विभागक संयुक्त तत्वावधान मे 1 सं 7 नवंबर धरि चलाओल जा रहल सात दिवसीय नशामुक्ति अभियानक दोसर दिन जिलाक चारि प्रखंडक 10 जीविका संकुल मे जागरूकता कार्यक्रम आयोजित कयल गेल। एहि कार्यक्रम मे जीविका दीदी आ ग्रामीण सभ कें नशाक दुष्परिणाम तथा नशा सं मुक्त रहबाक उपाय बताओल गेल।

बहादुरपुर प्रखंडक जग जननी समिति आ कमल फेडरेशन, दरभंगा सदरक कावेरी आ साधना फेडरेशन, हनुमाननगरक कनक, कलश आ केसर समिति तथा हायाघाटक प्रगति आ जागृति समिति मे कार्यक्रम आयोजित भेल। एहि मे जीविका दीदी आ स्थानीय ग्रामीण सभ भाग लेलनि। कार्यक्रमक दौरान बीके उर्मिला, बीके पूजा, बीके ललिता, बीके सुधाकर, बीके चांदनी, पप्पू भाई आ बीके मौसिम नशाक दुष्परिणाम आ ओकरा सं मुक्ति पयबाक उपाय पर चर्चा कयलनि। वक्ता सभ कहलनि जे तनाव, चिंता, पारिवारिक कलह, मित्र सभक दबाव आ बाहरी प्रचार नशाक प्रवृत्तिक प्रमुख कारण अछि। एहि प्रवृत्ति सं बचेबाक लेल व्यक्ति मे आत्मविश्वास, दृढ़ संकल्प आ सकारात्मक सोच विकसित करब आवश्यक अछि। बीके सुधाकर कहलनि जे तनाव आ पारिवारिक समस्याक कारण लोक नशा दिस आकर्षित होइत अछि। एहि लेल परिवार आ समाज दुनूक सहयोग जरूरी अछि। कार्यक्रम मे सैकड़ो जीविका दीदी भाग लैत नशामुक्त समाजक निर्माणक संकल्प लेलनि। एहि अवसर पर सोनू कुमारी, दिव्या राज, सुजाता आनंद, संतोष कुमार राम, विकास कुमार, रणधीर कुमार सिंह, चंदन कुमार पाठक, बरखा रानी आ अनिल कुमार सहित अन्य लोक उपस्थित छलाह।

विकास योजनाक लाभ अंतिम व्यक्ति धरि पहुंचेनाइ प्राथमिकता : डीएम

सीतामढ़ी। जिलाधिकारी तनय सुल्तानिया कहलनि जे सरकारक विकासात्मक आ कल्याणकारी योजनाक लाभ समाजक आखरी व्यक्ति धरि पहुंचेनाइ जिला प्रशासनक प्राथमिकता अछि। ओ सोमदिन विमर्श सभा कक्ष मे आयोजित प्रेस कॉन्फ्रेंस मे जिला मे संचालित विकास योजनाक प्रगति आ उपलब्धिक जानकारी देलनि।

डीएम बतौलनि जे कायाकल्प अभियानक अंतर्गत शैक्षणिक, स्वास्थ्य आ अन्य संस्थानक आधारभूत संरचना कें मजबूत कयल जा रहल अछि। एहि अभियानक अंतर्गत 2758 योजनापर काज चलि रहल अछि, जाहि मे 440 काज पूरा भए चुकल अछि। एखन धरि 218 स्वास्थ्य संस्थान आ 267 विद्यालय मे कार्य पूरा कयल गेल अछि। जिलाक 1862 आंगनबाड़ी केंद्र मे सेहो रंग-रोगन आ अन्य आवश्यक काज पूरा भए चुकल अछि। ओ बतौलनि जे मुरादपुर मे करीब 543 करोड़ टाकाक लागत सं बनि रहल मां सीता मेडिकल कॉलेज आ अस्पतालक निर्माण पूरा करबाक निर्धारित समय-सीमा 30 अगस्त 2027 अछि। प्रधानमंत्री सूर्य घर मुफ्त बिजली योजनाक अंतर्गत करीब 900 घर मे सोलर पैनल लगाओल गेल अछि।

जनसंवाद कार्यक्रम विभिन्न विभाग सं जुड़ल जनसमस्याक कएल गेल सुनवाइ

शिकायतक समाधान मे लापरवाही नहि होयबाक चेतावनी

समस्तीपुर, समदिया



जिलाधिकारी रोशन कुशवाहाक अध्यक्षता मे सोमदिन समाहरणालय सभागार मे जनसंवाद कार्यक्रम आयोजित कयल गेल। एहि दौरान जिलाक विभिन्न क्षेत्र सं आयल आम नागरिक सभ अपन समस्या आ शिकायत जिलाधिकारीक समक्ष रखलनि। विभिन्न विभाग सं संबंधित आवेदन पर सुनवाइ करैत डीएम संबंधित पदाधिकारी सभ कें त्वरित आ नियमानुसार निष्पादन करबाक निर्देश देलनि। जनसंवाद मे मुख्य रूप सं राजस्व एवं भूमि सुधार, आपूर्ति, बिजली, परिवहन, सामाजिक सुरक्षा, ग्रामीण विकास, पंचायती राज, शिक्षा, स्वास्थ्य आ नगर निकाय सहित अन्य विभाग सं जुड़ल मामिला उठल। राजस्व विभाग सं संबंधित भूमि विवाद, दाखिल-खारिज, परिमार्जन, जमाबंदी आ भूमि मापी संबंधी शिकायत सभ प्राप्त भेल। आपूर्ति विभाग सं जुड़ल राशन कार्ड, खाद्यान्न वितरण आ जनवितरण प्रणालीक समस्या सेहो नागरिक सभ उठौलनि। ओतहि बिजली बिल, विद्युत आपूर्ति आ अन्य उपभोक्ता समस्या तथा परिवहन विभाग सं संबंधित शिकायत पर सेहो सुनवाइ कयल गेल।

जिलाधिकारी सभ संबंधित पदाधिकारी कें निर्देश देलनि जे प्राप्त आवेदनक गंभीरतापूर्वक जांच कय निर्धारित समय-सीमा मे नियमानुसार कारबाइ सुनिश्चित करथि। जनशिकायतक निष्पादन मे अनावश्यक देरी अथवा लापरवाही नहि होयबाक चाही। जाहि मामिला मे स्थलीय जांच आवश्यक अछि, ताहि मे संबंधित पदाधिकारी स्वयं अथवा अपन अधीनस्थ कर्मी सभक माध्यम सं जांच कराकए उचित कारबाइ करथि। डीएम कहलनि जे जनसंवाद आम नागरिक आ जिला प्रशासनक बीच सीधा संवाद स्थापित करबाक महत्वपूर्ण माध्यम अछि। एकर उद्देश्य लोकक समस्या सुनब, हुनकर कठिनाइ बुझब आ संबंधित विभागक माध्यम सं प्रभावी समाधान सुनिश्चित करब अछि।

कार्यक्रम मे अपर समाहर्ता ब्रजेश कुमार, जिला परिवहन पदाधिकारी प्रवीण कुमार, जिला पंचायत राज पदाधिकारी विष्णु देव मंडल, वरीय उप समाहर्ता धर्मराज, सामान्य शाखाक प्रभारी अंजलि कुमारी सहित विभिन्न विभागक पदाधिकारी आ संबंधित कर्मी उपस्थित छलाह। जिलाधिकारी सभ पदाधिकारी कें अपन-अपन विभाग सं संबंधित जनशिकायतक नियमित समीक्षा करबाक आ आवेदक सभ कें कयल गेल कारबाइक जानकारी देबाक निर्देश सेहो देलनि।

बेनीपट्टी मे जीविका सामुदायिक समन्वयक रहि चुकल डॉ. साह कें भेटल प्रतिष्ठित हिंदी गौरव सम्मान

पूर्व उपराष्ट्रपति वेंकैया नायडू कयलनि डॉ. नंदकिशोर साहक पांचम पुस्तक हिंदी दुनियांक विमोचन

बेनीपट्टी, समदिया



विश्व हिंदी परिषद, नई दिल्लीक तत्वावधान मे विज्ञान भवन मे भारत रत्न अटल बिहारी वाजपेयी : हिंदी, राष्ट्रवाद आ सुशासन विषय पर दू दिवसीय अंतरराष्ट्रीय हिंदी सम्मेलनक भव्य आयोजन कयल गेल। एहि सम्मेलन मे भारत सहित 20 सं बेसी देशक प्रवासी हिंदी साहित्यकार, विद्वान, शिक्षाविद्, शोधकर्ता आ हिंदी प्रचारक सभ भाग लेलनि। सम्मेलनक मुख्य उद्देश्य भारत रत्न आ पूर्व प्रधानमंत्री अटल बिहारी वाजपेयीजीक हिंदी भाषाक प्रति योगदान, हुनकर राष्ट्रवादी विचारधारा, लोकतांत्रिक दृष्टिकोण, सांस्कृतिक चेतना आ सुशासनक अवधारणा कें वैश्विक परिप्रेक्ष्य मे रेखांकित करब छल। एहि दौरान हिंदीक वैश्विक स्थिति, भारतीय संस्कृति आ राष्ट्रबोधक निर्माण मे हिंदीक भूमिका, प्रवासी भारतीय सभक बीच हिंदीक प्रचार-प्रसार तथा समकालीन वैश्विक चुनौतीक संदर्भ मे हिंदी साहित्यक प्रासंगिकता पर गंभीर विचार-विमर्श भेल। दू अलग-अलग अकादमिक सत्र मे शोधार्थी आ विद्वान सभ अपन शोधपत्र प्रस्तुत कयलनि। एहि सम्मेलनक दौरान पूर्वी चंपारण जिलाक घोड़ासहन प्रखंड अंतर्गत बनकटवा निवासी डॉ. नंदकिशोर साह कें हिंदी सेवाक लेल सम्मानित कयल गेलनि। डॉ. साह स्वर्गीय शिवराज साहक पुत्र छथि, जे एकटा साधारण किसान छलाह। वर्तमान मे ओ उत्तर प्रदेश राज्य ग्रामीण आजीविका मिशनक मिशन मुख्यालय, लखनऊ मे कार्यरत छथि। सम्मेलनक विशेष अवसर पर पूर्व उपराष्ट्रपति एम. वेंकैया नायडू अपन हाथे डॉ. नंदकिशोर साहक पांचम पुस्तक हिंदी दुनियाक विमोचन कयलनि। हिंदी भाषा, साहित्य, शिक्षण आ शोध क्षेत्र मे उल्लेखनीय योगदान लेल डॉ. साह कें प्रतिष्ठित हिंदी गौरव सम्मान सेहो प्रदान कयल गेलनि। फिजीक राजदूत जगन्नाथ सामी, भारत सरकारक गृह राज्यमंत्री अजय मिश्र टेनी, विश्व हिंदी परिषदक राष्ट्रीय महामंत्री डॉ. विपिन कुमार, वरिष्ठ राजनेता के.सी. त्यागी आ रवि शंकर अय्यर हुनका प्रतीक चिह्न आ अंगवस्त्र प्रदान कय सम्मानित कयलनि।

डॉ. साह कें एहि सं पूर्व विश्व हिंदी सेवा सम्मान 2025, भाषा रत्न सम्मान 2026 सहित 10 राष्ट्रीय आ अंतरराष्ट्रीय पुरस्कार भेटि चुकल अछि। सम्मेलन मे विश्व हिंदी परिषदक राष्ट्रीय अध्यक्ष पद्मभूषण वार्लगड्डा लक्ष्मी प्रसाद, वरिष्ठ प्रचारक इंद्रेश कुमार, अश्विनी कुमार चौबे, संजय पासवान, प्रो. सच्चिदानंद मिश्र, डॉ. अशोक कुमार भार्गव, प्रो. राजाराम, प्रो. अर्जुन चौहान, डॉ. डीपी मिश्र, रश्मि सलूजा, अनिल ठाकुर, मनीष कुमार पांडेय, प्रो. मनु प्रताप आ डॉ. सुनील कुमार चंपारणी सहित कतेको गणमान्य व्यक्ति उपस्थित छलाह।

विदेश सं आयल प्रतिनिधि सभ मे अमेरिका सं डॉ. मृदुल कीर्ति आ डॉ. दुर्गा सिन्हा उदार, डॉ. मधु खन्ना, ऑस्ट्रेलिया सं पूजा भारद्वाज आ सुनीता शर्मा, जापान सं डॉ. रमा पूर्णिमा शर्मा, लंदन सं वंदना खुराना, कतर सं शालिनी वर्मा, विनीता कंवर आ पी.एस. राठौड़, मॉरीशस सं कल्पना लालजी आ भानु लालजी, बहरीन सं ममता तिवारी आ राममणि तिवारी, इंडोनेशिया सं इंदु नांदल, थाईलैंड सं सुनील सेतपौड़, नीदरलैंड्स सं रामा तक्षक तथा श्रीलंका सं अतिला कोतलावल आ अर्मेनिया सं लुसिने मक्रच्यान शामिल रहथि।

डायन कहि महिला संग माइरपीट

बेनीपट्टी। बेनीपट्टी थाना क्षेत्रक लदौत गाम निवासी महमूदा खातून डायन कहि मारपीट करबाक आ मुंह मे गंदगी लगेबाक आरोप लगबैत प्राथमिकी दर्ज करौने छथि। एहि मामिला मे मो. सागिर उर्फ सागर, मो. ताहिर अंसारी, मो. जाहिर, मो. गुलाम अंसारी, एयुब मोमिन, मो. हाशिम, नौशाद अंसारी सहित कुल 15 लोक कें आरोपित कयल गेल अछि। प्राथमिकी मे पीड़िताक कहब अछि जे ओ घटना के समय खाना बना रहल छलीह। ओहि दौरान सभ आरोपित ओतय पहुंचल आ गाली-गलौज करैत मारपीट शुरू कय देलक। आरोप अछि जे मो. सागिर हुनका डायन कहैत आरोप लगेलनि जे ओ हुनकर बेटी के घर नहि बसे दैत छथि। हुनकर कहब छलनि जे एहि महिलाक कारण हुनकर भतीजी फरहत खातून 10 दिन पहिने ससुराल मे जहर खा लेलक आ एखनो बेमार रहैत अछि।

पैट-2024क साक्षात्कार आ नामांकन मे देरी सं अभ्यर्थी सभ मे आक्रोश

छठि पूजाक बाद विशाल प्रदर्शन करबाक चेतावनी

दरभंगा, समदिया



ललित नारायण मिथिला विश्वविद्यालयक पैट-2024 अभ्यर्थी सभक बैठक शनिदिन विश्वविद्यालय परिसर मे दिव्यम राजक अध्यक्षता मे भेल। बैठक मे साक्षात्कार आ नामांकन प्रक्रिया मे भए रहल देरी पर अभ्यर्थी सभ नाराजगी जतौलनि।

बैठक कें संबोधित करैत छात्र नेता प्रिंस राज कहलनि जे परीक्षा आ परिणाम जारी भेला परो साक्षात्कार आ नामांकनक प्रक्रिया लंबित अछि। एहि कारण हजारो अभ्यर्थीक भविष्य प्रभावित भए रहल अछि। ओ विश्वविद्यालयक गोपनीयता भंग करयवला अधिकारी आ शिक्षक सभ कें चिह्नित कए हुनका सभ पर कारबाइ करबाक मांग कयलनि। अभ्यर्थी सभ राजभवन सं एहि मामिला मे अविलंब हस्तक्षेप करबाक मांग कयलनि। हुनका सभक कहब छलनि जे विश्वविद्यालय प्रशासन शीघ्र साक्षात्कार आ नामांकन प्रक्रिया शुरू करय, जाहि सं अभ्यर्थी सभक भविष्य अनिश्चितता सं बाहर निकलि सकय। बैठक मे निर्णय लेल गेल जे छठि पूजाक बादो यदि एहि दिशा मे कोनो ठोस पहल नहि होइत अछि तं अभ्यर्थी सभ विश्वविद्यालय परिसर मे विशाल प्रदर्शन करताह। बैठक मे सुनील कुमार यादव, देवेंद्र कुमार, राकेश कुमार शर्मा, रचना कुमारी, अंशु कुमारी, पप्पू कुमार, चेतक कुमार आ नीरज कुमार सहित कतेको अभ्यर्थी उपस्थित छलाह।

सीएम साइंस कॉलेज मे मासिक व्याख्यान आइ, नींदक रासायनिक प्रक्रिया पर होयत चर्चा

दरभंगा। सीएम साइंस कॉलेज, दरभंगाक पीजी रसायन विज्ञान विभाग द्वारा आयोजित मासिक व्याख्यान शृंखलाक तेसर व्याख्यान मंगलदिन, 3 नवंबर कें पूर्वाह्न 11 बजे कामेश्वर भवन मे आयोजित होयत। महाविद्यालयक प्रधानाचार्य प्रो. संजीव कुमार मिश्रक अध्यक्षता मे होमयवला एहि व्याख्यानक विषय नींद : अहांक जीवन कें नियंत्रित करयवला एकटा रासायनिक प्रक्रिया राखल गेल अछि। व्याख्यानक मुख्य वक्ता सीएम साइंस कॉलेजक पीजी रसायन विज्ञान विभागक सेवानिवृत्त प्राध्यापक प्रो. ए.एस. अंसारी हेताह। ओ अपन व्याख्यान मे नींदक रासायनिक आ जैविक प्रक्रिया तथा मानव जीवन पर पड़यवला एकर प्रभावक वैज्ञानिक पक्ष पर विस्तार सं प्रकाश देताह। महाविद्यालयक रसायन विज्ञान विभागाध्यक्ष डॉ. विश्व दीपक त्रिपाठी जानकारी दैत कहलनि जे एहि व्याख्यान शृंखलाक मुख्य उद्देश्य विद्यार्थी आ शोधार्थी सभ मे रसायन विज्ञानक नवीन आयाम, वैज्ञानिक चिंतन आ अनुसंधानक प्रति रुचि विकसित करब अछि।

पं. 'हेम' लिखित पहिल 'मैथिलीय भाषा-व्याकरण भास्कर' सरल आ सरस अछि : सरस

सारस्वत परिसर मे मैथिलीय व्याकरणक पुनर्संस्करण आ बिलाइ मौसीक अंग्रेजी अनूदित दोसर संस्करणक भेल लोकार्पण

दरभंगा, समदिया



खाजासराय स्थित सारस्वत परिसर मे पं. हीरालाल झा हेम रचित मैथिलीय भाषा-व्याकरण भास्कर आ मैथिलीक प्रतिष्ठित कथाकार नीता झा लिखित बालकथा-संग्रह बिलाइ मौसीक दोसर आ अंग्रेजी अनूदित संस्करणक लोकार्पण कयल गेल। समारोहक अध्यक्षता करैत मैथिलीक प्रसिद्ध साहित्यकार सियाराम झा सरस कहलनि जे पं.हेम लिखित पहिल मैथिली व्याकरणक भाषा लोकाभिमुख, अत्यंत सरल आ विस्तृत अछि। ओ कहलनि जे पं. हेम मैथिली व्याकरणक रचना 1925 मे पूरा कयने छलाह, जखन कि एकर प्रकाशन 1926 मेदरभंगा प्रेस कंपनी सं भेल छल। एहि दुर्लभ आ ऐतिहासिक पुस्तकक करीब एक सय वर्ष बाद पुनर्संस्करण होयब विद्यार्थी-विदुषी आ पाठक सभक लेल अत्यंत महत्वपूर्ण अछि। कार्यक्रमक आरंभ आगत अतिथि सभक स्वागत मिथिलाक परंपरा अनुसार पाग-चादरि पहिरा कए सम्मानित करबाक आ दीप प्रज्वलित करबाक संग भेल। एहि अवसर पर कथाकार उषा चौधरी कहलनि जे नीता झा मैथिलीक प्रतिष्ठित कथाकार होयबाक संगहि अपन कुशल संपादन-काजक माध्यम सं साहित्य जगत मे विशिष्ट स्थान बनौने छथि।मिथिला विश्वविद्यालयक मानविकी संकायाध्यक्ष डॉ. दमन कुमार झा कहलनि जे बिलाइ मौसी बाल-मनोविज्ञानक दृष्टि सं उपयोगी आ महत्वपूर्ण संग्रह अछि। खास कय एकर अनूदित संस्करण अत्यंत सरल आ पठनीय अछि। डॉ. सुरेंद्र भारद्वाज हेम रचित व्याकरणक प्रासंगिकता पर प्रकाश देलनि।लेखक रमेश मैथिलीक पहिल व्याकरणक दोसर संस्करणक प्रशंसा करैत एकर व्यावहारिक पक्ष पर विस्तार सं चर्चाकयलनि। ओ मैथिलीक स्वन आधारित व्याकरणक आवश्यकता पर जोर देलनि। संगहि बाल-साहित्यक भाषाकसहजता बनौने रखबाक आ भाषिक आडंबर सं बचबाक बात कहलनि। संपादकीय वक्तव्य दैत डॉ. नीता झा प्रकाशित व्याकरणक पहिल संस्करणक प्रति उपलब्ध होयबाक प्रक्रिया आ बिलाइ मौसीक अनूदित दोसर संस्करणक संबंध मे विस्तार सं जानकारी देलनि। उल्लेखनीय अछि जे बिलाइमौसीक अंग्रेजी अनुवाद पृथा सिंह कयने छथि। नेनपन मे ओ एहि संग्रहक सभ कथा पहिल बेर सुनने रहथि। मंच संचालन मैथिलीक प्रसिद्ध गीतकार अशोक कुमार मेहता कयलनि। ओ व्याकरणक महत्व बतबैत एहनसाहित्यिक काजक निरंतरता पर जोर देलनि। अंत मे अभियंता अमरेंद्र कुमार झा उपस्थित अतिथि सभक प्रतिआभार प्रकट कयलनि। लोकार्पण समारोह मे वैद्य गणपति झा, डॉ. योगानंद झा, डॉ. सुनीता झा, डॉ. विभूतिनाथसिंह झा, हीरेंद्र कुमार झा, डॉ. सत्येंद्र कुमार झा, डॉ. सुनीता कुमारी, डॉ. कंचन दीपा, डॉ. संतोष दत्त झा, उमा कुमारी,मोना कुमारी, नंद कुमार राय, पूजा कुमारी, कंचन कुमारी आ कृष्ण कुमार झा सहित कतेको गणमान्य लोक उपस्थित छलाह।

फोकल शिक्षक सभक दू दिवसीय प्रशिक्षण शिविर शुरू

विद्यालय आपदा प्रबंधन पर देल गेल जानकारी

बिस्फी, समदिया



प्रारंभिक शिक्षा आ सर्व शिक्षा अभियानक अंतर्गत बिस्फी प्रखंड क्षेत्रक सभ प्रारंभिक विद्यालय मे कार्यरत फोकल शिक्षकसभक दू दिवसीय प्रशिक्षण शिविर सोमदिन प्रखंड संसाधन केंद्रक सभागार मे शुरू भेल। मुख्यमंत्री विद्यालय सुरक्षा कार्यक्रमक अंतर्गत विद्यालय सुरक्षा व्यवस्था मजबूत करबाक आ जलवायु अनुकूल विद्यालय मॉडलविकसित करबाक उद्देश्य सं ई प्रशिक्षण आयोजित कयल जा रहल अछि।प्रशिक्षणक शुरुआत प्रखंड शिक्षा पदाधिकारी बसंत कुमार सिंह आ प्रशिक्षक राहुल कुमार कयलनि। एहि दौरानमौसिम आधारित खतरा आ बिहारक भौगोलिक परिस्थिति तथा विभिन्न मौसिम मे उत्पन्न होयवला आपदाक विषय मे जानकारी देल गेल। जोखिमक स्थिति मे की करबाक चाही आ की नहि करबाक चाही, एहि संबंध मे विस्तारसं बताओल गेल। प्रशिक्षु शिक्षकसभके मॉक ड्रिलक अभ्यास सेहो कराओल गेल।प्रशिक्षक राहुल कुमार प्रारंभिक विद्यालय, मदरसा आ निजी विद्यालय मे विद्यालय आपदा प्रबंधन समितिक गठनक प्रक्रिया विस्तार सं बुझौलनि। ओ कहलनि जे समिति मे कुल 13 सदस्य रहताह। एहि मे बाल संसदक 6 मंत्री,बाल सुरक्षा मंत्री आ उपमंत्री 2, विद्यालय शिक्षा समितिक अध्यक्ष 1, फोकल शिक्षक सचिव 1 आ बाल प्रेरक 3 सदस्य रहताह। प्रशिक्षणक माध्यम सं शिक्षकसभके विद्यालय मे आपदा प्रबंधन, बाल सुरक्षा आ प्राकृतिक आपदा सं निपटबाक व्यावहारिक जानकारी देल जा रहल अछि। एहि अवसर पर संबंधित विद्यालयक प्रतिनियुक्त शिक्षक उपस्थित छलाह।

झंझारपुर मे खाद्य विभागक छापा, मोती होटल सं 16 किलो खराब खाद्य सामग्री जब्त

» पनीर जांच मे मानकक अनुरूप नहि, खोआक मियाद समाप्त, दू किराना दोकान सं सेहो नमूना संग्रह

झंझारपुर, समदिया

पर्व-त्योहारक मौसिम मे मिलावटखोर पर नकेल कसबाक लेल खाद्य विभाग झंझारपुर मे छापेमारी कयलक। दरभंगा सं आयल फूड इंस्पेक्टर आर. वेंकटरमन शर्मा शनिदिन झंझारपुर आरएस स्थित प्रसिद्ध मोती होटल एंड रेस्टोरेंट मे छापा मारलनि। जांचक दौरान होटल मे राखल 6 किलो पनीर मानकक अनुरूप नहि पाओल गेल, जखनकि 10 किलो खोआक उपयोगक मियाद समाप्त भए गेल छल। टीम दुनू खाद्य सामग्रीके मौका पर नष्ट करा देलक। फूड इंस्पेक्टर बतौलनि जे होटल सं आन खाद्य पदार्थक नमूना सेहो लेल गेल अछि। सभ नमूनाके जांच लेल प्रयोगशाला पठाओल जायत। लैब रिपोर्ट अयलाक बाद आगूक कानूनी कारबाइ कयल जायत। होटल मे छापेमारीक बाद टीम आरएस बाजार स्थित दूटा किराना दोकान मे सेहो जांच कयलक। सतीश चौधरी आ विक्की कुमारक दोकान सं बिस्कुट, चायपत्ती, सोनपापड़ी सहित अन्य खाद्य सामग्रीक नमूना लए सील कयल गेल। छापामारीक खबरि फैलिते आरएस बाजार आ झंझारपुर पुरान बाजारक मिठाइक दोकानदार सभ मे हड़कंप मचिगेल। कतेको दोकानदार अपन दोकानक शटर खसा कए हटैत देखल गेलाह।स्थानीय लोकक कहब अछि जे बहुत दिनक बाद झंझारपुर मे एहि तरहक सख्त जांच भेल अछि। लोकसभक अनुसार दीपावली आ छठिक अवसर पर नामी-गिरामी दोकान सभ मे मिलावटवला मिठाइ बेचल जेबाक शिकायत आमअछि। नियमित जांच नहि होयबाक कारण मिलावट करयवला दोकानदारसभक मनोबल बढ़ल रहैत अछि। लोकसभक आरोप अछि जे पैघ मिठाइक दोकान सभ मे मिलावट संबंधी शिकायत बेसी भेटैत अछि। एहि लेल खाद्य विभाग सं नियमित जांच आ दोषी दोकानदार सभ पर कारबाइ करबाक मांग उठाओल गेल अछि।

नालंदाक ज्ञान परंपरा सं परिचित होयताह टीपी कॉलेजक प्रशिक्षु विद्यार्थी

» शिक्षा शास्त्र विभागक तीन दिवसीय शैक्षणिक परिभ्रमण शुरू, 50 प्रशिक्षु छात्र-अध्यापकक दल राजगीर विदा

मधेपुरा, समदिया

कक्षाक पढ़ाई कें ऐतिहासिक धरोहर आ व्यावहारिक अनुभव सं जोड़बाक उद्देश्य सं टीपी कॉलेज, मधेपुराक शिक्षा शास्त्र विभाग द्वारा तीन दिवसीय शैक्षणिक परिभ्रमण शुरू कयल गेल। एहि क्रम मे 50प्रशिक्षु छात्र-अध्यापकक दल राजगीर स्थित नालंदा विश्वविद्यालयक लेल विदा भेल।महाविद्यालय परिसरमे प्राचार्य प्रो. कैलाश प्रसाद यादव, अर्थपाल डॉ. रत्नदीप आ शिक्षा शास्त्र विभागाध्यक्ष डॉ. जावेद अहमदसंयुक्त रूप सं हरियर झंडी देखाक दलके विदा कयलनि।एहि अवसर पर प्राचार्य कहलनि जे शैक्षणिक परिभ्रमण विद्यार्थीक सर्वांगीण विकासक प्रभावी माध्यमअछि। एहि माध्यम सं छात्रसभके पुस्तकीय ज्ञान सं आगू बढ़ि ऐतिहासिक धरोहर, शैक्षणिक परंपरा आ वास्तविक परिस्थिति सभके बुझबाक अवसर भेटैत अछि।परिभ्रमणक दौरान विद्यार्थी नालंदाक गौरवशाली ज्ञान परंपरा, ऐतिहासिक विरासत आ आधुनिकविश्वविद्यालयक शैक्षणिक गतिविधि सं परिचित होयताह। एहि पहलाक उद्देश्य विद्यार्थीसब मेऐतिहासिक चेतना, शोधक प्रवृत्ति, जिज्ञासा आ व्यावहारिक समझ विकसित करब अछि। एहि अवसर पर डॉ. अमित कुमार, डॉ. कुंदन कुमार सिंह, डॉ. रंजन कुमार, नदीम अहमद अंसारी, सुप्रीताकुमारी, विनीत राज, गौरव चौधरी, मदन मोहन कुमार आ केएल पटेल सहित विभागक शिक्षक उपस्थित छलाह।

एनएच-27 पर बोलेरो आ साइकिलक टक्कर, 70 वर्षीय बुजुर्ग गंभीर रूप सं घायल

झंझारपुर, समदिया



भैरवस्थान थाना क्षेत्रक एनएच-27 पर विदेश्वर स्थान कट लग सोमदिन बोलेरो आ साइकिलक बीच टक्कर भएगेल। एहि सड़क दुर्घटना मे साइकिल सवार 70 वर्षीय बुजुर्ग गंभीर रूप सं घायल भए गेलाह।भैरवस्थान थानाध्यक्ष सत्येंद्र तिवारी बतौलनि जे घायल व्यक्ति द्वारा देल गेल जानकारीक अनुसार बोलेरो आसाइकिलक बीच टक्कर भेल। दुर्घटना मे दरभंगा जिलाक मनीगाछी थाना क्षेत्रक सखवार गाम निवासी हरि नारायण झाक 70 वर्षीय पुत्र सतीश चंद्र झा घायल भए गेलाह। स्थानीय लोकनिक सहयोग सं घायल बुजुर्गके तत्काल इलाज लेल सकरी स्थित रामशिला अस्पताल पठाओल गेल। घटना संबंधी जानकारी भेटलाक बाद थाना पुलिस जांच शुरूकए देने अछि। पुलिस बोलेरो वाहनक पहचान करबाक प्रयास कए रहल अछि।

अररिया संग्राम ट्रॉमा सेंटर मे डायलिसिस सेवा शुरू, आब किडनी रोगी कें दरभंगा-मधुबनी जेबाक मजबूरी नहि

अपोलो कंपनीक माध्यम सं भेटत इलाजक सुविधा, मुदा फिस्टुला आ ब्लड बैंकक व्यवस्था एखनहुं जरूरी

झंझारपुर, समदिया



झंझारपुरक अररिया संग्राम स्थित ट्रॉमा सेंटर मे किडनी मरीजसभक लेल बहुप्रतीक्षित डायलिसिस सेवा विधिवत शुरू भए गेल अछि। आब मरीजसभके अपोलो डायलिसिस प्राइवेट लिमिटेडक माध्यम सं एहि केंद्र पर डायलिसिसक सुविधा भेटत। एहि सेवा शुरू होयबा सं किडनीक गंभीर बेमारी सं जूझि रहल मरीजसभके पैघ राहति भेटत। आबइलाजक लेल हुनका सभकें मधुबनी, दरभंगा वा पटना जेबाक जरूरत नहि पड़त। ट्रॉमा सेंटर प्रभारी डॉ. अशोक आनंद बतौलनि जे अपोलो कंपनीक माध्यम सं डायलिसिस सेवा शुरू कयल गेल अछि। जानकारक अनुसार किडनी मरीजसभके नियमित रूप सं एक-दू दिनक विराम पर डायलिसिस करय पड़ैत अछि।निजी अस्पताल मे मात्र डायलिसिस शुल्क करीब 4 हजार टाका लगैत छल। दवाइ आ आन-जायबा मे होयवला खर्चजोड़लापर ई राशि 8 सं 9 हजार टाका धरि पहुंचि जाइत छल। एहि कारण गरीब मरीजसभके आर्थिक आ शारीरिक दुनूतरहक परेशानी झेलय पड़ैत छल।स्थानीय स्तर पर ई सुविधा उपलब्ध होयबा सं झंझारपुर आ फुलपरास अनुमंडलक संग पड़ोसी जिलाक मरीजसभकेसेहो लाभ भेटत। सेवाक शुरुआतक संगहि अररिया संग्राम निवासी मोहम्मद बदरुद्दीन शेखक पहिल डायलिसिससफलतापूर्वक कयल गेल। केंद्रक व्यवस्था सेंटर मैनेजर रचिता कुमारी संभालि रहल छथि, जखन कि डायलिसिसटेक्नीशियनक रूप मे छोटू कुमार सेवा द रहल छथि।हालांकि, डायलिसिस सेवाक विस्तारक संग किछु जरूरी सुविधा उपलब्ध करयबाक मांग सेहो उठल अछि।विशेषज्ञसभक कहब अछि जे डायलिसिस लेल फिस्टुला बनायब अत्यंत महत्वपूर्ण अछि। फिलहाल ट्रॉमा सेंटर मेफिस्टुला बनयबाक सुविधा उपलब्ध नहि अछि। दरभंगा आ पटना जेहन शहर मे फिस्टुला बनयबा मे 20 सं 25 हजारटाका तक खर्च होइत अछि। यदि ई सुविधा सेहो ट्रॉमा सेंटर मे शुरू भए जाय तं मरीजसभके बेसी राहति भेटत। एकर अतिरिक्त डायलिसिसक बाद कतेको बेर मरीजके रक्त चढ़यबाक आवश्यकता पड़ैत अछि। एहि लेल ट्रॉमा सेंटर मे ब्लड बैंकक स्थापना सेहो जरूरी अछि। स्थानीय स्तर पर डायलिसिस सेवा शुरू होयब स्वास्थ्य सुविधाक विस्तारक दिशा मे महत्वपूर्ण पहल अछि, मुदा फिस्टुला आ ब्लड बैंकक व्यवस्था भेला पर मरीजसभके इलाजक प्रक्रिया आओर सहज भए सकत।

ई-कचरा प्रबंधन लेल मध्य विद्यालय बरहा मे चलाओल गेल जागरूकता अभियान

ई-कचरा प्रबंधन विषय पर विशेष चेतना सत्र आयोजित कयल गेल

बिस्फी, समदिया



बिस्फी प्रखंड क्षेत्रक मध्य विद्यालय बरहाक परिसर मे स्वच्छता स्पेशल कैंपेन 6क अंतर्गत ई-कचरा प्रबंधन आ जागरूकता अभियान चलाओल गेल। एहि अवसर पर विद्यालय मे विशेष कार्यक्रम आयोजित कय ई-कचराकसंग्रहण कयल गेल। कार्यक्रमक दौरान ई-कचरा प्रबंधन विषय पर विशेष चेतना सत्र आयोजित कयल गेल। छात्र- छात्राक बीच क्विज प्रतियोगिताक आयोजन सेहो भेल। एकत्रित ई-कचराक उचित निस्तारण लेल हरियर, नील, लाल आ कारी रंगक डिब्बाक व्यवस्था कयल गेल। एहि माध्यम सं बच्चासभके ई-कचराक सही ढंग सं संग्रहण आनिस्तारण करबाक जानकारी देल गेल।अभियान मे इको क्लबक सदस्य प्रिया कुमारी, अंजली कुमारी, चंदा कुमारी, सपना कुमारी, शिवम कुमार, कृष्णकुमार, संजीव कुमार आ आशिक कुमार सक्रिय भाग लेलनि। विद्यालयक प्रधानाध्यापिका ललिता कुमारी कहलनि जे स्वच्छता कैंपेन 6क अंतर्गत स्वच्छता, साफ-सफाई, हाथक स्वच्छता आ जैव चिकित्सीय अपशिष्ट प्रबंधनक प्रति जागरूकता फैलाओल जा रहल अछि। एहि कार्यक्रमक मुख्य उद्देश्य शैक्षणिक संस्थान सभ मे स्वच्छ, सुरक्षितआ संक्रमणमुक्त वातावरण बनेबाक अछि। मौका पर शिक्षक अरुण कुमार पासवान, दुर्गेश वर्मा, मिंटू यादव, वीणा कुमारी सहित विद्यालयक कतेको शिक्षक उपस्थित छलाह।

राहुल गांधीके परिवारक चिंता, मोदी 140 करोड़ देशवासी कें मानैत छथि अपन परिवार : नितिन नवीन

» भागलपुर मे भाजपा राष्ट्रीय अध्यक्षक पहिल आगमन पर भव्य स्वागत, आतिशबाजी, ढोल-नगाड़ा आ बुलडोजर सं पुष्पवर्षा

भागलपुर, समदिया



भाजपाक राष्ट्रीय अध्यक्ष नितिन नवीन सोमदिन भागलपुरक ऐतिहासिक लाजपत पार्क सं एनडीएक राष्ट्रव्यापी अभियानलोकतंत्र बचाउ, अराजकता हटाउ क शंखनाद कयलनि। एहि अवसर पर आयोजित जनसभा मे ओ कांग्रेस आ विपक्षी गठबंधन पर जमि कए निशाना साधलनि। ओ कहलनि जे राहुल गांधीके अपन परिवारक चिंता रहैत अछि, जखन कि प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी 140 करोड़ देशवासीके अपन परिवार मानैत छथि आ हुनकर विकास आसुरक्षाक लेल समर्पित छथि।नितिन नवीन कहलनि जे 2014 सं पहिने देश भ्रष्टाचार आ घोटाला सं परेशान छल। नरेंद्र मोदीक नेतृत्व मे केंद्रसरकार पारदर्शिता आ विकासके प्राथमिकता देने अछि। विपक्ष पर चुनाव मे हारलाक बाद चुनाव आयोग आसंवैधानिक संस्था सभ पर सवाल उठेबाक आरोप लगबैत ओ कहलनि जे तमिलनाडु आ केरल मे जीत भेटलापर विपक्षके लोकतंत्र मजबूत देखाइत अछि, मुदा हार होइतहि चुनाव प्रक्रियापर सवाल उठाबय लगैत अछि। ओ आरोप लगौलनि जे राहुल गांधी विदेशी शक्तिक संग मिलि भारतक लोकतांत्रिक छविके कमजोर करबाक प्रयास कए रहल छथि। नितिन नवीन कहलनि जे लोकतंत्र मे जनता सर्वोपरि होइत अछि आ चुनाव मे जनता विपक्षकेजवाब देत।नगर विकास मंत्री आ भागलपुर जिला प्रभारी नीतीश मिश्रा एसआईआरके लए विपक्ष पर भ्रम फैलयबाक आरोप लगौलनि। ओ दावा कयलनि जे बिहार मे मतदाता सूची पुनरीक्षणक दौरान 65 लाख अपात्र प्रविष्टि हटाओल गेल आ साढ़े 21 लाख नव पात्र मतदाताक नाम जोड़ल गेल।उपमुख्यमंत्री विजय कुमार चौधरी कहलनि जे विपक्ष चुनाव आयोग आ संवैधानिक संस्थासभके निशाना बनाकलोकतांत्रिक व्यवस्थाके कमजोर कए रहल अछि। ओतहि पूर्व केंद्रीय मंत्री शाहनवाज हुसैन राहुल गांधी पर देशविरोधी शक्तिक संग ठाढ़ रहबाक आरोप लगौलनि। हमक राष्ट्रीय अध्यक्ष डॉ. संतोष कुमार सुमन, भाजपा प्रदेश अध्यक्ष संजय सरावगी आ सांसद राजेश वर्मा सेहो विपक्ष पर निशाना साधलनि।लाजपत पार्क सं घंटाघर धरि निकलल पदयात्रा जनसभाक बाद नितिन नवीनक नेतृत्व मे करीब 1300 मीटरक पदयात्रा निकालल गेल। ई यात्रा लाजपत पार्क सं खरमनचक आ भामाशाह चौक होइत ऐतिहासिक घंटाघर चौक पहुंचल। एहि सं पहिने हवाई अड्डा पर एनडीएकनेता सभ हुनकर भव्य स्वागत कयलनि। कार्यक्रम मे एनडीएक वरिष्ठ नेता, जनप्रतिनिधि आ पैघ संख्या मेकार्यकर्ता शामिल भेलाह।

ढोल-नगाड़ा आ आतिशबाजी सं नितिन नवीनक भव्य स्वागत

भागलपुर, समदिया

भाजपाक राष्ट्रीय अध्यक्ष बनलाक बाद पहिल बेर भागलपुर पहुंचल नितिन नवीनक सोमदिन भव्य स्वागत कयलगेल। हवाई अड्डा सं लए कए लाजपत पार्क धरि ढोल-नगाड़ाक गूंज, आतिशबाजी आ फूलक बरखा सं वातावरणउत्सवी बनल रहल। कतेको स्थान पर कार्यकर्ता बुलडोजर पर चढ़ि हुनकर काफिला पर गुलाबक पंखुड़ी बरसौलनि। विभिन्न स्थान पर फूल-माला आ गुलदस्ता दए हुनकर अभिनंदन कयल गेल। निर्धारित कार्यक्रमक अनुसार, भोरे 11:20 बजे नितिन नवीनक हेलीकॉप्टर भागलपुर हवाई अड्डा पर उतरल।हुनका संग उपमुख्यमंत्री विजय कुमार चौधरी सेहो मौजूद छलाह। जिलाधिकारी अलंकृता पांडेय गाछ भेंट कएहुनकर औपचारिक स्वागत कयलनि। तकर बाद भाजपा आ जदयू नेता आ कार्यकर्ता शॉल, बुके आ फूल-माला संहुनकर स्वागत कयलनि। नितिन नवीन हाथ जोड़ि सभक अभिवादन स्वीकार कयलनि। सड़कक दुनू कात जुटल कार्यकर्ताक भारी भीड़ स्वागत समारोहके शक्ति प्रदर्शनक रूप द देलक।

ब्रह्मस्थान लग झाड़ी सं 600 बोतल नेपाली शराब बरामद, अन्हारक लाभ उठा तस्कर फरार

» फरार व्यक्तिक पहिचान कए लेल गेल अछि

झंझारपुर, समदिया

झंझारपुर थाना पुलिस गुप्त सूचनाक आधार पर कारबाइ कर ब्रह्मस्थान वार्ड संख्या-14 लग एकटा झाड़ी सं 600 बोतल नेपाली देसी शराब बरामद कयलक। एहि दौरान पुलिस वाहनके अबैत देखि शराब कारोबारी अन्हार आपोखरिक लाभ उठा फरार भए गेल।झंझारपुर थानाक पुअनि पवन कुमार दीक्षितक लिखित बयान पर एहि मामिला मे प्राथमिकी दर्ज कयल गेल अछि। प्राप्त जानकारीक अनुसार पुलिसके गुप्त सूचना भेटल छल जे ब्रह्मस्थान लग श्याम मुखिया द्वारा अवैध रूप संशराबक खरीद-बिक्री कयल जा रहल अछि। सूचना भेटिते ओ स्थानीय चौकीदारक संग ओतय पहुंचलाह। पुलिसवाहनके अबैत देखि एक व्यक्ति भागय लागल। पुलिस बलक सहयोग सं ओकरा पकड़बाक प्रयास कयल गेल, मुदाओ फरार होयबा मे सफल रहल। फरार व्यक्तिक पहचान झंझारपुर नगर परिषदक वार्ड संख्या-14 स्थित मल्लाह टोल निवासी महेंद्र मुखियाक पुत्र श्याम मुखियाक रूप मे कयल गेल अछि।पुलिस एकटा निजी विद्यालयक लग पुलक कात झाड़ीक विधिवत तलाशी लेलक। एहि दौरान झाड़ी आ खर-पतवार सं झांपल पांचटा कारी रंगक प्लास्टिक बोरा भेटल। बोरा खोललापर नेपाली देसी शराब बरामद भेल। प्रत्येक बोरा मे 4कार्टून, एहि हिसाबे कुल 20 कार्टून छल। प्रत्येक कार्टून मे 30 बोतल छल। एहि प्रकारे कुल 600 बोतल शराब बरामदकयल गेल। प्रत्येक बोतल 300 एमएलक छल। कुल 180 लीटर नेपाली मामाश्री देसी शराब जब्त कयल गेल। झंझारपुर थानाध्यक्ष सुनील कुमार सिंह कहलनि जे फरार आरोपित श्याम मुखियाक विरुद्ध प्राथमिकी दर्ज कय पुलिस कानूनी कारबाइ शुरू कए देने अछि।

पटाखा बिक्री लेल अस्थायी लाइसेंस अनिवार्य, 12 नवंबर धरि करय पड़त आवेदन

100 किलो धरि पटाखा रखबाक आ बेचबाक लेल लाइसेंस जरूरी, नियम तोड़लापर होयत कारबाइ

सहरसा, समदिया



» हरित पटाखाक बिक्री कें अनुमति, छोट दोकानदार आ ग्रामीण कारोबारिक बढ़ि सकैत अछि परेशानी

दीपावली कें देखैत पटाखाक बिक्री पर प्रशासन सख्ती शुरू कए देने अछि। सदर अनुमंडल क्षेत्र आ सिमरी बख्तियारपुर अनुमंडल क्षेत्र मे पटाखा बेचयबला सभ दोकानदार लेल अस्थायी अनुज्ञप्ति लेब अनिवार्य कए देल गेलअछि। एहि संबंध मे सदर सहरसा अनुमंडल कार्यालयक गोपनीय शाखा द्वारा आम सूचना जारी कए इच्छुक पटाखाविक्रेता सभ सं आवेदन आमंत्रित कयल गेल अछि। जिलाधिकारी दीपेश कुमारक आदेशक आलोक मे जारीनिर्देशानुसार, विस्फोटक नियम 2008क धारा 84 के अंतर्गत 100 किलोग्राम तक पटाखाक भंडारण आ बिक्री लेलप्रपत्र एलई-5 मे अस्थायी अनुज्ञप्ति देल जायत। अनुज्ञप्ति प्राप्त करबाक लेल निर्धारित प्रपत्र एई-5 मे आवेदनक संग 600 टाकाक कोषागार चालान जमा करय पड़त। आवेदन 12 नवंबर 2026 धरि प्रत्येक कार्यदिवस पर भोरे 10:30 बजे सं सांझ 5 बजे धरि अनुमंडल कार्यालय मे जमा कयल जा सकैत अछि। आवेदनक संग संबंधित थानाध्यक्ष आअग्निशमन पदाधिकारीक अनापत्ति प्रमाणपत्र तथा नियमक पालन करबाक शपथपत्र देब अनिवार्य अछि। प्रशासनविदेशी आ चीनी पटाखाक खरीद-बिक्री पर पूर्ण प्रतिबंध लगा देने अछि। बेसी आवाज, धुआं आ प्रदूषण फैलयवलापटाखाक संग लड़िया आ सीरीजवला पटाखाक बिक्री आ उपयोग पर सेहो रोक रहत। मात्र 125 डेसीबल सं कमआवाज आ कम धुआं छोड़यवला हरित पटाखाक बिक्रीक अनुमति देल गेल अछि। बेरियम नाइट्रेट सहित प्रतिबंधितरासायनिक तत्ववला पटाखाक खरीद-बिक्री सेहो प्रतिबंधित रहत।दोकानक बीच 15 मीटरक दूरी अनिवार्यसुरक्षाक दृष्टिकोण सं एक दोकान सं दोसर दोकानक बीच कम सं कम 15 मीटरक दूरी रखबाक निर्देश देल गेलअछि। दोकान मे अग्निशमन यंत्र आ बालूक बाल्टी राखब अनिवार्य होयत। पटाखाक आसपास ज्वलनशील पदार्थ,खुलल बिजलीक तार आ इलेक्ट्रॉनिक लाइटक उपयोग पर रोक रहत। बिना अनुज्ञप्ति पटाखा बेचय वा भंडारणकरयवला लोकनिक पटाखा जब्त करबाक संग कानूनी कारबाइ कयल जायत। छोट कारोबारीक आगू रोजी-रोटीक संकटसुरक्षा आ पर्यावरणक दृष्टिकोण सं प्रशासनक ई पहल जरूरी अछि, मुदा सख्त प्रावधान सं ग्रामीण क्षेत्रक छोटदोकानदारसभक परेशानी बढ़बाक आशंका अछि। गाम-देहात मे कतेको दोकानदार सीमित मात्रा मे पटाखा बेचि पर्व-त्योहारक अवसर पर किछु अतिरिक्त आमदनी करैत छथि। एहि नियमक असर बच्चासभक लेल फुलझड़ी आ छोटपटाखा खरीदयवला परिवार पर सेहो पड़ि सकैत अछि। दोसर दिस, एहि कारोबार मे लाखो टाका पूंजी लगौनिहार पैघव्यापारीसभके सेहो नियमक सख्ती आ अनुज्ञप्ति प्रक्रियाक कारण कारोबार प्रभावित होयबाक आशंका अछि। एहनस्थिति मे सुरक्षा मानकक पालन सुनिश्चित करबाक संग प्रशासनके छोट कारोबारिसभक व्यावहारिक कठिनाइ पर सेहो ध्यान देबाक जरूरत अछि

मौन संकल्प यात्रा मे ब्राह्मण सभ देखेलनि एकजुटता 15 सूत्री मांगक समर्थन मे बुलंद केलनि आवाज

» जिला सं हजारो परशुराम वंशज भेलाह शामिल, पटना मे 8 सूत्री मांगक समर्थन मे एक दिवसीय धरना

सहरसा, समदिया



लोकमंचक तत्वावधान मे आशीष झा उर्फ बब्बू झाक नेतृत्व मे आयोजित विशाल आ ऐतिहासिक मौन संकल्प यात्रामे बिहार भरिक ब्राह्मण समाज अपन एकजुटताक परिचय देलनि। समाजक 15 सूत्री मांगक समर्थन मे निकाललगेल एहि शांतिपूर्ण यात्रा मे सहरसा जिलाक विभिन्न गाम सं सैकड़ो परशुराम वंशज शामिल भेलाह आ आयोजन कें ऐतिहासिक बनौलनि। एहि आंदोलनक कड़ी मे पटना मे सेहो अखिल भारतीय संयुक्त ब्राह्मण समितिक बैनर तर ब्राह्मण समाज एकदिवसीय धरना दए अपन आवाज बुलंद केलक। धरनाक माध्यम सं यूजीसीक प्रावधान वापस लेबाक (यूजीसी रोलबैक), अनुसूचित जाति आ जनजाति अत्याचार निवारण अधिनियमक कथित दुरुपयोग पर रोक लगयबाक तथा आरक्षण व्यवस्था मे सुधार सहित 8 सूत्री मांग उठाओल गेल। ब्राह्मण महासभा, सहरसाक अध्यक्ष डब्बू मिश्र यात्रा मे शामिल सभ लोकक प्रति आभार प्रकट करैत कहलनि जे सहरसा मात्र नहि, बल्कि संपूर्ण बिहारक विप्र समाजक ओ हृदय सं धन्यवाद दैत छथि। कोषाध्यक्ष रोशन माधव कहलनि जे कतेको दशकक बाद ब्राह्मण समाज अपन हक आ अधिकार लेल एकजुट भए शांतिपूर्ण तरीका अपन बात राखि रहल अछि। बड़गामक मुखियाप्रतिनिधि बउवा खां कहलनि जे मौनहि ब्राह्मण सभक शक्ति आ साधना अछि। ओतहि महिषीक मुखिया प्रतिनिधि पीयूष रंजन आ मुरादपुरक मुखिया राहुल झा ब्राह्मण कल्याण बोर्डक गठन आ समाजक आर्थिक स्थितिक समीक्षाके प्रमुख मांग बतौलनि। प्रमंडलीय संयोजक बंटी झा आ गोपाल झा विभिन्न गाम सं पहुंचल अभिभावक आ युवासभक प्रति आभार व्यक्त केलनि। कार्यक्रम मे लक्ष्मी झा, कौशल कुमार, कैलाश मिश्र, विद्यापति राय, पवन चौधरी, प्रमोद चौधरी, रोशन चौधरी, रंजीत खां सहित सैकड़ो लोक उपस्थित छलाह। बघवा, गोपालपुर, पड़री, बनगाम, महिषी, गोलमा, बड़गाम, बलिया, बिहरा, पंचगछिया, चैनपुर, गढ़िया, मुरादपुर आ कहरा सहित कतेकोगाम सं पहुंचल लोकसभक भागीदारी समाजक एकजुटताक संदेश देलक।

श्रीमद्भागवत कथा कार्यक्रम मे शामिल भेलाह भाजपा नेता अमरनाथ प्रसाद

दीप प्रज्ज्वलित कए कयलनि शुभारंभ

मधुबनी, समदिया



दिव्य ज्योति जागृति संस्थानक तत्वावधान मे आ श्री आशुतोष महाराजजीक आशीर्वाद सं मधुबनी हवाई अड्डापरिसर मे आयोजित श्रीमद्भागवत कथा कार्यक्रम मे भारतीय जनता पार्टीक प्रदेश कार्यसमिति सदस्य आ प्रसिद्धस्वर्ण व्यवसायी अमरनाथ प्रसाद मुख्य अतिथिक रूप मे शामिल भेलाह। हुनका संग भाजपा महिला मोर्चाक अध्यक्ष प्रतिमा रंजन आ संतगण सेहो उपस्थित छलाह। अमरनाथ प्रसाद दीप प्रज्ज्वलित कए कार्यक्रमक शुभारंभ केलनि।एहि अवसर पर आयोजन समितिक पदाधिकारी सभ हुनका अंगवस्त्र आ चंदनक तिलक लगा कए सम्मानित केलनि। एहि अवसर पर अमरनाथ प्रसाद कहलनि जे श्रीमद्भागवत कथा मात्र धार्मिक आयोजन नहि, बल्कि मानवजीवन कें सदाचार, संस्कार, प्रेम, करुणा आ भक्तिक मार्ग पर चलबाक प्रेरणा देबयवला आध्यात्मिक माध्यम अछि।भगवान श्रीकृष्णक उपदेश हमरा सभ कें सत्य, धर्म आ कर्तव्यक मार्ग पर आगू बढ़बाक संदेश दैत अछि। आइ-काल्हिक व्यस्त जीवन मे आध्यात्मिक आयोजनक विशेष महत्व अछि। एहन कार्यक्रम समाज मे सकारात्मकता, आपसी सद्भाव आ नैतिक मूल्य कें मजबूत करैत अछि। ओ कहलनि जे भारतीय संस्कृति आ आध्यात्मिक परंपराक संरक्षण करब हम सभक दायित्व अछि। ओ एहि पुनीत आयोजन लेल आयोजन समिति कें शुभकामना देलनि।

राष्ट्रीय स्वतंत्र पार्टीक तत्वावधान मे शुभकामना आदान-प्रदान कार्यक्रम आयोजित

जनकपुरधाम, समदिया



राष्ट्रीय स्वतंत्र पार्टीक दिस सं जनकपुरधाम उपमहानगरपालिका वार्ड नंबर 16 स्थित कपिलेश्वर मे दीपावली, छठि पर्व, सामा-चकेवा आ भरदुतिया (भाइटीका) क अवसर पर शुभकामना आदान-प्रदान कार्यक्रम आयोजित कयल गेल।कार्यक्रम मे पार्टीक मधेश प्रदेश आरएटी विभाग प्रमुख आ संगठन विभागक उपप्रमुख अंभू प्रसाद साह कपिलेश्वर क्षेत्र मे शिक्षा, स्वास्थ्य, खेती आ आधारभूत संरचनाक विकासक मुद्दा पर सरकारक ध्यान आकृष्ट करौलनि। ओस्थानीय आवश्यकता कें प्राथमिकता दैत विकास कार्य कें आगू बढ़यबाक जरूरत पर जोर देलनि। एहि अवसर परसिपरिचुअल जर्नलिस्ट्स सोसाइटी नेपालक मधेश प्रदेश अध्यक्ष आ वरिष्ठ पत्रकार नारायण साह कपिलेश्वरकधार्मिक, सांस्कृतिक, ऐतिहासिक आ पुरातात्विक महत्व पर प्रकाश देलनि। ओ कहलनि जे कपिलेश्वर क्षेत्र अपनधार्मिक मान्यता आ त्रेतायुग सं जुड़ल ऐतिहासिक धरोहरक कारण एकटा महत्वपूर्ण धार्मिक आ पर्यटन स्थल बनि सकैत अछि। एकर समग्र विकास लेल राज्य कें विशेष ध्यान देबाक आवश्यकता अछि। ओ कपिलेश्वर कें धार्मिक आ सांस्कृतिक पर्यटन केंद्रक रूप मे विकसित करबाक संगहि शिक्षा केंद्र बनेबाक लेल योजनाबद्ध पहल पर जोर देलनि। हुनकर कहब छलनि जे धार्मिक धरोहरक संरक्षण, पर्यटन कें बढ़ावा, शैक्षणिकसंस्थानक विकास आ स्थानीय आधारभूत संरचनाक निर्माणक काज एक संग आगू बढ़बाक चाही। कार्यक्रम मेसेवानिवृत्त कर्मचारी राम बाबू यादव, फेकन साह लहेरी, राधेश्याम साह, बिगुल साह, राकेश कुमार साह आ शत्रुघ्न साह सहित कतेको लोक अपन विचार रखलनि।

जनसुनवाई मे डीडीसी सुनलनि लोकक समस्या, त्वरित समाधानक देलनि निर्देश



» समस्याक निराकरण लेल संबंधित अधिकारी सभ कें आवश्यक निर्देश देल गेल

दरभंगा, समदिया

बिहार सरकारक निश्चय पार्ट-3 : सबके सम्मान, जीवन आसान कार्यक्रमक अंतर्गत जिलाधिकारी कौशल कुमारकनिर्देश पर सोमदिन उप विकास आयुक्त (डीडीसी) स्वप्निलक अध्यक्षता मे जनसुनवाई आ समाधान कार्यक्रमआयोजित कयल गेल। एहि दौरान डीडीसी विभिन्न क्षेत्र सं पहुंचल परिवादी सभक समस्या गंभीरतापूर्वक सुनलनि आ ओकर निराकरण लेल संबंधित अधिकारी सभ कें आवश्यक निर्देश देलनि। कतेको मामिला मे ओ स्वयं मोबाइल फोन सं संबंधित पदाधिकारी सभ सं बातचीत कय त्वरित समाधान सुनिश्चित करबाक निर्देश देलनि। जनसुनवाईकमुख्य उद्देश्य आम नागरिकसभक समस्याक त्वरित, पारदर्शी आ प्रभावी समाधान सुनिश्चित करब अछि। एहि दौरान कतेको आवेदन पर विस्तार सं सुनवाइ कयल गेल। किछु मामिला मे फोनक माध्य मे संबंधित अधिकारी सभ कें कारबाइ करबाक निर्देश देल गेल, जखन कि शेष आवेदन कें संबंधित विभाग सभ लग पठबैत शीघ्र निष्पादन करबाक कहल गेल। डीडीसी सभ विभागीय पदाधिकारी सभ कें निर्देश देलनि जे प्राप्त शिकायतक समाधान मेअनावश्यक देरी नहि करथि। ओ समस्यासभक विधिसम्मत, पारदर्शी आ निर्धारित समय-सीमाक भीतर निष्पादनसर्वोच्च प्राथमिकताक आधार पर सुनिश्चित करबाक निर्देश देलनि।

प्रशासनिक चौकसीक बीच भुतहीक महावीरी झंडा शांतिपूर्ण संपन्न

63 संवेदनशील स्थल पर दंडाधिकारी आ पुलिस बल छलाह तैनात

सीतामढ़ी, समदिया



» ड्रोन आ सीसीटीवी सं भेल निगरानी, भक्ति आ पारंपरिक खेल बनल आकर्षणक केंद्र

आस्था आ परंपराक प्रतीक भुतहीक महावीरी झंडा मंगलदिन कड़ा प्रशासनिक निगरानीक बीच शांतिपूर्ण ढंग सं संपन्न भए गेल। श्रद्धालुसभक उत्साह आ जयकारा सं पूरा इलाका भक्तिमय बनल रहल। आयोजन निर्विघ्न संपन्न करय लेल जिला प्रशासनक दिस सं व्यापक सुरक्षा व्यवस्था कयल गेल छल। जिलाक 63 संवेदनशील आअतिसंवेदनशील स्थल पर दंडाधिकारी, पुलिस पदाधिकारी आ सशस्त्र बलक तैनाती कयल गेल छल। जिलाधिकारीतनय सुल्तानिया आ पुलिस अधीक्षक अमित रंजन पूरा आयोजन पर लगातार नजरि रखने छलाह। ओतहि सदरएसडीओ आनंद कुमार, एडीशनल एसपी आशीष आनंद सहित अन्य वरीय अधिकारी विभिन्न स्थल पर पहुंचि सुरक्षाव्यवस्थाक जायजा लेलनि। जुलूस मे पारंपरिक खेलक प्रदर्शन आकर्षणक केंद्र रहल। पुरुष जतय पारंपरिक खेल मेअपन प्रतिभा देखबैत नजरि अयलाह, ओतहि महिलासभक टोली झंडा गीत गबैत श्रद्धा आ उत्साहक संग आगू बढ़ैत रहलथि। भुतही रैन पर भुतही आ फुलकांहाक विशाल महावीरी झंडा श्रद्धालुसभक आकर्षणक प्रमुख केंद्र रहल। घोड़ाक रथ पर सजाओल गेल विशाल झंडाक दर्शन लेल लोकसभक भीड़ उमड़ि पड़ल। खास बात ई रहल जे वर्ष 1954सं चलि आबि रहल परंपरा कें कायम रखैत फुलकांहाक झंडा ग्रामीण सभ तीन किलोमीटरक दूरी कन्हा पर उठा कएतय केलनि आ भुतही रैन पहुंचि विधिवत स्थापित केलनि। झंडा यात्राक दौरान जय शिवक जयकारा सं वातावरणगुंजायमान होइत रहल। एहि धार्मिक यात्रा मे पुरुषक संग महिलासभक भागीदारी सेहो उल्लेखनीय रहल। दोसर दिस, मेला मे महिला सभ जमि कए खरीदारी केलनि, जखन कि बच्चा सभ झूला आ खेलौनाक आनंद लेलनि।आयोजनक संवेदनशीलता कें देखैत प्रशासन सुरक्षा के व्यापक इंतजाम कयने छल। भुतही, फतहपुर, महुलिया, मड़पा, कचोर आ बेला सहित विभिन्न गाम मे पुलिस पदाधिकारी, दंडाधिकारी, महिला पुलिस आ सशस्त्र बल कें तैनात कयल गेल छल। निगरानी व्यवस्था कें प्रभावी बनयबाक लेल भुतही उच्च विद्यालय, फतहपुर आ भुतही रैनमे नियंत्रण कक्ष स्थापित कयल गेल छल। एहि ठाम सं लगातार सूचना जिला नियंत्रण कक्ष कें पठाओल जा रहल छल। संवेदनशील स्थल सभ पर सीसीटीवी कैमरा लगाओल गेल छल। एकर अतिरिक्त वीडियोग्राफी आ ड्रोन कैमराद्वारा सेहो जुलूसक गतिविधि पर नजरि राखल गेल। पूरा आयोजनक दौरान प्रशासनिक अधिकारी सभ सक्रियरहलाह। पुलिस निरीक्षक परशुराम सिंह, बीडीओ मृत्युंजय कुमार, परिहार बीडीओ ओम प्रकाश यादव, अंचलाधिकारीपंकज कुमार, भुतही थानाध्यक्ष चंद्रगुप्त कुमार, सोनबरसा थानाध्यक्ष धर्मेंद्र कुशवाहा तथा पुअनि रणवीर सिंह, विवेक कुमार, अंबिका शर्मा आ उमेश रजक सहित अन्य पदाधिकारी सुरक्षा व्यवस्था मे मुस्तैद रहलाह। ओतहिमुखिया अखिलेश कुमार, रंजू देवी, मुखिया पति ज्याउद्दीन उर्फ तनु, पंचायत समिति सदस्य जय किशोर ललित,पैक्स अध्यक्ष बीरेंद्र पंजियार, पूर्व पैक्स अध्यक्ष संजय पूर्वे, अरुण कुमार, अजय पंजियार, अहिराज शैलेंद्र, जिला पार्षद संजय कुमार, पूर्व मुखिया मो. सदरे आलम खान, जहांगीर अहमद खान, पूर्व मुखिया मनोज कुमार आ भाजपा नेता मनोज बैठा सहित कतेको जनप्रतिनिधि आ सामाजिक कार्यकर्ता उपस्थित रहलाह।

सहरसा जिला रहल प्रथम, सुपौल दोसर आ मधेपुरा-खगड़िया संयुक्त रूप सं तेसर स्थान पर

जिला मे पहिल बेर आयोजित भेल ओपन कोसी कराटे चैंपियनशिप, 250 सं बेसी खेलाड़ी लेलनि भाग

सहरसा, समदिया



जिलाक खेल इतिहास मे एकटा नव अध्याय जुड़ल, जखन पहिल बेर सहरसा मे प्रथम ओपन कोसी कराटे चैंपियनशिपक भव्य आयोजन कयल गेल। राज्यस्तरीय एहि प्रतियोगिता मे बिहारक विभिन्न जिला सं आयल 250 सं बेसी खेलाड़ी भाग लैत अपन प्रतिभा, अनुशासन आ खेल कौशलक प्रदर्शन केलनि। प्रतियोगिता मे सहरसा जिलापहिल स्थान प्राप्त केलक। टीएमएमए एसकेए इंडिया सेहो संयुक्त रूप सं पहिल स्थान पर रहल। सुपौल दोसर, जखन कि मधेपुरा आ खगड़िया संयुक्त रूप सं तेसर स्थान प्राप्त केलक। प्रतियोगिताक उद्घाटन पुलिस उपाधीक्षकमुख्यालय कमलेश्वर प्रसाद सिंह, जिला कराटे संघक अध्यक्ष डॉ. जयंत आशीष आ अतिथि अरुण कुमार केलनि।एहि अवसर पर कमलेश्वर प्रसाद सिंह कहलनि जे कराटे आत्मरक्षाक संगहि अनुशासन आ आत्मविश्वास विकसितकरबाक महत्वपूर्ण माध्यम अछि। ई बच्चा सभ कें नशा जकां सामाजिक कुरीति सं दूर रखैत सकारात्मक दिशा दैत अछि। डॉ. जयंत आशीष विभिन्न जिला सं आयल खेलाड़ी, प्रशिक्षक आ निर्णायकसभक स्वागत केलनि। खेलपदाधिकारी कुमारी तोशी आयोजनक सफलता पर जिला कराटे संघक महासचिव इफ्तेखार राही कें बधाई देलनि। ओविशेष रूप सं बच्ची सभ कें कराटे सं जोड़बाक आवश्यकता पर जोर देलनि। आयोजक इफ्तेखार राही प्रशिक्षक सभ कें सम्मानित करैत आयोजनक सफलताक श्रेय पूरा टीमक सहयोग आ समर्पण कें देलनि। ओ सभ अतिथि, निर्णायक, प्रशिक्षक, अभिभावक आ खिलाड़ीसभक प्रति आभार व्यक्त केलनि।

लोकतंत्र बचाउ, अराजकता हटाउ पदयात्राक सफलता लेल भाजपाक बैठक

अलीनगर सं बेसी सं बेसी कार्यकर्ताक भागीदारी सुनिश्चित करबाक बनल रणनीति

अलीनगर , समदिया



आगामी 5 नवंबर कें दरभंगा मे आयोजित होमयवला लोकतंत्र बचाउ, अराजकता हटाउ पदयात्राक सफलता लेल सोमदिन अलीनगर विधानसभा क्षेत्रक दसौत गाम स्थित राधाकृष्ण मंदिर परिसर मे भाजपा कार्यकर्तासभक बैठकभेल। बैठकक अध्यक्षता मंडल अध्यक्ष लाल मुखिया केलनि, जखन कि संचालन माधव झा आजाद केलनि। बैठक मे भाजपा दरभंगा पूर्वी जिलाध्यक्ष विनय कुमार पासवान आ जिला महामंत्री संजय कुमार सिंह उर्फ पप्पू सिंह प्रमुख रूप सं उपस्थित रहलाह। बैठक कें संबोधित करैत जिलाध्यक्ष विनय कुमार पासवान पदयात्राक उद्देश्य आ महत्व पर प्रकाश देलनि। ओ कहलनि जे विपक्ष द्वारा देश मे भ्रम आ अराजकताक माहौल बनेबाक प्रयास कयल जा रहल अछि। लोकतांत्रिक मूल्यक रक्षा आ जनताधरि सही तथ्य पहुंचयबाक उद्देश्य सं एहि पदयात्राक आयोजन कयल जा रहल अछि। ओतहि जिला महामंत्री संजय कुमार सिंह उर्फ पप्पू सिंह मंडल अध्यक्ष आ कार्यकर्ता सभ सं संवाद कय पदयात्रा मे बेसी सं बेसी भागीदारी सुनिश्चित करबाक अपील केलनि। ओ विभिन्न मंडल सं शामिल होमयवलाकार्यकर्ताक संख्या आ तैयारीक जानकारी लैत आवश्यक दिशा-निर्देश सेहो देलनि।

क्रिप्टोक ऐतिहासिक चोरी सं उठल सुरक्षा संबंधी सवाल

डॉ. संजय वर्मा

29 अक्टूबरक राति दुनियां कें सभ सं पैघ क्रिप्टो एक्सचेंज बाइनेंस सं लगभग 6.3 अरब डॉलर (करीब 53 हजार करोड़ टाका) मूल्यक डिजिटल संपत्ति किछुए मिनट मे चोरा लेल गेल। क्रिप्टो इतिहासक ई सभ सं पैघ चोरी अछि। फरवरी 2025 मे बायबिट एक्सचेंज सं भेल 1.5 अरब डॉलरक चोरीक तुलना मे ई चारि गुना बेसी अछि। बाइनेंस अपन खजाना, आपातकालीन भंडार आ बीमा कोष सं ग्राहक सभक 90 प्रतिशत नोकसान भरपाइक दावा कयने अछि। मुदा एहि घटनाक बाद क्रिप्टो मुद्रा मे निवेश करयवला लोकनिक विश्वास फेर कायम रहत, से कहब कठिन अछि। ई घटना भारत लेल सेहो कतेको सवाल छोड़ि गेल अछि। डिजिटल इंडिया आ यूपीआई सन अभियानक बल पर भारत डिजिटल लेनदेनक क्षेत्र मे दुनिया कें अग्रणी देश सभ मे शामिल अछि। लाखो लोक क्रिप्टो मुद्रा मे अपन पूंजी लगा रहल छथि। एहन स्थिति मे क्रिप्टो एक्सचेंज मे भेल सेंधमारी भारतक डिजिटल सुरक्षा आ निवेशक सभक भविष्य पर गंभीर प्रश्न ठाढ़ करैत अछि।

उत्तर कोरियाक हैकर समूह पर आशंका

एखन धरि भेल जांच-पड़तालक आधार पर एहि चोरीक पाछां उत्तर कोरियाक हैकर इकाई ट्रेडरट्रेटरक हाथ होयबाक आशंका जताओल गेल अछि। ब्लॉकचेन विश्लेषण करयवला कंपनी टीआरएम लैब्स आ चेनालिसिसक अनुसार ई समूह पहिने सं कुख्यात लाजरस समूह सं जुड़ल अछि। शुरूआती जानकारीक अनुसार बाइनेंसक एकटा इंजीनियरक लैपटॉप हैक कय एहि सेंधमारी के अंजाम देल गेल। मात्र 20 मिनट मे अरबों डॉलरक क्रिप्टो संपत्ति निकालि लेल गेल। ई घटना स्पष्ट करैत अछि जे जतेक डिजिटल लेनदेन आ निवेश बढ़त, ओतेक साइबर सुरक्षा मे छोट गलती सेहो भारी पड़ि सकैत अछि।

क्रिप्टो चोरीक बाद चोर लेल रकम बाजार मे खपेनाइ आसान नहि होइत अछि। ब्लॉकचेन तकनीक मे प्रत्येक लेनदेन सार्वजनिक बही-खाता मे दर्ज रहैत अछि। एहि कारण चोर सभ चोरीक रकम कें छोट-छोट हिस्सा मे बांटैत अछि, दोसर क्रिप्टो मुद्रा मे बदलैत अछि आ ओकरा वैध धन मे मिलयबाक प्रयास करैत अछि। एहि लेल फर्जी पहिचान पर अलग-अलग एक्सचेंज मे खाता खोलल जाइत अछि आ एक ब्लॉकचेन सं दोसर ब्लॉकचेन पर रकम स्थानांतरित कयल जाइत अछि। बाइनेंस मामिला मे सेहो चोरी भेल बिटकॉइन कें हजार-हजार आ सए-सए टुकड़ा मे बांटल गेल।

डॉलर आधारित स्टेबलकॉइन कें विकेंद्रीकृत एक्सचेंज पर बाजार भाव सं 10 प्रतिशत कम कीमत पर बेचबाक प्रयास भेल। मुदा टेथर, सर्कल आ रिपल सन कंपनी सभ



संदिग्ध लेनदेन पर नजरि रखैत अछि। हैकिंगक एक घंटाक भीतर एहि कंपनी सभ लगभग 2.7 अरब डॉलर फ्रीज क' देलक। मुदा हमलावरक लग एखनो करीब 2.4 अरब डॉलर मूल्यक ईथर आ बिटकॉइन बचल अछि, जाहि पर कोनो सरकारी अथवा वैध संस्था रोक नहि लगा सकल। सवाल उठैत अछि जे क्रिप्टो लेनदेन कें जवाबदेह संस्था सभक निगरानी मे किएक नहि राखल जाइत अछि?

भारतक राष्ट्रीय सुरक्षा पर सेहो खतरा

संयुक्त राष्ट्रक विशेषज्ञ सभ बहुत पहिने सं चेतबैत आबि रहल छथि जे क्रिप्टो चोरी उत्तर कोरियाक प्रतिबंधित हथियार कार्यक्रमक आर्थिक स्रोत बनैत रहल अछि। अर्थात कोनो क्रिप्टो एक्सचेंजक सुरक्षा मे चूक अंततः मिसाइल कार्यक्रम लेल धन जुटेबाक माध्यम बनि सकैत अछि। पाकिस्तान सन अस्थिर पड़ोसी रहबाक कारण भारत लेल ई मात्र आर्थिक नहि, बल्कि राष्ट्रीय सुरक्षा सेहो जुड़ल सवाल अछि। भारत एहि तरहक संकट पहिनहि झेलि चुकल अछि। जुलाई 2024 मे भारतीय एक्सचेंज वजीरएक्स सं करीब 23 करोड़ डॉलर चोरा लेल गेल छल। एकर संबंध सेहो लाजरस समूह सं जोड़ल गेल। लाखो उपयोगकर्ताक खाता कतेको महीना धरि फ्रीज रहल। नोकसान सभ ग्राहक पर बांटबाक प्रस्ताव आयल आ पुनर्गठनक प्रक्रिया भारतक बदला सिंगापुरक न्यायालय मे चलल। भारतीय एक्सचेंज, भारतीय ग्राहक आ भारतीय पूंजी रहितो न्याय लेल विदेशी कानूनक सहारा लेबाक स्थिति बनल। जुलाई 2025 मे देशक सभ सं पैघ एक्सचेंज कॉइनडीसीएक्स सं करीब 4.4 करोड़ डॉलर चोरा लेल गेल। कंपनी अपन कोष सं नुकसानक भरपाइ केलक आ सरकारी संस्था सर्ट-इनक संग जांच करेलक। मुदा ई कंपनीक अपन इच्छा छल, कोनो कानूनी बाध्यता नहि। एहि घटना सभ सं स्पष्ट अछि जे भारत मे हैकिंगक बाद निवेशकक रकम वापस भेटत वा नहि, से एक्सचेंजक आर्थिक क्षमता आ सदाशयता पर निर्भर करैत अछि।

भारतक क्रिप्टो नीति पर पुनर्विचार जरूरी

बाइनेंस सन विदेशी मंच पर निवेश करयवला भारतीय सभक पूंजी सेहो एहि घटना सं प्रभावित भेल अछि। बिटकॉइन छह सप्ताहक सभ सं नीचां स्तर पर पहुंचि गेल। एकर असर शेयर बाजार सं लए' क' छोट-छोट शहरक युवा निवेशक धरि पड़ि सकैत अछि। भारत मे क्रिप्टो निवेश पर प्रत्येक निवेशक कें 30 प्रतिशत कर देबाक प्रावधान अछि। प्रत्येक लेनदेन पर 1 प्रतिशत टीडीएस सेहो लगैत अछि। एकर अतिरिक्त क्रिप्टो एक्सचेंज कें वित्तीय खुफिया इकाई (एफआईयू) मे पंजीकरण करेनाइ अनिवार्य अछि। एकर उद्देश्य हवाला कारोबार पर रोक लगेनाइ अछि। मुदा सवाल अछि जे एहि प्रावधान सभ सं निवेशकक पूंजी कतेक सुरक्षित अछि? वास्तविकता ई अछि जे देश मे एहन कोनो नियामक संस्था नहि अछि, जे क्रिप्टो एक्सचेंज कें ग्राहक सभक नोकसान सं सुरक्षा लेल पर्याप्त आपातकालीन पूंजी राखबाक लेल बाध्य करय।

शेयर बाजार मे सेबी ब्रोकर सभ पर एहन व्यवस्था लागू करैत अछि। ग्राहकक संभावित नोकसान सं सुरक्षा लेल प्रतिभूति अलग राखल जाइत अछि आ संबंधित संस्थाक सुरक्षा जांच सेहो होइत अछि। मुदा क्रिप्टो एक्सचेंज सभ लेल एहन बाध्यकारी व्यवस्था नहि अछि। तखन क्रिप्टो निवेश पर अत्यधिक करक बोझ भारतीय निवेशक सभ कें विदेशी अथवा कम प्रचलित आ असुरक्षित एक्सचेंज दिस धकेलैत अछि। एहि सं हुनकर खतरा आओर बढ़ि जाइत अछि। स्पष्ट अछि जे डिजिटल अर्थव्यवस्थाक विस्तारक संग निवेशकक सुरक्षा सुनिश्चित करब सेहो जरूरी अछि। सरकार कें क्रिप्टो एक्सचेंज सभक लेल जवाबदेही, पर्याप्त आपातकालीन कोष आ नुकसानक भरपाइक स्पष्ट कानूनी व्यवस्था बनेबाक चाही। अन्यथा डिजिटल निवेशक भविष्य बेर-बेर एहन साइबर चोरी आ आर्थिक संकटक शिकार होइत रहताह।

जलवायु संकट समाधान दिस अंतरराष्ट्रीय न्यायालयक ऐतिहासिक पहल, नेपाल कें की भेटत लाभ?

मंजित ढकाल

जलवायु संकट आब मात्र वैज्ञानिक आ पर्यावरणविदक चिंताक विषय नहि रहि गेल अछि, बल्कि ई विश्वव्यापी आर्थिक, राजनीतिक आ कूटनीतिक विमर्शक प्रमुख मुद्दा बनि गेल अछि। जलवायु परिवर्तनक प्रभाव कोनो एकटा देश धरि सीमित नहि अछि। मुदा एकर दुष्प्रभाव सभ देश पर समान रूपें नहि पड़ैत अछि। आर्थिक क्षमता, भौगोलिक स्थिति आ सामाजिक संरचनाक आधार पर एकर असरि अलग-अलग होइत अछि। नेपाल सन पहाड़ी आ प्राकृतिक विविधता सं भरल देश जलवायु संकट सं बेसी प्रभावित अछि। औद्योगिक क्रांतिक बाद विकसित देश सभ दशको धरि भारी मात्रा मे हरितगृह गैस उत्सर्जन कय आर्थिक विकास केलनि। एकर बाद पैघ विकासशील देश सभ सेहो प्रदूषण आधारित विकासक बाट पकड़लक। मुदा एहि प्रदूषणक बेसी मूल्य नेपाल सन कम उत्सर्जन करयबला देश सभ कें चुकाबय पड़ि रहल अछि। वैश्विक उत्सर्जन मे नेपालक योगदान नगण्य रहितो जलवायु परिवर्तनक असरि एतय बेसी देखल जा रहल अछि। हिमनदी सभ तेजी सं पिघलि रहल अछि। अनियमित बरखा, बाढ़ि, सुखाड़ आ भूस्खलन प्रत्येक वर्ष विकासक गति कें बाधित कय रहल अछि। एहि परिस्थिति मे अंतरराष्ट्रीय न्यायालय (आइसीजे) द्वारा जलवायु परिवर्तन पर जारी परामर्शात्मक राय ऐतिहासिक महत्व रखैत अछि। ई राय जलवायु न्याय कें अंतरराष्ट्रीय कानूनक महत्वपूर्ण हिस्सा बनेबाक संग राष्ट्र सभक दायित्व सेहो स्पष्ट करैत अछि। यद्यपि ई राय बाध्यकारी नहि अछि, तथापि भविष्यक जलवायु वार्ता, अंतरराष्ट्रीय सहयोग आ राष्ट्रीय नीति निर्माण पर एकर दूरगामी प्रभाव पड़बाक संभावना अछि।



युवा आंदोलन सं अंतरराष्ट्रीय न्यायालय धरि : एहि ऐतिहासिक पहल केर शुरूआत कोनो पैघ देशक कूटनीतिक प्रयास सं नहि, बल्कि प्रशांत महासागरक छोट द्वीपीय देश वानुआतुक युवा सभक आंदोलन सं भेल। वानुआतु, टुवालु, किरिबाती आ मार्शल आइलैंड सन देश समुद्रक बढ़ैत जलस्तर सं अस्तित्वक संकट झेलि रहल अछि। समुद्रक सतह बढ़ला सं एहि देश सभक बस्ती, खेती योग्य जमीन आ सांस्कृतिक पहिचान तक समाप्त होयबाक खतरा उत्पन्न भए गेल अछि। वर्ष 2019 मे प्यासिफिक आइलैंड्स स्टुडेंट्स फाइटिंग क्लाइमेट चेन्ज नामक विद्यार्थी समूह जलवायु न्याय लेल अंतरराष्ट्रीय कानूनी पहल शुरू केलक। युवा सभक तर्क छल जे जलवायु संकट मात्र पर्यावरणीय समस्या नहि, बल्कि अंतरराष्ट्रीय कानूनी दायित्व आ मानवाधिकार सं जुड़ल प्रश्न अछि। वानुआतु एहि आंदोलन कें कूटनीतिक स्वरूप देलक। संयुक्त राष्ट्र महासभा मे प्रस्ताव लए जेबाक प्रयास मे नेपाल सहित 130 सं बेसी देश सहयोग केलक। अतिकम विकसित देश सभक समूह, जाहि समूहक नेतृत्व नेपाल क' रहल छल, एहि अभियान मे महत्वपूर्ण भूमिका निभेलक। अंततः मार्च 2023 मे संयुक्त राष्ट्र महासभा अंतरराष्ट्रीय न्यायालय सं एहि विषय पर कानूनी राय देबाक अनुरोध केलक।

न्यायालयक ऐतिहासिक परामर्शात्मक राय : प्रस्तावक बाद अंतरराष्ट्रीय न्यायालय विभिन्न देश आ अंतरराष्ट्रीय संस्था सं लिखित राय आमंत्रित केलक। नेपाल सहित 91 देश आ 11 अंतरराष्ट्रीय संस्था सभ अपन पक्ष रखलक। दिसंबर 2024 मे सार्वजनिक सुनवाइ भेल, जाहि मे 100 सं बेसी देशक प्रतिनिधि भाग लेलनि। नेपालक तर्फ सं तत्कालीन विदेशमंत्री आरजू राणा देउवा जलवायु संकट आ अंतरराष्ट्रीय समुदाय केर जिम्मेदारी पर अपन पक्ष रखलनि। लगभग दू वर्षक न्यायिक प्रक्रिया बाद 23 जून कें अंतरराष्ट्रीय न्यायालय 140 पृष्ठक परामर्शात्मक राय जारी केलक। 15 न्यायाधीशक पूर्ण पीठ एहि राय कें सर्वसम्मति सं देलक। एकर मुख्य दसटा पक्ष महत्वपूर्ण अछि। पहिल, प्रत्येक देशक दायित्व अछि जे अपन क्षेत्र मे हरितगृह गैसक उत्सर्जन नियंत्रित आ कम करय। ई मात्र स्वैच्छिक प्रतिबद्धता नहि, बल्कि अंतरराष्ट्रीय कानूनक जिम्मेदारी अछि। दोसर, प्रत्येक देश कें अपन भौगोलिक स्थिति आ जलवायु जोखिमक आधार पर दीर्घकालीन अनुकूलन योजना बनेबाक आ लागू करबाक चाही।

आम लोकनिक पहुंच मे हो इलाजक सुविधा

सुरेश सेठ

स्वतंत्रताक बाद भारत चिकित्सा क्षेत्र मे उल्लेखनीय प्रगति केने अछि। निजी क्षेत्रक कतेको पैघ अस्पताल श्रृंखला विश्वस्तरीय चिकित्सा सुविधाक बराबरी करबाक क्षमता रखैत अछि। एतय उपलब्ध आधुनिक इलाज आ चिकित्सा सुविधाक कारण विदेशक रोगी सभ सेहो भारत आबि उपचार करा रहल छथि। एहि प्रकारे चिकित्सा पर्यटनक क्षेत्र मे भारत एकटा नव आयाम स्थापित क' रहल अछि। मुदा एहि प्रगतिक बीच आम आदमी लेल इलाज दिनानुदिन महग होइत जा रहल अछि। हालहि मे सर्वोच्च न्यायालय चिकित्सा सेवा आ दवाइ सभक अत्यधिक दाम पर गंभीर चिंता व्यक्त कयलक। वस्तुतः सरकारी चिकित्सा व्यवस्था विशेषज्ञ चिकित्सक आ उचित दवाइक उपलब्धताक कमीक कारण अपेक्षित विकास नहि कए सकल। फलस्वरूप रोगी सभ निजी अस्पताल जाए लेल विवश भए गेलाह। निजी अस्पताल मे इलाज प्रभावकारी आ आधुनिक तं अछि, मुदा एकर खर्च आम लोकक सामर्थ्य सं बाहर होइत जा रहल अछि। गंभीर रोगी सभक संख्या बढ़ला सं निजी अस्पताल सभ मे भीड़ सेहो बढ़ि रहल अछि। सर्वोच्च न्यायालय निजी अस्पताल सभ मे कोठलीक दैनिक किराया मे अप्रत्याशित वृद्धि पर चिंता जतौलक। संगहि, एहन मामिला सभ कें सेहो गंभीरता सं लेल गेल, जाहि मे रोगीक मृत्यु भेला पर भारी-भरकम बिलक भुगतान नहि कयल जाए धरि अस्पताल प्रबंधन परिजन कें शव सौंपय मे आनाकानी करैत अछि। न्यायालय एहि अमानवीय प्रथापर रोक लगयबाक निर्देश देलक। सर्वोच्च न्यायालय दवा उद्योग मे दवाइ सभक बढ़ैत दाम पर सेहो कड़ा टिप्पणी कयने अछि। विशेष रूप सं कैंसर आ कीमोथेरेपी मे उपयोग होमयबला दवाइ सभक अत्यधिक दाम पर न्यायालय चिंता व्यक्त कयने छल। न्यायालयक कहब छल जे एतेक महग दवाइ गरीब रोगी सभक संग अन्याय समान अछि। हालहि मे न्यायालय दवाइ सभक अधिकतम खुदरा मूल्य (एमआरपी) आ वास्तविक खुदरा दामक बीच भारी अंतर पर रोष जतौलक। न्यायमूर्ति विक्रम नाथ आ न्यायमूर्ति संदीप मेहताक पीठ एकटा मामिलाक सुनवाइ करैत सवाल उठेलक जे जाहि दवाइक दाम खुदरा विक्रेताक लेल 15 टाका अछि, ओ रोगी सभ कें 250 टाका मे किएक बेचाओल जा रहल अछि? फिलहाल दवाइ सभक महग कीमत आ डॉक्टर सभ द्वारा सस्ता जेनेरिक दवाइक बदला महग दवाइ लिखबाक संबंध मे दायर दूटा याचिका पर सर्वोच्च न्यायालय के फैसला एबाक अछि। सरकारक तरफ सं अतिरिक्त सॉलिसिटर जनरल ऐश्वर्या भाटी दवाइ सभक कीमतक बचाव करैत कहलनि जे औषधि बाजार प्रतिस्पर्धात्मक अछि। उद्योगक अस्तित्व आ विकास बनौने रखबाक लेल कीमतक एकटा निश्चित स्तर आवश्यक अछि। मुदा न्यायालय एहि तर्क सं संतुष्ट नहि भेल। सरकारक पक्ष छल जे ओ दवा उद्योग पर अत्यधिक नियंत्रण नहि चाहैत अछि आ निजी क्षेत्र कें अपन कारोबार करबाक स्वतंत्रता रहबाक चाही। सरकार ईहो तर्क देलक जे भारत मे दवाइ सभक कीमत दुनिया के आन देशक तुलना मे कम अछि। मुदा न्यायालयक मानब छल जे दोसर देश मे दवाइ महग होयबाक तुलना करबाक समय ओहि देशक प्रति व्यक्ति आय पर सेहो विचार करबाक चाही। जं भारत मे दवाइ सभक कीमत आन देशक तुलना मे कम अछि, तं की एहि आधार पर दवा कंपनी सभ कें मनमाना कीमत तय करबाक छूट देल जा सकैत अछि? गरीब रोगी सभक लग मोलभाव करबाक क्षमता नहि होइत अछि। एहि लेल सभ दवाइ जेनेरिक रूप मे उपलब्ध करयबाक, आवश्यक दवाइ सभक कीमत पर प्रभावकारी सीमा तय करबाक आ आम लोकनिक लेल सस्ता इलाज सुनिश्चित करबाक जरूरत अछि। सामान्यतः विकसित देश सभ मे चिकित्सा सुविधाक मुख्य जिम्मेदारी सरकारी क्षेत्र पर रहैत अछि। ओतय नाममात्र शुल्क पर इलाज उपलब्ध होइत अछि। मुदा ऑस्ट्रेलिया, कनाडा आ अमेरिका सन देश मे रोगी सभक शिकायत रहैत अछि जे हुनका तुरंत इलाज नहि भेटैत अछि। दोसर दिस भारत मे आर्थिक गतिविधि आ निजी चिकित्सा क्षेत्रक विस्तारक संग इलाजक खर्च लगातार बढ़ल अछि। आब स्थिति एहन भए' गेल अछि जे सामान्य परिवार लेल निजी अस्पताल मे उपचार करेनाइ कठिन होइत जा रहल अछि।



ग्रीन अमोनिया सं किसान सभ कें सस्ता खाद भेटबाक जागल उम्मीद

सौरभ वार्ष्णेय

भारतीय कृषि क्षेत्र बहुत दिन सं बढ़ैत लागति आ घटैत आमदनीक चुनौती संग-संग पुरान आ परंपरागत तकनीक पर निर्भरता जेकां समस्या सं जूझि रहल अछि। डीजल, बिजली, बीज, कीटनाशक आ उर्वरकक दाम मे लगातार वृद्धि किसान सभक आर्थिक संकट कें आओर गहींर कए देने अछि। खेतीक कुल लागति मे उर्वरकक हिस्सा सेहो बहुत महत्वपूर्ण अछि। खास कए यूरियाक उपलब्धता आ ओकर दाम किसान सभक लेल सदिखन पैघ चिंताक विषय रहल अछि। एहन स्थिति मे सरकार द्वारा ग्रीन अमोनियाक उपयोगक संभावना तलाशब एकटा महत्वपूर्ण पहल मानल जा सकैत अछि। जं ई प्रयोग सफल होइत अछि तं आनाइबला समय मे किसान सभ कें सस्ता खाद उपलब्ध करेबाक दिशा मे पैघ परिवर्तन संभव अछि। हालांकि, एहि पहलिक वास्तविक सफलता मात्र तकनीकी प्रयोग धरि सीमित नहि रहबाक चाही, बल्कि एकर लाभ खेत मे काज करयबला किसान धरि पहुंचब सेहो आवश्यक अछि। किसान सभक लेल एकटा नीक खबरि ई अछि जे सरकार 6 राज्य मे करीब 10 हजार एकड़ जमीन पर ग्रीन अमोनियाक उपयोगक परीक्षण कए रहल अछि। एहि परीक्षणक उद्देश्य ई बुझब अछि जे पारंपरिक नाइट्रोजन आधारित उर्वरकक विकल्पक रूप मे एकर उपयोग कतेक प्रभावकारी आ किफायती भए सकैत अछि। ग्रीन अमोनियाक उत्पादन नवीकरणीय ऊर्जा सं तैयार हाइड्रोजनक माध्य मे कयल जाइत अछि। एकर विपरीत पारंपरिक अमोनिया उत्पादन मे मुख्य रूप सं प्राकृतिक गैस सं प्राप्त हाइड्रोजनक उपयोग होइत अछि। एहि प्रक्रिया मे ऊर्जाक बेसी खपत होइत अछि आ कार्बन उत्सर्जन सेहो होइत अछि। एहि कारण ग्रीन अमोनिया कें खेतीक लागत घटयबाक संग-संग पर्यावरण संरक्षणक दिशा मे सेहो एकटा संभावनाशील विकल्प मानल जा रहल अछि। नवीकरणीय ऊर्जा मंत्रालयक सचिव संतोष सारंगीक कहब छनि जे अमोनिया कें सीधे माटि मे देला सं उर्वरकक लागत वर्तमान स्तरक तुलना मे करीब एक-तिहाई धरि घटि सकैत अछि। जं ई अनुमान व्यावहारिक रूप सं सही साबित होइत अछि तं खाद उत्पादन आ कृषि अर्थव्यवस्थाक लेल ई एकटा महत्वपूर्ण उपलब्धि होयत। मुदा एतय एकटा मूलभूत प्रश्न सेहो उठैत अछि जे उत्पादन लागति मे संभावित कमी कें लाभ किसान सभके कोना भेटत? की एहि कारण यूरियाक खुदरा दाम घटत अथवा सरकार पर सब्सिडीक बोझ कम होयत? एहि सवालक जवाब परीक्षणक परिणाम आ सरकारक नीतिगत व्यवस्था सं स्पष्ट होयत। वास्तव मे भारत मे यूरिया मात्र एकटा औद्योगिक उत्पाद नहि, बल्कि कृषि उत्पादन व्यवस्थाक महत्वपूर्ण आधार अछि।



देशक बहुत रास किसान नाइट्रोजनक जरूरत पूरा करबाक लेल यूरिया पर निर्भर छथि। सरकार किसान सभ कें सस्ता दर पर यूरिया उपलब्ध करयबाक लेल भारी सब्सिडी दैत अछि। एकरा बादो अंतरराष्ट्रीय बाजार मे गैस आ कच्चा मालक कीमत मे उतार-चढ़ावक असर उर्वरक क्षेत्र पर पड़ैत अछि। भारत कें उर्वरक उत्पादन लेल आवश्यक कच्चा माल आ गैसक उपलब्धताक मामिला मे सेहो कतेको चुनौतीक सामना करय पड़ैत अछि। एहन स्थिति मे स्वच्छ ऊर्जा आधारित अमोनियाक विकल्प देशक आयात पर निर्भरता घटयबा मे सेहो सहायक भए सकैत अछि। हालांकि, ग्रीन अमोनिया कें यूरियाक सीधा आ तत्काल विकल्प मानि लेब जल्दबाजी होयत। अमोनिया नाइट्रोजनक एकटा प्रभावकारी स्रोत जरूर अछि, मुदा एकर सुरक्षित भंडारण, परिवहन आ खेत मे उपयोग करबा लेल विशेष तकनीकी सावधानी आवश्यक अछि। ई एकटा विषैला रसायन अछि आ एकर रिसाव सं मनुष्यक स्वास्थ्य आ पर्यावरण कें गंभीर क्षति पहुंचि सकैत अछि। तें किसान सभके एकर उपयोगक उचित जानकारी, सुरक्षा उपकरण आ आधुनिक कृषि तकनीक उपलब्ध कराबय जरूरी होयत। एकर अतिरिक्त माटिक प्रकृति, फसिलक आवश्यकता, मौसिम आ सिंचाइक परिस्थिति कें ध्यान मे राखि एकर प्रभावक वैज्ञानिक मूल्यांकन सेहो आवश्यक अछि। सबसं पैघ चुनौती ग्रीन अमोनियाक उत्पादन लागत अछि। नवीकरणीय ऊर्जा सं हाइड्रोजन तैयार करबाक आ ओकर माध्य मे अमोनिया बनेबाक लेल पैघ निवेश, आधुनिक तकनीक आ पर्याप्त ऊर्जाक आवश्यकता होइत अछि। जखन धरि एकर उत्पादन व्यापक स्तर पर प्रतिस्पर्धी दाम पर नहि होयत, तखन धरि किसान सभ कें सस्ता खाद उपलब्ध करेबाक लक्ष्य पूरा करब सहज नहि होयत। सरकार कें इहो सुनिश्चित करय पड़त जे एहि तकनीकक विकासक आर्थिक बोझ अंततः किसान सभ पर नहि पड़य। भारत मे कृषि सुधारक चर्चा प्रायः नव तकनीक आ आधुनिक उत्पादन प्रणाली धरि सीमित रहि जाइत अछि, जखनकि किसानक सभ सं पैघ चिंता खेतीक लागति आ उपजक उचित मूल्य अछि। ग्रीन अमोनियाक एहि पहल कें सेहो एही कसौटी पर परखल जेबाक चाही। जं एहि तकनीक सं उर्वरकक दाम घटैत अछि, माटिक उर्वरता बनल रहैत अछि आ पर्यावरणक क्षति कम होइत अछि तं ई कृषि क्षेत्र मे दूरगामी परिवर्तनक आधार बनि सकैत अछि। मुदा मात्र उत्पादन लागत घटयबाक दावा पर्याप्त नहि अछि। एकरा लेल पारदर्शी मूल्य निर्धारण, उचित वितरण व्यवस्था आ किसान सभ धरि एहि तकनीकक पहुंच सुनिश्चित करय पड़त। एकर संगहि रासायनिक उर्वरकक संतुलित उपयोग पर सेहो ध्यान देब जरूरी अछि। यूरियाक अत्यधिक उपयोग सं माटिक पोषक तत्वक संतुलन बिगड़ैत अछि आ कृषि भूमिक गुणवत्ता प्रभावित होइत अछि। तें ग्रीन अमोनिया कें मात्र सस्ता खाद उपलब्ध करेबाक विकल्पक रूप मे नहि, बल्कि टिकाउ कृषि व्यवस्थाक व्यापक हिस्सा बनयबाक जरूरत अछि। जैविक खाद, नैनो उर्वरक, प्राकृतिक खेती आ माटि परीक्षण जेकां व्यवस्थाक संग एकर संतुलित समन्वय आवश्यक अछि। निस्संदेह, ग्रीन अमोनियाक दिशा मे सरकारक ई प्रयोग भविष्यक खेती लेल नव आशा जगा रहल अछि। मुदा किसान सभ कें एहि योजनाक परिणाम लेल सालो धरि प्रतीक्षा नहि करय पड़य। सरकार कें परीक्षणक नतीजा सार्वजनिक करबाक, उत्पादन लागतक वास्तविक आकलन करबाक आ किसान सभ कें भेटयबला संभावित लाभक स्पष्ट खाका तैयार करबाक चाही। कृषि प्रधान देश मे तकनीकी नवाचारक सार्थकता तखने अछि, जखन ओकर लाभ खेत आ किसान धरि पहुंचय। आखिरकार, ग्रीन अमोनियाक उद्देश्य मात्र हरित ऊजार्के बढ़ावा देब नहि, बल्कि किसानक जेबी पर पड़यवला बोझ कम करब सेहो होयबाक चाही। सस्ता खाद, स्वस्थ माटि आ खुशहाल किसान एही नव पहलिक वास्तविक सफलताक मापदंड होयत।

एमएलसी चुनाव मे जेडीयूक हारि सं एनडीए मे मतभेद!

बिहारक राजनीति मे एहि समय एमएलसी (विधान परिषद) चुनावक नतीजा एक बेर फेर एनडीए मे आपसी तालमेल आ सहयोगी दलक भूमिका कें लए सवाल उठय लागल अछि। विधान परिषदक तीन सीट पर जनता दल यूनाइटेड (जेडीयू) कें उम्मीदवार सभक हारि पार्टीक भीतर नाराजगी कें हवा दए देने अछि। एहि नाराजगीक कारण मात्र चुनावी हारि नहि, बल्कि हारिक बाद बनल राजनीतिक परिस्थिति सेहो अछि। खास कए ओहि दू निर्दलीय उम्मीदवारक भाजपा लग आबि जेबाक घटनाक्रम, जे जेडीयूक प्रत्याशी सभ कें हरौने छथि, गठबंधनक राजनीति मे नव बहसक कारण बनि गेल अछि। सारण शिक्षक आ तिरहुत स्नातक निर्वाचन क्षेत्र मे जेडीयूक उम्मीदवार सभ कें हराबय बला राहुल राज आ बंशीधर ब्रजवासी चुनाव परिणाम अनंतर भाजपाक नजदीकी बढ़ौने छथि। दुनू 31 अक्टूबर कें मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ भाजपाक वरिष्ठ नेता सभ सं भेंट कयलनि आ भाजपा विधायक दलक बैठक मे सेहो भाग लेलनि। शुरूआती दौर मे दुनूक भाजपा मे शामिल होयबाक खबरि सामने आयल, मुदा बाद मे दुनू स्पष्ट कयलनि जे ओ सभ पार्टीक औपचारिक सदस्यता नहि लेने छथि, बल्कि एनडीए सरकार कें समर्थन देने छथि। भाजपा प्रदेश अध्यक्ष संजय सरावगी सेहो एहि बातक पुष्टि कयलनि। एकरा बावजूद एहि पूरा घटनाक्रम जेडीयूक नाराजगी आ विपक्षी दलक हमला कें नव आधार दए देने अछि। आब सवाल मात्र ई नहि अछि जे एमएलसी चुनाव मे जेडीयू कें हारि किएक भेल, बल्कि ईहो अछि जे गठबंधनक भीतर चुनावी सहयोगक शर्त की अछि? की एनडीएक सभ घटक दल एक-दोसरक उम्मीदवारक पक्ष मे समान रूप सं काज कए रहल अछि? की चुनावक दौरान बनाओल रणनीति जमीन पर लागू भेल? आ की चुनाव जीतलाक बाद भाजपाक निर्दलीय एमएलसी कें अपना पाला मे आनब जेडीयू लेल राजनीतिक संदेशक रूप मे देखल जा रहल अछि? एहि सवालक बीच 2020 कें बिहार विधानसभा चुनावक यादि सेहो ताजा भए रहल अछि।

की बिहार मे फेर 2020 बला स्थिति दोहराओल जा रहल अछि?

तीन सीट पर हारि, जेडीयूक भीतर किएक उठि रहल अछि सवाल? : बिहार विधान परिषदक आठ सीट लेल भेल चुनाव मे भाजपा आ जेडीयूक बीच 4-4 सीट पर बंटवारा भेल छल। परिणाम मे जेडीयू अपना हिस्सा कें चारि सीट मे मात्र एक पर जीत हासिल कय सकल, जखनकि तीन सीट पर ओकर उम्मीदवार सभ कें हारिक सामना करय पड़ल। एहि मे सारण शिक्षक आ तिरहुत स्नातक सीट कें परिणाम विशेष रूप सं चर्चा मे अछि, कारण एतय जेडीयूक उम्मीदवार सभ कें निर्दलीय प्रत्याशी सभ पराजित कय देलनि। सारण शिक्षक निर्वाचन क्षेत्र मे निर्दलीय उम्मीदवार राहुल राज जेडीयूक आनंद पुष्कर कें 1,815 वोट सं हरा देलनि। ओतहि तिरहुत स्नातक निर्वाचन क्षेत्र मे निर्दलीय बंशीधर ब्रजवासी जेडीयूक अभिषेक झा कें 9,147 वोटक पैघ भेद सं पराजित कयलनि। ब्रजवासी लगातार दोसर बेर एहि सीट पर जीत दर्ज कयलनि। एहि दुनू परिणाम जेडीयूक समक्ष संगठन आ चुनावी प्रबंधन सं जुड़ल कतेको सवाल ठाढ़ कए देने अछि। जेडीयू नेताक नाराजगी एहि बात कें लए सेहो अछि जे एनडीए मे उम्मीदवार सभक पक्ष मे जाहि तरहक समन्वय आ सहयोगक अपेक्षा कयल गेल छल, से जमीन पर देखबा लेल नहि भेटल। जेडीयू नेताक आरोप अछि जे गठबंधनक बैठक मे बनल रणनीति कें मुताबिक भाजपाक सांसद, विधायक आ स्थानीय नेता सभ कें सेहो प्रचार मे सक्रिय भूमिका निभेबाक छल, मुदा एहन



नहि भेल। जेडीयू उम्मीदवार आनंद पुष्कर सार्वजनिक रूप सं किछु भाजपा नेता सभक भूमिकापर सवाल उठौलनि। ओ गठबंधन धर्म आ चुनावक दौरान कयल गेल वादाक मुद्दा उठौलनि। पुष्कर आरोप लगौलनि जे चुनाव प्रचारक दौरान हुनका भरोस देल गेल छल जे वर्तमान एमएलसी कें चुनाव नहि लड़बाक लेल मना लेल जायत, मुदा एहन नहि भेल। ओ ईहो सवाल उठौलनि जे जखन एनडीएक बैठक मे साझा प्रचार आ मतदाता धरि पहुंचबाक रणनीति बनल छल, तखन ओकर पालन किएक नहि कयल गेल?

जेडीयू कें हराबय बला निर्दलीय उम्मीदवार भाजपा लग कोना पहुंचलाह? : एहि पूरा विवादक सब सं चर्चित पहलू राहुल राज आ बंशीधर ब्रजवासी कें भाजपा सं जुड़ाव अछि। दुनू निर्दलीय उम्मीदवारक रूप मे चुनाव लड़लनि आ एनडीएक आधिकारिक उम्मीदवार सभ कें हरा देलनि। चुनाव सं पहिने राहुल राज भाजपा सं जुड़ल छलाह। सारण शिक्षक सीट जेडीयूक खाता मे गेलाक बाद हुनका एनडीए टिकट नहि भेटलनि। एहि बाद ओ निर्दलीय चुनाव लड़बाक फैसला कयलनि। पार्टीक निर्णयक विरुद्ध चुनाव लड़बाक कारण भाजपा हुनका छह साल लेल निष्कासित सेहो कए देने छल। दोसर दिस, बंशीधर ब्रजवासी तिरहुत स्नातक सीट सं एहि लेल पहिने सेहो निर्दलीय उम्मीदवारक रूप मे जीत दर्ज कए चुकल छलाह। एहि बेर सेहो ओ जेडीयूक अभिषेक झा कें हरा कए अपन सीट बरकरार रखलनि। दुनू नेताक जीतक बाद भाजपा नेता सभ सं हुनकर भेंट आ पार्टीक कार्यक्रम मे मौजूदगी राजनीतिक चर्चा कें तेज कए देलक। 31 अक्टूबर कें दुनू नेता भाजपाक कार्यक्रम मे पहुंचलाह। मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी, प्रदेश अध्यक्ष संजय सरावगी आ पार्टीक आन वरिष्ठ नेता सभक मौजूदगी मे हुनकर स्वागत कयल गेल। एहि बाद दुनूक भाजपा मे शामिल होयबाक खबरि सामने आयल। मुदा 1 नवंबर कें दुनू औपचारिक सदस्यता लेबाक बात सं इनकार करैत कहलनि जे ओ मात्र भाजपा आ एनडीए सरकार कें समर्थन देने छथि।

2020 कें चुनाव सं किएक भए रहल अछि तुलना? : एनडीएक भीतर एखन देखल जा रहल नाराजगीक तुलना 2020 कें विधानसभा चुनाव सं सेहो कयल जा रहल अछि। ओहि समय लोक जनशक्ति पार्टी (एलजेपी) एनडीए सं अलग भए कए चुनाव लड़ने छल, मुदा चिराग पासवान प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक प्रति समर्थन जतबैत नीतीश कुमार आ जेडीयूक विरुद्ध उम्मीदवार उतारने छलाह। भाजपाक कतेको बागी नेता सेहो एलजेपीक टिकट पर चुनावी मैदान मे छलाह। जेडीयू नेताक आरोप छलनि जे एलजेपी आ भाजपाक बागी उम्मीदवार सभक कारण पार्टी कें नोकसान उठाबय पड़ल। चुनाव परिणाम मे भाजपा कें 74 आ जेडीयू कें 43 सीट भेटल छल। एकर बाद एनडीए मे शक्ति संतुलन कें लए सेहो चर्चा तेज भए गेल छल। हालांकि, ओहि समय एलजेपी एनडीए सं अलग भए कए चुनाव लड़ि रहल छल, जखनकि एहि बेर भाजपा आ जेडीयू दुनू गठबंधन सरकार मे सहयोगी छथि। एहि लेल दुनू घटनाक्रम पूरा तरहे एक समान नहि अछि, मुदा चुनावी तालमेल आ आपसी भरोसाक सवाल दुनू स्थिति मे देखबा लेल भेटैत अछि।

भाजपा आ जेडीयूक समक्ष की चुनौती? : विधान परिषद मे दू निर्दलीय सदस्यक समर्थन भाजपाक लेल संख्यात्मक रूप सं फायदेमंद भए सकैत अछि। ओतहि जेडीयूक समक्ष अपना नेता आ कार्यकर्ता सभक नाराजगी दूर करबाक चुनौती अछि। विपक्ष सेहो एहि मुद्दा पर भाजपा कें घेरि रहल अछि आ निर्दलीय एमएलसीक राजनीतिक रुख पर सवाल उठा रहल अछि। आब नजरि दुनू दलक शीर्ष नेतृत्व पर अछि। की जेडीयू एहि मुद्दा कें गठबंधनक भीतर उठायत? की भाजपा नेतृत्व नाराजगी दूर करबाक पहल करत? अथवा ई विवाद मात्र चुनाव बादक बयानबाजी धरि सीमित रहत? बिहार विधान परिषदक आठ सीट लेल भेल चुनाव मे एनडीएक सीट बंटवाराक अंतर्गत जेडीयू आ भाजपा कें चारि-चारि सीट भेटल छल, मुदा चुनाव परिणाम मे जेडीयू कें मात्र एक सीट पर संतोष करय पड़ल।

यूपी विधानसभा चुनाव सं पहिने भाजपाक नव रणनीति वीडी शर्मा संभारताह माइक्रो मैनेजमेंटक जिम्मेदारी

लखनऊ/समदिया

उत्तर प्रदेश विधानसभा चुनाव 2027 कें लए भाजपाक तैयारी तेज भए गेल अछि। पार्टी आब मात्र पैघ रैली आ जनसभाक सहारे नहि, बल्कि समाजक छोट-छोट समूह धरि पहुंच बना कए चुनावी आधार मजबूत करबाक रणनीति पर काज कए रहल अछि। जातीय बिरादरी सं लए पेशेवर आ कारोबारी समूह धरि अपन पहुंच बनेबाक लेल भाजपा संगठनक प्रकोष्ठ सभ कें सक्रिय करबाक तैयारी कए रहल अछि। एहि पूरा अभियानक जिम्मेदारी मध्य प्रदेश भाजपा कें पूर्व अध्यक्ष आ राष्ट्रीय संकुल प्रकोष्ठक संयोजक वीडी शर्मा कें देल गेल अछि। ओ सोमदिन लखनऊ पहुंचि प्रकोष्ठ सभक पदाधिकारी सभक संग बैठक करताह। लखनऊ मे होबय बला एहि बैठक मे सभ प्रकोष्ठक संयोजक आ सह-संयोजक शामिल होयताह। वीडी शर्मा हुनका सभक संग बैसि आगूक कार्ययोजना पर चर्चा करताह। एहि मे एहि बात पर जोर रहत जे कोन प्रकोष्ठ कें कोन सामाजिक आ पेशेवर समूहक बीच सक्रिय रहबाक अछि आ ओतय लोक सभ सं संपर्क कोना बढ़ेबाक अछि। एकर संग स्थानीय समस्या आ लोक सभक नाराजगीक फीडबैक जुटेबाक जिम्मेदारी सेहो प्रकोष्ठ सभ कें देल जा सकैत अछि।



जातीय समीकरण सं लए कारोबारी वर्ग धरि पहुंचबाक तैयारी

भाजपाक रणनीति अछि जे सरकारक योजना आ पार्टीक संदेश समाजक अलग-अलग वर्ग धरि पहुंचयबाक संगहि हुनका सभक समस्या आ अपेक्षा कें सेहो बुझल जाय। एहि लेल प्रकोष्ठ सभ कें संपर्क आ संवादक माध्यम बनाओल जायत। पार्टी चाहैत अछि जे स्थानीय स्तर पर लोक सभ सं सीधा जुड़ाव बनय आ हुनकर बात संगठनक वरिष्ठ नेता सभ धरि पहुंचय। एहि प्रक्रिया सं चुनाव सं पहिने अलग-अलग सामाजिक समूहक बीच पार्टीक स्थिति बुझय मे मदति भेटत। भाजपा आब अपन चुनावी रणनीति मे जातीय आ सामाजिक समीकरणक संग पेशेवर तथा कारोबारी समुदाय कें सेहो महत्व दए रहल अछि। पार्टीक प्रयास अछि जे समाजक प्रभावशाली समूह सभक बीच संगठनक सक्रियता बढ़ाओल जाय। एहि लेल प्रत्येक प्रकोष्ठ कें ओकर प्रभाव क्षेत्रक हिसाब सं काज सौंपबाक तैयारी अछि।

अर्थात चुनावी संपर्क अभियान कें मात्र प्रदेश स्तर तक सीमित नहि राखि स्थानीय स्तर पर सेहो मजबूत कयल जायत। मध्य प्रदेश मे विष्णु दत्त शर्मा उर्फ वीडी शर्मा कें संगठनात्मक अनुभव कें देखैत पार्टी हुनका प्रकोष्ठ सभक जिम्मेदारी सौंपने अछि। हुनकर नेतृत्व मे प्रकोष्ठ सभक गतिविधि कें बूथ स्तरक संगठन सं जोड़बाक योजना अछि। एकर संग प्रकोष्ठ सभक काजकाज पर नियमित नजरि रखबाक लेल निगरानी तंत्र सेहो विकसित कयल जायत। भाजपाक उद्देश्य मिशन-2027 सं पहिने संगठन कें जमीनी स्तर पर मजबूत करब आ समाजक अलग-अलग वर्गक संग सीधा संपर्क बढ़ेबाक अछि।

पंजाब चुनाव सं पहिने आम आदमी पार्टी कें झटका, 3 विधायक भाजपा मे मेलाह शामिल



चंडीगढ़/समदिया

पंजाब विधानसभा चुनाव सं पहिने आम आदमी पार्टी (आप) कें पैघ झटका लागल अछि। पछिला दू दिन मे पार्टीक तीन विधायक इस्तीफा दए सोम दिन भाजपा मे शामिल भए गेलाह। बागी विधायक सभ दिल्ली मे भाजपाक सदस्यता ग्रहण कयलनि। सोमदिन दिल्ली मे आपक बागी नेता कुंवर विजय प्रताप सिंह, हरमीत सिंह पठानमाजरा आ चेतन सिंह जौरामाजरा भाजपा मे शामिल भए गेलाह। भाजपा मे शामिल होयबाक पहिने आप सं निलंबित विधायक आ पूर्व आईपीएस अधिकारी कुंवर विजय प्रताप सिंह जानकारी देलनि जे ओ पंजाब विधानसभा कें विधायक पद सं इस्तीफा दए देने छथि।

अमृतसर उत्तर सीट सं विधायक कुंवर विजय प्रताप सिंह फेसबुक पर पोस्ट कए कहलनि जे ओ अपन इस्तीफा विधानसभा अध्यक्ष कुलतार सिंह संधवान कें पठा देने छथि। कुंवर विजय प्रताप सिंह पंजाबक आन विधायक चेतन सिंह जौरामाजरा आ हरमीत सिंह पठानमाजरा संग दिल्ली स्थित भाजपाक मुख्यालय पहुंचलाह। ओतय पार्टीक वरिष्ठ नेता सभक मौजूदगी मे तीनू विधायक भाजपा मे शामिल भए गेलाह। बताबी जे समाना विधानसभा क्षेत्र सं विधायक चेतन सिंह जौरामाजरा आ पटियाला जिलाक सनौर सीट सं विधायक हरमीत सिंह पठानमाजरा रविदिनहि आम आदमी पार्टी सं इस्तीफा दए देने छलाह। एहि घटनाक्रम सं पंजाब मे विधानसभा चुनाव सं पहिने राजनीतिक गतिविधि तेज भए गेल अछि।

आगरा मे नवंबर मे सपा-बसपाक दू पैघ आयोजन, 15 नवंबर कें अखिलेश यादव दलित महासम्मेलन मे लेताह भाग

2027 कें विधानसभा चुनाव सं पहिने आगरा दलित राजनीतिक गतिविधिक पैघ केंद्रक रूप मे उभरय जा रहल अछि। नवंबर मे मात्र सात दिनक विराम पर समाजवादी पार्टी आ बहुजन समाज पार्टीक दू पैघ आयोजन होयत। एहि आयोजन मे दुनू दलक राष्ट्रीय स्तरक नेता आगरा पहुंचताह। सपा कें दलित महासम्मेलन मे पार्टीक राष्ट्रीय अध्यक्ष अखिलेश यादव शामिल होयताह, जखनकि बसपाक जनसभा कें पार्टीक राष्ट्रीय कोऑर्डिनेटर आकाश आनंद संबोधित करताह।

दल सभक रणनीति होयत तय

एहि कार्यक्रम सभक खासियत ई अछि जे दुनू दल दलित समाज कें अपन राजनीतिक एजेंडाक केंद्र मे रखने अछि। सपा पीडीए (पिछड़ा, दलित, अल्पसंख्यक) कें सामाजिक समीकरण मजबूत करबाक प्रयास मे अछि, जखनकि बसपा अपन पारंपरिक दलित आधार आ संगठन कें सक्रिय करय मे जुटल अछि। एहन स्थिति मे आगरा मे होमय बला ई आयोजन मात्र पार्टी कार्यक्रम नहि, बल्कि प्रदेशक दलित राजनीतिक दिशा आ दुनू दलक रणनीति बुझबाक अवसर सेहो होयत। आगरा आ आसपासक जिला मे दलित समाजक पैघ आबादी आ सामाजिक-राजनीतिक सक्रियता रहल अछि। एहि कारण सपा पश्चिमी उत्तर प्रदेशक दलित सम्मेलन लेल आगरा कें चुनने अछि। अखिलेश यादवक मौजूदगी मे सपा दलित समाज धरि अपन संदेश पहुंचायत। पार्टी पीडीए कें माध्यम सं दलित, पिछड़ा आ अल्पसंख्यक वर्ग कें एक राजनीतिक मंच पर अनबाक प्रयास कए रहल अछि।

ओतहि आकाश आनंदक जनसभाक माध्यम सं बसपा कार्यकर्ता सभ कें सक्रिय करबाक आ बहुजन आंदोलन सं जुड़ल लोक सभ कें संगठन सं जोड़बाक रणनीति रहत। सपाक सम्मेलन मे पश्चिमी उत्तर प्रदेशक अलग-अलग जिला सभ सं लोक सभ कें जुटेबाक तैयारी अछि। ओतहि बसपाक आगरा जनसभा ओकर प्रदेशव्यापी कार्यक्रमक हिस्सा





अछि। दुनू आयोजन सं स्पष्ट अछि जे विधानसभा चुनाव सं पहिने दलित समाज राजनीतिक दल सभक रणनीतिक केंद्र मे अछि। आगरा मे सात दिनक विराम पर होमय बला एहि दुनू आयोजन सं शहर दलित राजनीताक राष्ट्रीय आ प्रदेशस्तरीय चर्चाक केंद्र बनि सकैत अछि। एतय सं निकलय बला राजनीतिक संदेशक असर मात्र आगरा तक सीमित नहि रहत, बल्कि पश्चिमी उत्तर प्रदेशक राजनीति मे सेहो एकर गूंज सुनबा लेल भेटि सकैत अछि।

सपाक दलित महासम्मेलन मे जाटव सहित विभिन्न दलित समुदाय कें शामिल करबाक तैयारी अछि। एकर संग पीडीएक सामाजिक समीकरणक माध्यम सं पिछड़ा, दलित आ अल्पसंख्यक वर्ग कें एक मंच पर अनबाक संदेश देल जायत। सपा नेता सभ संविधान, आरक्षण आ दलित अधिकार सं जुड़ल मुद्दा सभ कें प्रमुखता देबाक बात कहने छथि। दलित समाजक संग कथित अन्याय, उत्पीड़न आ सुरक्षा सं जुड़ल विषय सेहो सम्मेलन मे उठाओल जायत। सम्मेलनक तैयारीक जिम्मेदारी पार्टीक राष्ट्रीय महासचिव आ राज्यसभा सांसद रामजी लाल सुमन कें देल गेलनि अछि। हुनका सम्मेलनक संयोजक बनाओल गेलनि अछि। जिलाध्यक्ष ऊदल सिंह कुशवाहा आ महानगर अध्यक्ष शब्बीर अब्बास सहित स्थानीय पदाधिकारी सभ कें सेहो जिम्मेदारी सौंपल गेलनि अछि।

22 नवंबर कें आकाश आनंद करताह जनसभा

पश्चिमी उत्तर प्रदेशक विभिन्न जिला मे बैठक कए लोक सभ कें सम्मेलन सं जोड़बाक तैयारी चलि रहल अछि। राजनीतिक रूप सं आगरा कें पश्चिमी उत्तर प्रदेश मे दलित राजनीताक महत्वपूर्ण आधार मानल जाइत अछि। एहि ठाम पश्चिमी उत्तर प्रदेशक दलित महासम्मेलन आयोजित करब सपाक 2027 कें चुनावी रणनीतिक हिस्सा अछि। पार्टी दलित समाजक बीच अपन स्वीकार्यता बढ़ेबाक आ पीडीएक सामाजिक समीकरण मजबूत करबाक प्रयास कए रहल अछि। ओतहि बसपा लेल सेहो आगरा महत्वपूर्ण अछि। 2007 आ 2012 कें विधानसभा चुनाव मे बसपा आगरा जिलाक नौ विधानसभा सीट मे छह-छह सीट पर जीत दर्ज केने छल।

मुदा 2017 आ 2022 कें विधानसभा चुनाव मे पार्टी जिला मे एकोटा सीट नहि जीत सकल। आब 2027 कें चुनाव लेल बसपा पहिने सं तैयारी शुरू कए देने अछि। पार्टी सितंबर मे खेरागढ़ सीट सं नीरज रावत कें प्रत्याशी घोषित केने छल। आब एत्मादपुर मे सेहो प्रत्याशी घोषित करबाक तैयारी अछि। आगरा मे बसपाक ई जनसभा एहि लेल महत्वपूर्ण अछि, कारण पार्टी एतय अपन पुरान राजनीतिक आधार कें फेर सं मजबूत करबाक प्रयास कए रहल अछि। एत्मादपुर मे आकाश आनंदक मौजूदगीक माध्यम सं आगरा मंडलक कार्यकर्ता सभ कें एक मंच पर अनबाक आ चुनावी अभियानक संदेश देबाक तैयारी अछि।

रोसड़ा मे लोन देबाक नाम पर 150 लोक सं ठगी, 3 लाख टाका लए संस्था फरार

प्रोसेसिंग फीस आ फाइल चार्जक नाम पर वसूलल गेल राशि, थाना मे पहुंचल पीड़ित सभ कारबाइक मांग केलनि

रोसड़ा , समदिया





रोसड़ा मे लोन देबाक नाम पर करीब 150 लोक सं ठगी के मामिला सोझां आयल अछि। आरोप अछि जे बीजीपी निधि लिमिटेड नामक संस्थाक संचालक सभ प्रोसेसिंग फीस आ फाइल चार्जक नाम पर प्रत्येक व्यक्ति सं 2 हजार टाकावसूल केलनि। ककरो सं नकद तं ककरो सं ऑनलाइन माध्यम सं राशि लेल गेल। एकर बाद संस्था सं जुड़ल लोककार्यालय बंद कए फरार भए गेलाह। बताओल जाइत अछि जे उक्त संस्था रोसड़ाक भिरहा रोड स्थित नंद चौक लगशर्मा हॉस्पिटलक समीप एकटा मकान मे संचालित भए रहल छल। सोमदिन ठगीक शिकार भेल पैघ संख्या मे महिला आ पुरुष रोसड़ा थाना परिसर पहुंचलाह आ आरोपितसभक विरुद्ध कारबाइ करबाक मांग केलनि। एहि मामिला मे बेगूसराय जिलाक चेरिया बरियारपुर थाना क्षेत्रक सोनबर्षा गाम निवासी सत्तो कुमार, पिता साधु यादव रोसड़ा थाना मे लिखित आवेदन देलनि अछि। आवेदन मे ओ बतौलनि जे हुनका तत्काल लोन स्वीकृत करयबाक प्रलोभन देल गेल छल। विश्वास जीतबाक लेल एकटा पहचान पत्र सेहो देखाओल गेल, जाहि पर लक्ष्य कुमार आ पदबीएम अंकित छल। उक्त व्यक्ति अपन शाखा भागलपुर मे होयबाक बात कहने छल। आवेदनक अनुसार, जखनलोक बताओल गेल पतापर पहुंचलाह तं ओतय बीजीपी निधि लिमिटेड नामक कोनो संस्था संचालित नहि भेटल।तखन लोक सभ कें अपना संग भेल ठगीक एहसास भेल। एकर बाद सभ पीड़ित एकजुट भए रोसड़ा थाना पहुंचलाह आ मामिला मे कारबाइक मांग केलनि। मामिला मे लोक विकास कुमार, पिता रामप्रकाश दास, निवासी चक्कीढाव कें पकड़ि थाना मे आनलनि। पुलिस हुनका सं पूछताछ केलक। नगर इंस्पेक्टर सह थानाध्यक्ष आशुतोष कुमार बतौलनिजे प्राप्त आवेदनक आधार पर प्राथमिकी दर्ज कए लेल गेल अछि। हिरासत मे लेल गेल आरोपित कें न्यायालय मेप्रस्तुत कयल जायत। पुलिस मामिलाक जांच कए रहल अछि।

कृषि जनकल्याण चौपाल मे आधुनिक खेतीक तकनीक आ सरकारी योजनाक देल गेल जानकारी

जीरो टिलेज, बीज उपचार आ ड्रोन तकनीकक उपयोग पर देल गेल प्रशिक्षण

शिवाजीनगर (समस्तीपुर), समदिया




शिवाजीनगर प्रखंडक भटौरा पंचायत स्थित पंचायत सरकार भवन परिसर मे सोमदिन खेत बचाउ अभियान सहकृषि जनकल्याण चौपालक आयोजन कयल गेल। कार्यक्रमक उद्देश्य किसान सभ कें माटिक संरक्षण, प्राकृतिक आवैज्ञानिक खेती, आधुनिक कृषि तकनीक तथा सरकारक जनकल्याणकारी योजनाक प्रति जागरूक करब छल। एहिअवसर पर कृषि विभागक अधिकारी आ सहायक तकनीकी प्रबंधक सभ किसान सभ कें खेतीक लागत घटेबाक,उत्पादन बढ़ेबाक आ माटिक उर्वरता बनौने रखबाक उपाय बतौलनि। मुख्य प्रशिक्षक सहायक तकनीकी प्रबंधक इंद्रजीत गौरव प्राकृतिक खेती, संतुलित उर्वरक उपयोग आ माटिक स्वास्थ्य संरक्षण पर जानकारी देलनि। ओ कहलनि जे रासायनिक खादक अत्यधिक आ असंतुलित उपयोग सं माटिक उर्वरता प्रभावित होइत अछि। एहि लेल किसान सभ कें प्राकृतिक खेती अपनाबय आ जीवामृत सन जैविक विकल्पक उपयोग करबाक चाही। ओ माटिकजांच कराकए रिपोर्टक आधार पर आवश्यक पोषक तत्व आ खादक संतुलित उपयोग करबाक सलाह देलनि। संगहिड्रोनक माध्यम सं फसल पर दवाइ आ खादक छिड़कावक लाभ बतौलनि। एहि तकनीक सं कम समय मे पैघ क्षेत्र मेसमान रूप सं छिड़काव संभव अछि आ श्रम तथा लागत दुनू बचैत अछि। सहायक तकनीकी प्रबंधक अमरदीप शर्माआगामी रबी मौसिमक तैयारीक संदर्भ मे जीरो टिलेज विधि सं खेती आ बीज उपचारक महत्व बुझौलनि। ओ कहलनिजे जीरो टिलेज मशीन सं पारंपरिक जुताई केने बिना सीधा बुआई कयल जा सकैत अछि। एहि विधि सं समय, डीजलआ मजदूरीक बचत होइत अछि। बुआई सं पहिने बीज उपचार करब आवश्यक अछि, जाहि सं शुरुआती अवस्था मेफसल कें रोग आ कीट सं बचाओल जा सकैत अछि।एहि क्रम मे कृषि समन्वयक संजीत राम कृषि विभागक विभिन्न योजनाक जानकारी देलनि। ओ रबी फसलक लेल अनुदानित दर पर बीज उपलब्ध करयबाक प्रक्रिया, आवेदन आ विभागीय दिशा-निर्देश बतौलनि। किसान सभ केंबिहार कृषि मोबाइल ऐप डाउनलोड कए ऑनलाइन आवेदन सहित विभिन्न कृषि सेवा घर बैसले प्राप्त करबाकजानकारी देलनि। संगहि पक्का वर्मी कंपोस्ट इकाइक निर्माण पर सरकारी अनुदान तथा कृषि यंत्र पर भेटयवलासब्सिडीक प्रक्रिया सेहो बुझौलनि। कार्यक्रम मे किसान सभ सं आधुनिक तकनीक अपनाबय, माटिक उर्वरता बनौनेरखय आ सरकारी योजनाक बेसी सं बेसी लाभ उठेबाक अपील कयल गेल। चौपाल मे स्थानीय जनप्रतिनिधि, किसानसलाहकार रंजीत कुमार सहित पैघ संख्या मे किसान उपस्थित छलाह।

दरभंगा मे औषधीय गाछक क्लस्टर आधारित खेती कें भेटत बढ़ावा

» जादवपुर विश्वविद्यालयक विशेषज्ञ टीम करत सर्वेक्षण, किसानक आमदनी आ रोजगार बढ़ेबाक पहल

दरभंगा, समदिया



भारत सरकारक आयुष मंत्रालयक अधीन राष्ट्रीय औषधीय पादप बोर्ड दरभंगा जिला मे केंद्रीय क्षेत्र योजनाक अंतर्गत एकीकृत औषधीय पादप विकास परियोजना कें सैद्धांतिक सहमति प्रदान कयने अछि। एहि परियोजनाक अंतर्गतशीघ्रे जादवपुर विश्वविद्यालय, कोलकाताक विशेषज्ञ टीम जिलाक दौरा कए औषधीय पौधक क्लस्टर आधारितखेतीक विस्तृत कार्ययोजना तैयार करत। स्थानीय सांसद सह लोकसभा मे भाजपा सचेतक डॉ. गोपाल जी ठाकुरबतौलनि जे राष्ट्रीय औषधीय पादप बोर्डक सीईओ डॉ. महेश कुमार दाधीचक निर्देश पर जादवपुर विश्वविद्यालयक पूर्वी क्षेत्रीय सुविधा केंद्र एहि दिशा मे पहल शुरू कय देने अछि। विशेषज्ञ टीम जिलाक विभिन्न प्रखंड मे स्थलीयसर्वेक्षण कए किसान सभ सं संवाद करत आ माटि, जलवायु आ जलसंसाधनक अनुकूल फसलसभक पहचान करत।ओ बतौलनि जे कालमेघ, अश्वगंधा, शतावरी, सर्पगंधा, तुलसी, गिलोय, पिपली, ब्राह्मी आ लेमनग्रासक खेती केंप्रोत्साहित कयल जायत। परियोजनाक अंतर्गत उन्नत नर्सरी, प्रसंस्करण, ग्रेडिंग, पैकेजिंग आ विपणनक सुविधाविकसित करबाक योजना अछि। डॉ. ठाकुर कहलनि जे एहि पहल सं किसानसभक आमदनी बढ़बाक संगहि युवा,महिला आ कृषक उत्पादक संगठनसभक लेल रोजगार आ स्वरोजगारक नव अवसर सृजित होयत।

किसना ज्वेलरीक दोसर स्कूटी लकी ड्रॉ मे अक्षय बैरोलिया बनलाह विजेता



दरभंगा, समदिया

शहरक मिर्जापुर, स्टेशन रोड स्थित किसना डायमंड एंड गोल्ड ज्वेलरी शोरूम मे दोसर स्कूटी लकी ड्रॉक आयोजन कयल गेल। ग्राहकसभक उपस्थिति मे एकटा छोट बच्चाक हाथ सं लकी ड्रॉक कूपन निकलाओल गेल, जाहि मे अक्षयबैरोलिया कें विजेता घोषित कयल गेल। स्टोर मैनेजर विकास विजेताक नामक घोषणा केलनि, जखन कि फ्रेंचाइजीपार्टनर संतोष सिंह हुनका स्कूटीक चाबी सौंपलनि। एहि अवसर पर संतोष सिंह बतौलनि जे शोरूम मे हीरा आसोनाक गहनाक खरीदारी पर ग्राहक सभ कें लकी ड्रॉक कूपन देल जाइत अछि। दोसर स्कूटीक ड्रॉ संपन्न भए चुकल अछि, जखन कि मेगा ड्रॉ मे कार जीतेबाक मौका दिसंबर मासक मध्य भेटत। ओ बतौलनि जे शोरूम मे ग्राहक सभ कें गहना सभ पर आकर्षक ऑफर आ उपहार देल जा रहल अछि। धनतेरसक अवसर पर चानीक सिक्काक विशेष रेंजसेहो उपलब्ध अछि। ओ शुद्ध गहना आ कम मेकिंग चार्ज पर आभूषण उपलब्ध करयबाक बात कहलनि। ओ ईहोजानकारी देलनि जे किसनाक दिस सं प्रत्येक खरीदारी पर एकटा गाछ लगेबाक आ एकटा जरूरतमंद व्यक्ति केंभोजन उपलब्ध करयबाक पहल कयल जाइत अछि। एहि अवसर पर पैघ संख्या मे ग्राहक आ गणमान्य लोकउपस्थित छलाह।

गुरु गौरव सम्मान सं सम्मानित भेलाह एरौत विद्यालयक शिक्षक अरबिंद कुमार, रोसड़ाक बढ़ौलनि मान



रोसड़ा, समदिया

रोसड़ा प्रखंडक +2 उच्च विद्यालय एरौत मे कार्यरत मनोविज्ञान शिक्षक अरबिंद कुमार कें गुरु गौरव सम्मान संसम्मानित कयल गेलनि। हुनका एहि उपलब्धि पर एरौत सहित पूरा रोसड़ा क्षेत्र मे खुशी आ गर्वक माहौल अछि।जानकारीक अनुसार, 1 नवंबर कें बिहार विश्वविद्यालयक सीनेट हॉल मे आयोजित टीएफएम संकल्प सह सम्मानसमारोह मे हुनका ई सम्मान प्रदान कयल गेलनि। समारोह मे बिहार विश्वविद्यालयक कुलपति डॉ. दिनेश चंद्र राय,डॉ. केसी सिन्हा आ पटना के प्रसिद्ध कोचिंग संचालक गुरु रहमान संयुक्त रूप सं अरबिंद कुमार कें सम्मानित कयलनि। शिक्षा क्षेत्र मे हुनकर योगदान आ शिक्षण कार्यक प्रति समर्पण लेल ई सम्मान देल गेलनि। हुनकर एहिउपलब्धि सं विद्यालय परिवार, सहकर्मी शिक्षक, विद्यार्थी आ शुभचिंतक सभ मे हर्ष अछि। स्थानीय लोक सभ एहिउपलब्धि कें एरौत आ रोसड़ा लेल गौरवपूर्ण बतबैत अरबिंद कुमार कें बधाई देलनि। लोक सभक कहब अछि जे एहितरहक सम्मान सं शिक्षक सभक मनोबल बढ़ैत अछि आ समाज मे शिक्षाक प्रति सकारात्मक संदेश जाइत अछि।

दादपट्टी मे भूमि सर्वेक्षणक काज तेज, खेत पर पहुंचि अमीन कए रहल छथि मापी

» भोर 9 बजे सं खेसरा संख्या 539 सं 687 धरि होयत सर्वेक्षण, संबंधित रैयत सभ सं खेत पर उपस्थित रहबाक अपील

तारडीह , समदिया

बैका पंचायतक दादपट्टी मौजा मे विशेष भूमि सर्वेक्षणक काज मे तेजी देखल जा रहल अछि। अमीन सुमित कुमारलगातार क्षेत्र मे सक्रिय रहि भोर 9 बजे सं खेत पर पहुंचि संबंधित रैयत सभ सं सीधा संपर्क कए सर्वेक्षण आ जमीनकमापी कए रहल छथि।एहि क्रम मे आइ भोर 9 बजे सं खेसरा संख्या 539 सं 687 धरि के जमीनक सर्वेक्षण कयल जायत। संबंधित खेसरा संख्याक अंतर्गत पड़यवला जमीनक रैयत सभ सं निर्धारित समय पर अपन खेत पर उपस्थित रहबाक अपील कयल गेल अछि। अन्य खेसरा संख्याक रैयत सभ कें एखन आबय वा परेशान होयबाक आवश्यकता नहि अछि। आगूक सर्वेक्षण कार्यक्रमक सूचना सेहो एहि तरहें देल जायत। लगातार खेत पर पहुंचि सर्वेक्षण कयल जेबाक प्रक्रिया भूमि अभिलेखक अद्यतीकरणक काज कें गति दए रहल अछि। रैयत सभ सं आग्रह कयल गेल अछि जे ओ अपन जमीन सं संबंधित उपलब्ध कागजात, खेसरा संख्या आ अन्य आवश्यक विवरण संग राखथि, जाहि सं सर्वेक्षणक दौरानकोनो असुविधा नहि हो।

महावीरी झंडा मे श्रद्धालुक सेवा लेल आगू अयलाह समाजसेवी, जगह-जगह कयलनि शरबत-पानिक व्यवस्था

सीतामढ़ी, समदिया





भुतही महावीरी झंडाक अवसर पर श्रद्धा आ उत्साहक संग सामाजिक सेवाक अनुपम उदाहरण सेहो देखय लेलभेटल। झंडा जुलूस मे शामिल श्रद्धालु सभक सुविधा आ गर्मी सं राहति देबाक लेल विभिन्न स्थान पर शरबत-पानिक व्यवस्था कयल गेल। एहि सेवा कार्य मे स्थानीय जनप्रतिनिधि आ समाजसेवी सभ बढ़ि-चढ़ि कए हिस्सालेलनि। एहि क्रम मे कचोर पंचायतक मुखिया रंजू देवी फूलकाहां मोड़ पर श्रद्धालु सभक लेल शरबत-पानिक व्यवस्था कयलनि। ओतहि फतहपुर मे सेवानिवृत्त शिक्षक राजकिशोर राउतक तरफ सं सेहो श्रद्धालु सभक लेलशरबतक प्रबंध कयल गेल छल। महावीरी झंडा जुलूस मे दूर-दराजक गाम सभ सं पैघ संख्या मे श्रद्धालु शामिल भेलछलाह। जुलूसक दौरान शरबत ग्रहण कए श्रद्धालु सभ एहि सेवा कार्यक सराहना कयलनि। समाजसेवी आ स्थानीयजनप्रतिनिधि सभक एहि पहल सं धार्मिक आयोजनक संग सामाजिक सहयोग आ आपसी सद्भावक संदेश सेहो देलगेल। श्रद्धालु सभक सेवा लेल कयल गेल एहि तरहक व्यवस्था लोक सभक बीच प्रशंसाक विषय बनल रहल।

वर्ल्ड पीस हार्मोनी यूथ विंगक राष्ट्रीय अध्यक्षक सामाजिक काजक कयलनि सराहना

सांसद देलनि हमजा सैफी कें आशीर्वाद, कहलनि आगू भेटत पैघ जिम्मेदारी

अररिया, समदिया



भाजपा सांसद प्रदीप कुमार सिंह वर्ल्ड पीस हार्मोनी यूथ विंगक राष्ट्रीय अध्यक्ष हमजा सैफीक सामाजिक काजकसराहना करैत हुनका अपन भतीजा बतौलनि आ उज्ज्वल भविष्यक आशीर्वाद देलनि। ओ कहलनि जे हमजा सैफीवर्ल्ड पीस हार्मोनीक चेयरमैन हाजी (डॉ.) शकील सैफीक छोट पुत्र छथि। हुनकर पिता देश आ समाज मे अपन अलगपहचान बनौने छथि। उम्मीद अछि जे हमजा सेहो जनसेवाक क्षेत्र मे एही तरहें अपन पहचान बनौताह। सांसद प्रदीप कुमार सिंह कहलनि जे हमजा सैफी कें हुनकर पूरा आशीर्वाद आ शुभकामना अछि। ओ स्वस्थ आ प्रसन्न रहथि तथानिरंतर जनताक सेवा करैत रहथि। सांसद भरोसा जतौलनि जे आबयवला समय मे हमजा सैफी कें पैघ जिम्मेदारीभेटतनि। समाज आ देशक सेवा संग राजनीति मे सेहो ओ सक्रिय भूमिका निभौताह। प्रदीप कुमार सिंह कहलनि जेहमजा सैफी सन युवा सामाजिक कार्यकर्ता सभ कें आगू बढ़यबाक लेल सभक सहयोग आवश्यक अछि। ओ हुनकर उज्ज्वल भविष्यक कामना करैत हरसंभव सहयोगक भरोसो देलनि।

37 वर्षीय अजित मंडलक अनचोके निधन सं पत्नी, बच्चा आ वृद्ध माता-पिता पर टूटल दुखक पहाड़

स्वच्छता कर्मीक मृत्यु सं परिवार पर टूटल दुखक पहाड़, गाम मे पसरल सन्नाटा

शिवाजीनगर , समदिया



शिवाजीनगर प्रखंड अंतर्गत रहियार उत्तर पंचायतक वार्ड 8 मे सोमदिन एकटा स्वच्छता कर्मीक अनचोके मृत्यु सं पूरा गाम मे शोकक लहर दौड़ि गेल। 37 वर्षीय अजित मंडलक असामयिक निधन सं परिवार पर दुखक पहाड़ टूटि पड़लअछि। घटनाक बाद सं घर मे मातमी सन्नाटा पसरल अछि। पत्नी, बच्चा आ माता-पिताक रोइ-रोइ बुरा हाल अछि।गामक लोक सेहो एहि दुखद घटना सं मर्माहत छथि। मृतकक पहचान रहियार उत्तर वार्ड 8 निवासी कैरकुन मंडलक37 वर्षीय पुत्र अजित मंडलक रूप मे कयल गेल अछि। बताओल जाइत अछि जे सोमदिन अनचोके हुनकर पेट मे तेज दर्द होमय लागल। दर्द बढ़लापर परिजन हुनका इलाज लेल चिकित्सक लग लए गेलाह। मुदा जांचक बाद चिकित्सकहुनका मृत घोषित कए देलनि। अजितक अनचोके मृत्युक खबर भेटिते परिवारक सदस्य सभ पर दुखक पहाड़ टूटिपड़ल। जाहि घर मे किछु समय पहिने धरि सामान्य दिनचर्या चलैत छल, ओतहि देखिते-देखिते चीख-पुकार मचिगेल। अजित मंडल अपन परिवारक एकमात्र मुख्य कमाउ सदस्य छलाह। परिवारक भरण-पोषणक जिम्मेदारी हुनकेकन्हा पर छलनि। हुनकर निधन सं पत्नी पर बच्चासभक परवरिश आ परिवार चलयबाक पैघ चिंता आबि गेल अछि।मृतक अपन पाछू 2 पुत्र, 1 पुत्री, पत्नी आ माता-पिता कें छोड़ि गेलाह। पिताक असामयिक मृत्यु सं मासूमबच्चासभक माथ सं स्नेह आ सहाराक छाया उठि गेल। ओतहि पत्नी आ वृद्ध माता-पिताक विलाप सुनि आसपासकलोकसभक आंखि सेहो नम भए गेल। घटनाक जानकारी भेटलापर पंचायतक मुखिया धर्मेंद्र कुमार मंडल पीड़ितपरिवारक घर पहुंचलाह। ओ शोकाकुल परिजन सभ कें सांत्वना देलनि आ एहि दुखक घड़ी मे धैर्य बनौने रहबाक अपील केलनि। गामक अन्य लोक सेहो परिवार कें ढाढ़स बंधेबाक लेल पहुंचि रहल छथि। अजित मंडलक असामयिकमृत्यु सं मात्र परिवार नहि, बल्कि पूरा गाम मे शोकक माहौल अछि। सभ लोक एहि दुखद घटनापर अपन संवेदना व्यक्त कए रहल छथि

5 नवंबरक पदयात्राक सफलता लेल भाजपा नगर विधानसभा क्षेत्रक बैठक

मंडल सं बूथ स्तर धरि जनसंपर्क अभियान तेज करबाक आह्वान

दरभंगा, समदिया



आगामी 5 नवंबर कें लहेरियासराय स्थित पोलो मैदान (धरना स्थल) पर आयोजित होमयवला लोकतंत्र बचाउ, अराजकता हटाउ कार्यक्रमक सफलता कें लए दरभंगा नगर विधानसभा क्षेत्रक प्रमुख भाजपा कार्यकर्तासभक बैठकभेल। बैठक कें संबोधित करैत भाजपा दरभंगा पश्चिमीक जिलाध्यक्ष प्रो. आदित्य नारायण मन्ना पार्टी पदाधिकारीआ कार्यकर्तासभक संग कार्यक्रमक तैयारीक समीक्षा केलनि। ओ सभ कार्यकर्ता सं संगठनात्मक जिम्मेदारीकनिर्वहन पूरा निष्ठा आ सक्रियताक संग करबाक आह्वान केलनि। ओ कहलनि जे भाजपा लोकतांत्रिक मूल्यक प्रतिसमर्पित संगठन अछि। लोकतंत्रक गरिमा, संवैधानिक संस्थासभक सम्मान आ जनहितक मुद्दा कें मजबूती संउठायब पार्टीक प्राथमिकता रहल अछि। आगामी 5 नवंबरक कार्यक्रम एहि उद्देश्य सभ कें लए आयोजित कयल जारहल अछि, जाहि मे केंद्रीय आ प्रदेश स्तरक वरिष्ठ नेतासभक उपस्थिति रहतनि। जिलाध्यक्ष कहलनि जेकार्यक्रमक सफलता मे प्रत्येक कार्यकर्ताक महत्वपूर्ण भूमिका अछि। एहि लेल नगर विधानसभा क्षेत्रक सभ मंडल,शक्ति केंद्र आ बूथ स्तर धरि कार्यकर्ता सं संपर्क स्थापित कए आम लोकसभक बीच कार्यक्रमक संदेश पहुंचयबाकजरूरत अछि। ओ जनसंपर्क अभियान कें गति देबाक आ बेसी सं बेसी कार्यकर्ता आ आम नागरिकक भागीदारीसुनिश्चित करबाक अपील केलनि। प्रो. मन्ना विश्वास व्यक्त केलनि जे नगर विधानसभा क्षेत्रक कार्यकर्तासभकसक्रियता आ संगठनात्मक एकजुटता सं कार्यक्रम सफल होयत।बैठक मे जिला उपाध्यक्ष राजू तिवारी, अभयानंद झा, सोनी पूर्वे, जिला महामंत्री संतोष पोद्दार, सुजीत मल्लिक,विधानसभा प्रभारी मुकुंद चौधरी, जिला मंत्री बालेंदु झा, जिला कोषाध्यक्ष बबलू पंजियार, मंडल अध्यक्ष रतन पासवान, रमेश शाह, पिंटू भंडारी, संगीत शाह आ श्रवण कुमार महतो सहित सभ मंडल प्रभारी आ शक्ति केंद्र प्रमुख उपस्थित छलाह।

कोडरमा घाटी मे 15 घंटा सं महाजाम, 20 किलोमीटर धरि लागल वाहनक लाइन

कोडरमा,समदिया



कोडरमा जिला मे रांची-पटना मुख्य सड़क पर स्थित कोडरमा घाटी मे भीषण जाम लागल अछि। मंगलदिन सांझ सं शुरू भेल जाम करीब 15 घंटा बीतलाक बादो पूरा तरह नहि हटि सकल छल। घाटी मे जमसोती नाला लग एक के बाद एक चारि वाहन खराब भेला सं यातायात व्यवस्था पूरा तरहे चरमरा गेल। देखिते-देखिते सड़ककदुनू कात वाहनक लंबा कतार लागि गेल। कोडरमा थर्मल पावर प्लांट सं ऐश लादि कए निकलल एकटा वुलगर ट्रक सभ सं पहिने खराब भेल छल। एकर बाद तीनटा आन वाहन खराब भेला सं स्थिति आओर गंभीर भए गेल। घाटी मे वाहनक आवाजाही बाधित रहबाक कारण रांची-पटना मार्ग पर यात्रा करय बला यात्री सभ कें भारी परेशानी भए रहल अछि।कोडरमा बाजार सं रजौली धरि वाहनक लंबा कतार जामक दायरा लगातार बढ़ैत गेल। स्थिति ई अछि जे एक दिस कोडरमा घाटी सं करीब 15 किलोमीटर दूर कोडरमाबाजार धरि वाहनक कतार लागल अछि, जखनकि दोसर दिस बिहारक रजौली धरि वाहन सड़क पर फंसल अछि।दुनू दिस मिला कए जामक लंबाइ करीब 20 किलोमीटर सं बेसी बताओल जा रहल अछि। यात्री बस, निजी कार, मालवाहक ट्रक आ आन वाहन मे सवार लोक घंटों सं फंसल छथि। कतेको यात्री कें अपनगंतव्य तक पहुंचय मे देरी भए रहल अछि। जामक कारण पुलिस टीम कें सेहो घटनास्थल पर पहुंचय मे बहुत परेशानी भेल। यात्रीसभक परेशानी कें देखैत कोडरमा पुलिस देर रात राहति सामग्री सेहो वितरित कएलक।बिहार आ झारखंड जाए बला वाहनक मार्ग बदलल गेलघाटी मे जामक गंभीर स्थिति कें देखैत कतेको वाहन कें वैकल्पिक रास्ता सं भेजल जा रहल अछि। बिहार दिस संझारखंड आबय बला वाहन सभ कें नवादा जिला के अकबरपुर सं सतगावां होइत डायवर्ट कएल गेल अछि। ओतहि,झारखंड सं बिहार जाए बला कतेको वाहन कें बरही सं गया होइत पठाओल जा रहल अछि।हालांकि, वैकल्पिक मार्गक सहारा लेबाक बादो यात्री सभ कें परेशानी झेलय पड़ि रहल अछि। देर रात पुलिस क्रेनक मदति सं खराब ट्रक कें सड़कक कात हटौलक, जाहि के बाद एक दिस सं धीरे-धीरे यातायात शुरू करबाक प्रयासकएल गेल। मुदा आन वाहन सभ खराब रहबाक कारण जाम फेर गंभीर भए गेल। पुलिसक मशक्कत जारी, सड़कक बदहाल स्थिति पर उठल सवालथाना प्रभारी अरविंद कुमारक अनुसार, पुलिस टीम रातिए सं जाम हटेबा मे जुटल अछि। खराब वाहन सभ केंसड़कक कात कए यातायात सामान्य करबाक प्रयास कएल जा रहल अछि। कोडरमा घाटी मे सड़कक बदहालस्थिति के कारण अक्सर वाहन खराब होइत अछि आ जामक समस्या उत्पन्न होइत अछि। स्थानीय लोक सभ बहुत दिन सं सड़क मरम्मतिक मांग कए रहल छथि। हुनकर कहब अछि जे सड़कक स्थितिसुधारने बिना घाटी मे जामक समस्या सं स्थायी राहति भेटब मुश्किल अछि। फिलहाल, यात्री सभ एहि प्रतीक्षा मे छथि जे रांची-पटना मुख्य मार्ग पर यातायात कहिया पूरा तरह सामान्य भए पायत।

मैथिली साहित्यिक संस्था साहित्यलोक कयलक मासिक रचनागोष्ठीक आयोजन

बोकारो,समदिया



समदिया प्रखर मैथिली साहित्यिक संस्था साहित्यलोकक मासिक रचनागोष्ठी वरिष्ठ साहित्यकार बुद्धिनाथ झाक चीरा चास स्थित आवास पर भेल। वरिष्ठ साहित्यकार सुख नंदन सिंह सदयके अध्यक्षता आ साहित्यलोक के संयोजक अमन कुमार झाक संचालन मे आयोजित एहि रचनागोष्ठी मेसाहित्यकारसभ सामाजिक सरोकार, पावनि तेहार, हास्य-व्यंग्य, प्रेम आ मानवीय संवेदना सं ओतप्रोतरचनासभ सुनाकय अपन रचनात्मक प्रतिभा सं सभकें प्रभावित कयलनि। रचनागोष्ठीक आरंभ हिमांशुशेखर झा व आराध्या झा द्वारा प्रस्तुत शांति पाठ सं भेल। कवयित्री शैलजा झा हिंदी कविता बाट जोहती रही व मैथिली कविता समुद्रक भेंट, धनंजय कुमार दास समय सं पैघ लड़ाई व हमर प्रसन्नताक राज, अमृता शर्मा पौ बारह शकुनियों के व अब ओ प्यारा गांव कहां है, अमन कुमार झा टीक रखनिहार बाबा खण्ड-2, नीलम झा हिंदी कविता कर्मवीर कौन है यहां वमैथिली कविता कोजगरा पावनि महान., विजय शंकर मल्लिक सुधापति मैथिली कविता विकासोन्मुख नीक विनाशोन्मुख नहि नीक.. व चलू नशापान निर्मूल करी.., डॉ रणजीत कुमार झा संस्कृत छंद वमैथिली कविता कोन जमाना आयल विकट, बुद्धिनाथ झा जय जय श्री नंदलाल व सुख नंदन सिंह सदयमैथिली महाकाव्य ऊं महाभारत के रचयिता महान कवि बुद्धिनाथ झा के व्यक्तित्व के रेखांकित करैतकविता शब्द सुमन व हे अनल सुनाकय सभहक प्रशंसा पओलनि। पठित रचनासभ पर समीक्षा टिप्पणीसुधापति, सदयजी, बुद्धिनाथ झा, शंभु झा, शैलजा झा, अमृता शर्मा, संजय झा आदि देल

युवा सभ कें नेतृत्वक अवसर देब राज्य निर्माणक पहिल डेग : सुदेश महतो

बोकारो,समदिया



बोकारो जिलाक चास स्थित जायका रिजॉर्ट मे युवा आजसू के चंदनकियारी विधानसभा स्तरीय सम्मेलनसह मिलन समारोह आयोजित कएल गेल। कार्यक्रम मे आजसू पार्टीक केंद्रीय अध्यक्ष आ पूर्व उपमुख्यमंत्री सुदेशमहतो मुख्य अतिथिक रूप मे शामिल भेलाह। हुनका संग पूर्व मंत्री रामचंद्र सहीस आ गोमिया के पूर्व विधायक डॉ.लंबोदर महतो विशिष्ट अतिथिक रूप मे उपस्थित छलाह।सभा कें संबोधित करैत सुदेश महतो कहलनि जे आजसू के मुख्य उद्देश्य युवा शक्ति कें नेतृत्व सौंपब, नव सोचकें उचित अवसर देब आ संगठन मे नव ऊर्जा भरब अछि। ओ युवा सभ सं आह्वान करैत कहलनि जे झारखंडक वर्तमान परिस्थिति कें चुनौती देबाक लेल युवा पीढ़ी कें मात्र जिम्मेदारी नहि, बल्कि सीधे नेतृत्वक कमान संभालए पड़त। ओ राज्यक वर्तमान सरकार पर निशाना साधैत युवा सभ सं ओकरा विरुद्ध पूरा मजबूती सं संघर्ष करबाकअपील कएलनि।समारोहक दौरान चंदनकियारी क्षेत्रक दर्जनों युवा सभ आजसू पार्टीक नीति आ सुदेश महतोक नेतृत्व पर आस्थाव्यक्त करैत पार्टीक सदस्यता ग्रहण कएलनि। एहि आयोजन सं क्षेत्र मे संगठन कें आओर मजबूत होयबाक आशाव्यक्त कएल गेल। बैठक मे जयपाल सिंह, काशीनाथ सिंह, संजय मेहता, दुर्गाचरण महतो, बंकिम महतो आ किरीटी महतो सहित पैघ संख्या मे पार्टी पदाधिकारी आ कार्यकर्ता उपस्थित छलाह।

रसोइया सभक दिसंबर सं अनिश्चितकालीन हड़तालक चेतावनी

धालभूमगढ़,समदिया



धालभूमगढ़क नरसिंहगढ़ मे झारखंड प्रदेश विद्यालय रसोइया, संयोजिका आ अध्यक्ष सभक एकटा महत्वपूर्ण बैठक जिला अध्यक्ष सालगे हांसदाक अध्यक्षता मे आयोजित भेल। एहि बैठक मे विद्यालय सभ मे मध्याह्न भोजन बनेबय बाली रसोइया दीदीसभक विभिन्न समस्या पर विस्तार सं चर्चा कएल गेल। संगठन केंमजबूत बनेबाक लेल कतेको महत्वपूर्ण निर्णय लेल गेल। बैठकक दौरान संगठन कें बेसी सक्रिय आ सशक्तबनेबाक लेल सर्वसम्मति सं नव समिति कें पुनर्गठन कएल गेल। एहि मे बनवासी सोरेन कें अध्यक्ष, ललित हांसदाकें सचिव आ शिखा महतो कें कोषाध्यक्ष चुनल गेलीह। बैठक मे विभिन्न विद्यालय सं आयल पैघ संख्या मेरसोइया आ संयोजिका दीदी सभ शामिल भेलीह।रसोइया सभक प्रमुख मांग मे मानदेय 3,000 रुपैया सं बढ़ा कए 20,000 रुपैया करबाक मांग शामिल रहल।बैठकक मुख्य मुद्दा रसोइया सभक कम मानदेय आ शोषण रहल। वक्ता सभ कहलनि जे वर्तमान समय मे महंगाइ चरम पर अछि। एकर बावजूद रसोइया सभ कें मात्र 3,000 रुपैया मानदेय देल जाइत अछि। हुनकर श्रमआ काज करबाक समयक हिसाब सं ई राशि बहुत कम अछि।रसोइया दीदी सभ रोष व्यक्त करैत कहलनि जे सरकारमंईयां सम्मान योजना;क अंतर्गत महिला सभ कें बिना कोनो काज केने 2,500 रुपैया प्रति माह दैत अछि। जखनकि ओ सभ विद्यालय मे भोर 9:00 बजे सं दुपहरिया2:30 बजे धरि कड़ाके के ठंड, गर्मी आ बरखा के परवाह केने बिना बच्चासभक लेल भोजन तैयार करैत छथि।संघ सरकार कें चेतावनी देलक अछि जे जं शीघ्र हुनकर मानदेय 3,000 रुपैया सं बढ़ा कए 20,000 रुपैया नहिकएल गेल, तं ओ सभ आगामी दिसंबर मास सं अनिश्चितकालीन हड़ताल पर जेबाक लेल बाध्य हेतीह। रसोइयासभ स्पष्ट कएलनि जे आब हुनकर धैर्यक सीमा समाप्त भए चुकल अछि आ ओ सभ अपन अधिकारक लड़ाइ लेल सड़क सं लए कए विद्यालय धरि आंदोलन करबाक लेल तैयार छथि।

आईटी आ मैन्युफैक्चरिंग हब बनेबाक पर जोर, युवा सभ कें भेटत रोजगार

बोकारो,समदिया



नेशनल इंडस्ट्रियल एग्जिबिशन कम सेमिनारक आठम संस्करण रवि दिन सेक्टर-1सी स्थित दीक्षा मे एमएसएमई एसोसिएशनक अध्यक्ष शशि भूषणक अध्यक्षता मे आयोजित भेल। एकर उद्घाटन भारत सरकारक सॉफ्टवेयर टेक्नोलॉजी पार्कक डिप्टी डायरेक्टर प्रकाश कुमार कएलनि। ओ कहलनि जे इंजीनियरिंग आ पॉलिटेक्निक संस्थान सभक मजबूत उपस्थिति के कारण बोकारो सॉफ्टवेयर पार्क आ औद्योगिक विकास लेलउपयुक्त स्थान अछि। एहि तरहक आयोजन सं बेरोजगार युवा, तकनीकी छात्र आ महिला उद्यमी सभ लेलरोजगार आ स्वरोजगारक नव अवसर पैदा होयत। ओ बोकारो मे सॉफ्टवेयर पार्कक स्थापना मे भए रहल देरी पर चिंता व्यक्त करैत कहलनि जे एहि दिशा मे तेजी सं काज भेल तं ई क्षेत्र आईटी आ मैन्युफैक्चरिंग हब बनि सकैत अछि। एहि सं हजारो युवा सभ कें स्थानीय स्तर पर रोजगार भेटत आ पलायन पर रोक लागत। एहि अवसर पर सामाजिक योगदान लेल शिक्षाविद् तरसेम सिंह कें नागरिक सम्मान सं सम्मानित कएल गेल। ओकहलनि जे प्रस्तावित औद्योगिक योजना आ सॉफ्टवेयर पार्क कें जमीन पर उतारला सं युवा सभ कें अपनहि क्षेत्रमे नीक रोजगार भेटि सकत। कार्यक्रम मे कतेको महिलाके सेहो सम्मानित कएल गेल। प्रदर्शनी मे गुरु गोविंद सिंह इंजीनियरिंग कॉलेज, गवर्नमेंट पॉलिटेक्निक कुर्थी, चुमेंस गवर्नमेंट पॉलिटेक्निक बालीडीह आ चंदनकियारी इंजीनियरिंग कॉलेजक विद्यार्थी सभ अपन प्रतिभा देखौलनि। प्रदर्शनी मे महिलाउद्यमीसभक स्टॉल आकर्षणक केंद्र रहल। एहि अवसर पर दीक्षा के प्राचार्य उमेश प्रसाद, उप प्राचार्य प्रभात कुमारसिंह, अभिजीत बिट्टू, सूरज कुमार, जयदेव महतो आदि उपस्थित छलाह।

त्रिवेणी कालीबाड़ी मे महाकाली महोत्सव शुरू, 8 नवंबर धरि चलत कार्यक्रम



बोकारो,समदिया

कोऑपरेटिव कॉलोनी स्थित त्रिवेणी कालीबाड़ी मंदिर परिसर मे रवि दिन आठ दिवसीय महाकालीमहोत्सवक शुभारंभ भेल। महोत्सवक उद्घाटन बोकारो स्टील इंप्लाइज कोऑपरेटिव सोसाइटीक सचिव डॉ. कुमारराजदीप कएलनि। महोत्सवक समापन 8 नवंबर के होयत। एहि दौरान आठ दिन धरि विभिन्न धार्मिक आसामाजिक कार्यक्रम आयोजित कएल जायत।महोत्सवक पहिल दिन रवि दिन निःशुल्क चिकित्सा शिविर आ बच्चासभक चित्रकला प्रतियोगिताक आयोजनकएल गेल। चिकित्सा शिविर मे डॉ. समीरन मल्लिक, डॉ. पी. कुमार आ डॉ. मलय समीर लोकनिक स्वास्थ्य जांच कएलनि आ आवश्यक चिकित्सकीय परामर्श देलनि। ओतहि, चित्रकला प्रतियोगिता मे बच्चा सभ अपनरचनात्मक प्रतिभाक प्रदर्शन कएलनि। कार्यक्रम कें सफल बनाबय मे समितिक बीके सिंह, श्यामल मित्रा, आईसी जायसवाल, आरके जायसवाल,अमिताभ कुमार सिंह, दिलीप कुमार, अंजनी कुमार शरण, राजीव रंजन सिंह, जितेंद्र कुमार, सुधांशु मंडल, सुनीलकुमार, राम सिंह, विजय राय, बीबी मोदी, संतोष कुमार, प्रेम रंजन, रोहित तलवार, अनिता बनर्जी, अजंता मित्रासहित आन सदस्य सभ योगदान देलनि।

पंचायत गठनक मांग कें लए ग्रामीण पैदल मार्च कए पहुंचताह विधानसभा



बोकारो,समदिया

बोकारो जिलाक उत्तरी क्षेत्र मे प्रस्तावित छह पंचायतक गठनक मांग कें लए ग्रामीण सभ आंदोलन तेजकरबाक निर्णय लेलनि अछि। पंचायत निर्माण समिति दिस सं ग्राम वास्तेजी स्थित स्कूल परिसर मे बैठक सहजागरूकता अभियान आयोजित कएल गेल। लखीराम मांझीक अध्यक्षता आ संतोष सिंहक संचालन मे भेल बैठकमे वक्ता सभ पंचायत गठनक मांग कें लए एकजुट भए संघर्ष जारी रखबाक संकल्प लेलनि।वक्ता सभ कहलनि जे प्रस्तावित छह पंचायतक गठन एहि क्षेत्रक ग्रामीणसभक जरूरत अछि। एहि लेल बहुत दिनसं आवाज उठाओल जा रहल अछि, मुदा मांग पूरा नहि भेलाक कारण आब आंदोलन कें आओर व्यापक रूप देबाक जरूरत अछि। निर्णय लेल गेल जे आगामी शीतकालीन सत्रक दौरान ग्रामीण सभ पैदल मार्च कए विधानसभा पहुंचताह आ सरकारक समक्ष अपन मांग रखताह।वक्ता सभ स्पष्ट कहलनि जे पंचायत गठन होयबा धरि ई लड़ाइ सड़क सं सदन धरि जारी रहत। बैठक मे वर्तमानमे प्रस्तावित कोलकाता-अमृतसर कॉरिडोर कें लए सेहो ग्रामीण सभ विरोध जतौलनि।

अर्नब चक्रवात बदललक वर्षापातक रिकार्ड, तीन दिन मे बरसल 62.7 मिमी पानि

चाईबासा,समदिया



अर्नब चक्रवातक असर अक्टूबर मासक वर्षाक पूरा आंकड़ा बदलि देलक। मासक शुरुआती तीन सप्ताह धरि बरखा लेल तरसैत रहल जिला मे आखरी तीन दिन जमि कए पानि बरसल। 29 सं 31 अक्टूबरक बीच भेल 62.7 मिलीमीटर बरखा जिलाके सामान्य वर्षापात सं आगू पहुंचा देलक। कृषि विभागक आंकड़ा अनुसार, अक्टूबर मे जिलाक सामान्य वर्षापात 52.3 मिलीमीटर अछि, जखनकि एहि वर्ष वास्तविक वर्षापात 69.6 मिलीमीटर दर्ज कएल गेल। अर्थात पूरा मास मे सामान्य सं 17.3 मिलीमीटर बेसी बरखा भेल, जे करीब 33 प्रतिशत बेसी अछि। वर्षाक सबस बेसी जोर 30 अक्टूबर के रहल। एहि दिन जिला मे 41.7 मिलीमीटर बरखा दर्ज कएल गेल, जे पूराअक्टूबर मासक सर्वाधिक दैनिक वर्षापात अछि। एकर अतिरिक्त 29 अक्टूबर के 11.7 आ 31 अक्टूबर के 9.3मिलीमीटर बरखा भेल। आंकड़ा पर नजरि देल जाए तं अक्टूबर मे भेल कुल वर्षाक करीब 90 प्रतिशत हिस्सा मात्रआखरी तीन दिन मे बरसल। एहि सं पहिने पूरा मास मे वर्षाक गतिविधि बहुत सीमित छल। कृषि विभागकआंकड़ा के मुताबिक, 6 अक्टूबर के एक मिलीमीटर, 7 अक्टूबर के 1.4, 8 अक्टूबर के 4.3 आ 9 अक्टूबर के मात्र0.4 मिलीमीटर बरखा भेल छल। एकरा बाद करीब तीन सप्ताह धरि जिला मे नीक बरखा नहि भेल। किसान धानक कटाइ आ रबी फसिलक तैयारी मे जुटल छलाह। मुदा मासक आखरी दिन मे चक्रवाती प्रभाव सं बदलल मौसिम खेती-किसानीक पूरा समीकरण बदलि देलक। रबी खेती लेल नमी लाभदायक, जलजमाव चुनौती बरखा सं जतय धान उत्पादक किसानसभक परेशानी बढ़ल अछि, ओतहि रबी फसिलक खेती करय बला किसान सभ लेल खेत मे बढ़ल नमी राहति दए सकैत अछि। एहि सं गेहूं, चना, मसूर आ सरिसों जेकां फसिलक बुआइ लेल खेत तैयार करबा मे मदति भेटि सकैत अछि। हालांकि, निचला इलाका सभ मे जलजमाव होयबाक स्थिति बनला सं खेत तैयार करबा आ बुआइ मे देरी सेहो भए सकैत अछि। पाकल फसिल कें नोकसान होयबाक आशंका अक्टूबरक आखरी दिन मे भेल बरखा किसानसभक चिंता बढ़ा देलक अछि। जिलाक कतेको प्रखंड मे धानक फसिल पाकि कए तैयार अछि। किसान कटाइ के तैयारी मे छलाह, जखनकि किछु क्षेत्र मे कटाइ शुरू सेहो भए गेल छल। एहन समय मे लगातार तीन दिन धरि भेल बरखा सं खेत मे नमी बढ़ि गेल अछि। एहि सं धानक कटाइ,खलिहान मे फसिल सुखेबा आ सुरक्षित भंडारणक काज प्रभावित होयबाक आशंका अछि। जे किसान धान काटि कए खेत वा खलिहान मे रखने छथि, हुनका सभ कें सेहो फसिल भीजब आ गुणवत्ता खराब होयबाक चिंता सता रहल अछि।

11 सूत्री मांग कें लए मजदूर संघ निकाललक रैली, कंपनी प्रबंधनक विरुद्ध जतौलक विरोध

मेराल,समदिया



मेराल बाइपास स्थित लोडिंग-अनलोडिंग साइडिंग मे खनिज मिनरल्स मजदूर संघक बैनर तर मजदूरसभक मासिक बैठक आयोजित भेल। बैठक मे मजदूरसभक विभिन्न समस्या आ 11 सूत्री मांग पर विस्तार सं चर्चा कएल गेल। एकर बाद मजदूर सभ अपन मांगक समर्थन मे रैली निकालि कंपनी प्रबंधनक समक्ष विरोधदर्ज करौलनि।रैलीक दौरान मजदूर सभ कांटा घर लग सं डॉल्फिन एलॉयज कंपनीक कार्यालय आ बाइपास साइडिंग धरि मार्चकएलनि। एहि दौरान मजदूर सभ अपन लंबित मांग पूरा करबाक मांग उठौलनि। संघक प्रतिनिधि सभ कहलनि जेमजदूर सभ बहुत दिन सं अपन जायज मांग कें लए आवाज उठा रहल छथि, मुदा एखन धरि हुनकर समस्याकसंतोषजनक समाधान नहि भए सकल अछि। संघक दिस सं बताओल गेल जे मजदूरसभक 11 सूत्री मांग कें लए पहिनो कंपनी प्रबंधन कें 16 अक्टूबर 2026 आ22 अक्टूबर 2026 के मांगपत्र सौंपल गेल छल। एकर बावजूद मांग पर अपेक्षित पहल नहि होयबाक कारण मजदूरसभ मे नाराजगी अछि। बैठक मे मजदूर सभ एकजुट भए अपन अधिकार आ मांगक लेल संघर्ष जारी रखबाकसंकल्प लेलनि।संघक पदाधिकारी सभ कहलनि जे मजदूरसभक समस्याक समाधान करब कंपनी प्रबंधनक जिम्मेदारी अछि। जं मांग पर गंभीरता सं विचार नहि कएल गेल तं आंदोलन आगू आओर तेज कएल जायत। एहि अवसर पर संघकमहामंत्री विश्वनाथ यादव, मनोज राम, उपेंद्र यादव, बृजदेव सिंह, उदयकांत राम, वर्धन यादव, रईस अंसारी सहित आन मजदूर आ संघक सदस्य उपस्थित छलाह।

गांधी शिल्प बाजारक गयाजी मे शुभारंभ हस्तशिल्पक प्रदर्शनी आ बिक्री शुरू

गयाजी, समदिया

गयाजीक आजाद पार्क मे गांधी शिल्प बाजार शुरू भेल। ई बाजार 7 नवंबर तक चलत। एतय विभिन्न राज्य सभ सं आयल कारीगर 40 स्टॉल लगौने छथि। भारत सरकारक वस्त्र मंत्रालयक प्रायोजन आ भोजपुरक आसरा सेवा केंद्रक सौजन्य सं एहि बाजारक आयोजन कयल गेल अछि। फीता काटि एकर उद्घाटन कयल गेल। एकरा संगहि हस्तनिर्मित उत्पादक प्रदर्शनी आ बिक्री शुरू भए गेल। स्टॉल सभ पर कुर्ती, बेडशीट, चादर, गमछा, लहठी, चूड़ी, खिलौना, मधुबनी पेंटिंग बला साड़ी आ शॉल राखल गेल अछि। सजावटी सामान आ श्रृंगार सामग्री सेहो उपलब्ध अछि।

